РЦИ-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД

**Гугкаты Людмилæ**

# МУЗЫКАЛОН КУРДИАТЫ РÆЗТЫЛ КУЫСТ

РÆВДАУÆНДÆТТЫ ХИСТÆР КЪОРД
(5–6-АЗДЗЫДТÆ)

МЕТОДИКОН ÆХХУЫСЫ ЧИНЫГ
(АХУЫРТЫ КОНСПЕКТТÆ)

*Уагъд æрцыдис Уæрæсейы Федерацийы*
*Ахуырад æмæ наукæйы министрады барлæвæрдæй*

Дзæуджыхъæу

2012

Учебно-методический комплекс подготовлен на кафедре ЮНЕСКО Северо-Осетинского государственного педагогического института в рамках проекта Федеральной целевой программы развития образования «Развитие учебно-методической и кадровой базы по формированию российской гражданской идентичности в условиях поликультурного образования».

*Авторы проекта* – Р. С. Бзаров, Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева, А. А. Левитская
*Руководители проекта* – Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева

ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

**74.268**

**Гугкаева Л. К.**
Развитие музыкальных способностей: методическое пособие (конспект занятий). – Владикавказ: Издательство СОГПИ, 2012. – 142 с.

**74.268.1**

© СОГПИ, 2012
© Гугкаева Л. К., 2012

Ацы методикон æрмæг арæзт æрцыд ЦИППИ-йы ЮНЕСКО-йы кафедрæйы кусджыты хъаруйæ. Методикон æрмæг дзуапп дæтты «Ирон националон ахуырады концепцийы» принципты домæнтæн. Конспекттæ арæзт сты Л. А. Парамоновайы бæрнон редакцигонд «Рæвдауæндæтты сывæллæтты хъомылады, ахуырады æмæ райрæзынады иумæйаг ахуырады дæнцæгон программæ»-йы бындурыл. Уыцы программæ æвдисы рæвдауæндæтты ахуырадон процессы бындурон мидис æмæ бар дæтты, йæ реализацигæнгæйæ, вариантта æвзарынæн.

Йæ равзæрст баст у, дыууæ æвзагæй цы рæвдауæндæтты пайда кæнынц, уыдоны архайды хатдзæгтæ дзы æвдыст кæй сты, уымæ гæсгæ. Программæ арæзт цыд куыд регионалон æмæ хицæн авторты методикон куыстыты бындур æмæ уымæ гæсгæ хуыйны «Дæнцæгон». Лæвæрд конспектты националон-регионалон компонент рæвдауæндæтты ахуырадон тыгъдады ахсы æххæст бæрнон бынат сывæллоны ахуыры æмæ райрæзынады.

Рæвдауæндæтты иумæйаг ахуырадон тыгъдад саразыны тыххæй арæзт æрцыд иумæйаг перспективон-тематикон пълан. Тематикон иудзинад бæрæг дары ахуырты æппæт хуызты дæр æмæ æндæр режимон процессты дæр. Æппæт ахуырты организацион формæ дæр у дæлкъордон – сывæллоны сæрибар архайды бындурыл арæзт.

Сабиты ахуыр кæныны сæйраг метод у дидактикон хъазт.

Алы темæйыл куыст дæр райдайы, къуырийы райдиан арæзт чи цæуы, алфамбылай дунеимæ зонгæ кæныны уыцы ахуыртæй. Уый фæстæ, иннæ ахуырадон æмæ хъомыладон куысты хуызты фæлгæты, арфдæр æмæ уæрæхдæргонд цæуынц темæмæ хауæг æмбарынæдтæ.

Авторы ис ныфс йæ коллегæтимæ коллективон æмгуыстадæй æмæ курæг у, цæмæй ацы методикон æрмæджы тыххæй сæ фæндæттæ æмæ фиппаинæгтæ

ærвитой ахæм адрисыл: 362003, Дзæуджыхъæу, К. Марксы уынг, 36 ЦИППИ, ЮНЕСКО-йы кафедрæ.

Телефон: (8672) 53-89-73

## Хистæр къорды ахуырты бæлвырд архайды пълан

| № | Ахуыры сæр | I вариант (ах/къ.) | II вариант (ах/къ.) |
|---|---|---|---|
| 1 | Хуымæтæг математикон æмбарынæдты фæдыл куыст | 1 | 1 |
| 2 | Ирон ныхасы рæзт | 3 | 1 |
| 3 | Уырыссаг ныхасы рæзт | 2 | 1 |
| 4 | Алфамбылай дунеимæ базонгæ кæнын | 1 | 1 |
| 5 | Музыкалон аивад | 2 | 2 |
| 6 | Ныв кæныны аивад | 2 | 2 |
| | **Æдæппæтæй** | **11** | **9** |

## Хистæр къорды ахуырты темæтæ

| № | Темæйы сæр | Ахуырты нымæц |
|---|---|---|
| 1–2 | Мæ бинонтæ | 1 |
| 3–4 | Фæнды мæ алцы зонын | 1 |
| 5–6 | Мæ райгуырæн бæстыхай | 1 |
| 7–8 | Мæ бæстæ | 1 |
| 9–12 | Фæззæг | 2 |
| 13–14 | Зайæгойты дуне | 1 |
| 15–16 | Цæрæгойты дуне | 1 |
| 17–18 | Доны бын дуне | 1 |
| 19–20 | Æрдз – нæ хæдзар | 1 |
| 21–22 | Æз æмæ мæ буар | 1 |
| 23–24 | Музыкалон жанртæ | 1 |
| 25–26 | Музыкæйы динамикон фæлгъуызтæ | 1 |
| 27–30 | Зымæг | 1 |
| 31–32 | Националон дарæс | 1 |
| 33–34 | Транспорт | 2 |
| 35–36 | Дæсныйæдты дуне | 1 |
| 37–38 | Спорт | 1 |
| 39–40 | Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ | 1 |
| 41–44 | Уалдзæг | 2 |
| 45–46 | Дæхи хъахъхъæн – фыдбылыз! | 1 |
| 47–48 | Зонджын машинæтæ | 1 |
| 49–50 | Космос | 1 |
| 51–52 | Мæргътæ | 1 |
| 53–54 | Сасчытæ | 1 |
| 55–56 | Уæлахизы Бон | 1 |
| 57–58 | Театр, кино | 1 |
| 59–60 | Æгас цæуай, сæрд! | 1 |

## Хистæр къорды музыкæйы ахуырты перспективон пълан

| Мæй | Архайды хуыз | Ахуыры темæ, нымæц, | Нысан | Репертуар |
|---|---|---|---|---|
| **Сентябрь** | Музыкæмæ хъусын, фæлтæрæнтæ (музыкалон æвзыгъддзинад æмæ хъæлæсы рæстæн), зарын, музыкалон-ритмикон змæлдтытæ (фæлтæрæнтæ, кæфтытæ, хъæзтытæ, кафыны-хъазыны сфæлдыстад). | «Мæ бинонтæ». (12 ах.)<br>«Фæнды мæ алцы зонын». (12 ах.) | Дарддæр рæзын кæнын сабиты эстетикон æнкъарынад, музыкæмæ сæ цымыдис кæнын. Æмбарынад «вокалон музыкæ» сын бацамонын. Зарыныл сæ фæцалх кæнын. Сæ хъус музыкæйы зæлты уаг куыд ахса, ууыл архайын. Амонын сын зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ иртасын æмæ барын, музыкæйы зæлтæм гæсгæ аив змæлдтытæ кæнын. Тыгъдады ориентаци кæныныл сæ фæцалх кæнын, се сфæлдыстадон хъæппæрисы рæзтыл сын архайын. Рæзын кæнын сабиты музыкалон æнкъарынад, хъусдард æмæ фæлгæнæн. Арфдæр сын кæнын сæ уарзондзинад хиуæттæ æмæ хæстæджытæм. Гуырын сæм кæнын алы жанрты музыкæмæ цымыдисдзинад. | Репертуар:<br>М. Робер. «Марш»:<br>Цыбырты Д.. «Хур».<br>Л. Гавришева. «Что такое семья».<br>А. Филиппенко. «Мы на луг ходили».<br>Хуытъиаты Б. «Мады зарæг».<br>Е. Тиличеева. «Бубенчики».<br>Бетховен. «Весело-грустно».<br>В. Шаинский. «Ужасно интересно всё то, что неизвестно».<br>Моргуаты Ю. «Марш».<br>Сечъынаты А. «Салам».<br>«Къæйттæй кафт», чех. ад. мел. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Октябрь** | | «Мæ райгуырæн бæстыхай» (2 ах.) «Мæ бæстæ» (2 ах.). «Фæззæг» (4 ах.). | Сабитæн амонын симфонион оркестры уадынгæрзты алыхуызон тембртæ хъусын æмæ иртасын. Цымыдис сæ кæнын вокалон музыкæмæ. Бæрзонд æмæ ныллæг зæлты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын. Дарддæр рæзын кæнын сабиты эмоционалон æнкъарынад, ахуыр сæ кæнын иумæ (хоровое) æмæ иугæйттæй (сольное) зард иртасын зонын. Домын сæ, цæмæй сыгъдæг интонацийæ зарой, иумæ заргæйæ. Ритммæ гæсгæ змæлдтытæ кæнынмæ куыд арæхсой, ууыл архайын. Рæзын сын кæнын се сфæлдыстадон арæхстдзинæдтæ алы архайды хуызты дæр. Хъомыл сæм кæнын алцыппæт зонынмæ æмæ иумæ зæрдæхæларæй æмгуыст кæнынмæ тырнындзинад. | Бериты А. «Ирыстоны зарæг». Е. Тиличеева. «Качели». Кокойты А. «Ногдзауты зарæг». Е. Тиличеева. «Качели». Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг». И. С. Бах. «Хъазæн ныхас». А. Филиппенко. «Урожайная». В. Карасёва. «Дудочки». Хъæзтытæ: «Ссар дæхицæн къай»; «Быдыргъ»; «Пуртитæ æмæ сабитæ». М. Глинка. «Полька». Моргуаты Ю. «Фæззæг». З. Роот. «Ах, какая осень». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ноябрь** | Музыкæмæ хъусын, фæлтæрæнтæ (музыкалон æвзыгъддзинад æмæ хъæлæсы рæзтæн), зарын, музыкалон-ритмикон змæлдтытæ (фæлтæрæнтæ, кæфтытæ, хъæзтытæ, кафыны-хъазыны змæлдтытæ). | «Зайæгойты дуне» (2 ах.)<br>«Цæрæгойты дуне» (2 ах.)<br>«Доны бын дуне» (2 ах.)<br>«Нæ хæдзар – æрдз» (2 зах.) | Сабитæн амонын музыкæйы характер æмæ музыкалон фæлгонцады фæрæзтæ иртасын, классикон музыкæ сын бауарзын кæнын.<br>Ахуыр сæ кæнын иу жанры уацмыстæ кæрæдзиимæ барын æмæ сын сæ иухуызон миниуджытæ иртасын.<br>Базонгæ сæ кæнын францаг композитор К. Сен-Сансы сфæлдыстадимæ. Заргæ-зарын куыд улæфын хъæуы, уый сын амонын, ахуыр сæ кæнын зарæджы дзырдтæ раст дзурын æмæ сыгъдæг интонацийæ зарын; зæлтæ сæ дæргъвæтинмæ гæсгæ иртасын. Базонгæ сæ кæнын, «ритмон уæнгтæй» (ритмослоги) ритмикон ныв куыд равæрын хъæуы, уыимæ. Ахуыр сæ кæнын мелодийы ритм æнкъарын, се змæлдтытæ, каф-гæйæ, музыкæйы характермæ гæсгæ аразын æмæ æмкафæг æмбалимæ æмархайд кæнын. | И. Штраус. «Рæсугъд æрвхуыз Дунайы был».<br>Гуырдзыбегты Г. «Ирон вальс»;<br>К. Сен-Санс. «Аквариум».<br>Моргуаты Ю. «Фæззæг»;<br>В. Витлин. «Лесная песенка».<br>Н. Тихонова. «Песенка в камышах».<br>Л. Гавришева. «Щука».<br>М. Карасёв. «Рыбка».<br>Ю. Литовка. «Весёлые лягушата».<br>Н. Тихонова. «Раз, два, три, четыре».<br>Ю. Чичков. «Лесной марш».<br>Л. Гавришева. «Звери».<br>«Весёлый танец», лит. нар. мел..<br>М. Глинка. «Полька». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Тыгъдады ориентаци кæныны фæлтæрддзинадыл дарддæр кусын. | |
| **Декабрь** | | «Музыкалон жанртæ» (4 ах.)<br>«Динамикон фæлгъуызтæ музыкæйы» (2 ах.)<br>«Зымæг» (2 ах.) | Сабиты базонгæ кæнын æмбарынад «жанр»-имæ. Музыкалон жанрты тыххæй сын сæ зонындзинæдтæ уæрæхдæр кæнын. Ныффидар сын кæнын сæ зонындзинæдтæ зæлон контрастты (звуковые контрасты) тыххæй, базонгæ сæ кæнын азæлды тых бæрæггæнæг музыкалон нысæнттимæ – F (хъæрæй), S (сабырæй); сæ вокалон арæхстдзинæдтæ æмæ сын сæ хъæлæсы диапазон уæрæхдæр кæнын. Ахуыр сæ кæнын алыхуызон интонацион здæхтытæй пайда кæнын, музыкæйы характер змæлдтытæй равдисыны арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын. Амонын сын, музыкæйы динамикон фæлгъуызтæ куыд аивынц, уый иртасын, ритмикон ныв раст æвдисын. | Къудухты Т. «А-ло-лай».<br>Гуырдзыбегты Г. «Ирон вальс».<br>Ю. Чичков. «Физкультура».<br>М. Глинка. «Полька».<br>Е. Тиличеева. «Бубенчики».<br>Л. Гавришева. «Звери».<br>Моргуаты Ю. «Фæззæг».<br>Ю. Чичков. «Лесной марш».<br>П. И. Чайковский. «Сладкая грёза».<br>Ю. Моргуаты. «Зымæгон хъазт».<br>А. Наседкин. «Полька-хлопушка».<br>Т. Потапенко. «Ёлочная песенка»;<br>Е. Тиличеева. «Эхо». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | . | Моргуаты Ю. «Митын Дада».<br>П. И Чайковский. «Вальс снежных хлопьев». |
| **Январь** | Музыкæмæ хъусын, фæлтæрæнтæ (музыкалон æвзыгъддзинад æмæ хъæлæсы рæстæн), зарын, музыкалон-ритмикон змæлдтытæ (фæлтæрæнтæ, кæфтытæ, хъæзтытæ, кафыны-хъазыны сфæлдыстад). | «Зымæг» (2 ах.)<br>«Националон костюм» (2 ах.) | Дарддæр сабиты ахуыр кæнын музыкæйы рæсугъддзинад æмæ аивдзинад æнкъарын. Жанрты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын. Музыкалон фæлгонцады фæрæзтæ иртасыныл сæ фæцалх кæнын. Сабитæн амонын музыкалон уацмысы райдайæнмæ байхъусыны фæстæ афойнадыл зарын райдайын; лæвæрд диапазоны сыгъдæг интонацитæ хъæлæсæй раст равдисын, заргæйæ раст улæфын. Ахуыр сæ кæнын музыкæйы ритммæ гæсгæ змæлын æмæ æнæ искæй æххуысæй музыкæимæ змæлдтытæ æмивд кæнын. Рæзын кæнын сабиты сфæлдыстадон фантази, сæ фæлгæнæн. | П. И. Чайковский. «Вальс снежных хлопьев».<br>Моргуаты Ю. «Зымæгон хъазт».<br>Моргуаты Ю. «Митын Дада».<br>Т. Потапенко. «Песенка о песенке».<br>Къудухты Т. «Наз бæлас». осет. нар. мел. «Кæхцы зарæг».<br>Æлборты Ф. «Чызджыты кафт».<br>В. Карасёва. «Горошина».<br>Г. Струве. «Автобус». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Февраль** | | «Транспорт» (2 ах.)<br>«Дæсныйæдты дуне» (2 ах.)<br>«Спорт» (2 ах.) | Рæзын кæнын сабиты эмоционалон æнкъарынад. Музыкалон уацмысы жанр сбæрæг кæнынмæ куыд арæхсой, ууыл архайын. Сабиты зонды ныффидар кæнын æмбарынæдтæ «вокалон музыкæ», «инструменталон музыкæ», равджы фæлгъуызтæ иртасыны арæхстдзинæдтæ сæм рæзын кæнын. Базонгæ сæ кæнын симфонион оркестры зæлдимæ, уадынгæрзты тыххæй сын сæ зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын. Амонын сын музыкæйы ритм графикон æгъдауæй, символтæй пайдагæнгæйæ, æвдисын. Сабиты хъæлæсы диапазон уæрæхдæр кæнын. Аргъ кæныны хъомыс сæм æвзæрын кæнын, сæ хъуыды зæгъыны æвзыгъддзинад сын райтынг кæнын. | Æлборты Ф. «Чызджыты кафт».<br>М. Бугоев. «Уæздан кафт».<br>Т. Потапенко. «Песенка о песенке».<br>Г. Струве. «Автобус».<br>А. Филиппенко. «Наша воспитательница».<br>Моргуаты Ю. «Марш».<br>И. С. Бах. «Хъазæн ныхас».<br>В. Карасёва. «Горошина».<br>Н. Александрова. «Парный танец».<br>Ю. Чичков. «Физкультура».<br>Л. Ладухина. «Будь ловким».<br>Е. Тиличеева. «Кукушка».<br>Н. Тихонова. «Песенка в камышах». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Мартъи** | Музыкæмæ хъусын, фæлтæрæнтæ (музыкалон æвзыгъддзинад æмæ хъæлæсы рæзтæн), зарын, музыкалон-ритмикон змæлдтытæ (фæлтæрæнтæ, кæфтытæ, хъæзтытæ, кафыны-хъазыны сфæлдыстад). | «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ» (2 ах.)<br>«Уалдзæг» (4 ах.)<br>«Спорт» (2 ах.) | Дарддæр архайын, цæмæй сабитæ зæрдæйæ æнкъарой алыхуызон музыкæ дæр. Ахуыр сæ кæнын уацмысмæ хъусын æмæ йын йæ жанрон бындур (кафт, зарæг, марш) сбæрæг кæнын. Амонын сын музыкæйы мажорон æмæ минорон азæлд æнкъарын. Амидин сæ кæнын уадынгæрзты тембрты тыххæй сæ хъуыдытæ зæгъынмæ. Ахуыр сæ кæнын музыкæйы характер сæрмагонд нысæнтты руаджы æвдисын, нотæтæ фыссын æмæ кæсын базоныны тыххæй модельтæй-символтæй пайда кæнын. Уæрæхдæр кæнын сабиты музыкалон хъусдард, вокалон æмæ хоры зарыны арæхстдзинæдтæ (раст æмæ сыгъдæг интонацийæ зард). | А. Вивальди. «Концерт флейтæйæн оркестримæ». Скъуыддзаг.<br>В. А. Моцарт. «Сонатæ флейтæйæн оркестримæ». Скъуыддзаг.<br>Ж. Бизе. Оперæ «Кармен». Скъуыддзаг.<br>И. С. Бах. «Хъазæн ныхас».<br>П. И. Чайковский. Балет «Лебединое озеро». Скъуыддзаг.<br>Моргуаты Ю. «Уалдзæг æрцыд».<br>К. Сен-Санс. «Доны хъаз».<br>С. Полонский. «Весенняя песенка».<br>Е. Полякова. «Два утёнка».<br>А. Филиппенко. «Наша родина сильна». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | Г. Селезнёва. «Дождик».<br>Т. Ломова. «Танец с хлопками».<br>С. Прокофьев. «Петя и волк».<br>Г. Селезнёва. «Солнечный денёк». |
| **Апрель** | | «Дæхи хъахъхъæн – фыдбылыз!» (2 ах.)<br>«Зондджын машинæтæ» (2 ах.)<br>«Космос» (2 ах.)<br>«Мæргътæ» (2 ах.) | Хъæздыгдæр кæнын сабиты музыкалон фæлтæрддзинад, ахуыр сæ кæнын хицæн уадынгæрзты азæлд кæрæдзийæ иртасын æмæ динамикон фæлгъуызты ивынад хатын. Музыкæйы зæлтæ нысæнттæй бæрæг кæнын куыд зоной, мажор æмæ миноры зæрдæскъæфæн контрасттæ куыд æнкъарой, ууыл кусын. Дарддæр уæрæх кæнын сабиты хъæлæсты диапазон. Ритм ацахсынмæ æвзыгъддæр куыд кæной, ууыл архайын. Музыкæйы зæлтимæ зарын кæд райдайын æмбæлы, уый æнæ искæй æххуысæй куыд зоной, ууыл кусын. | К. Сен-Санс. «Доны хъаз»; «Пыл».<br>Н. Паганини. «Концертон серенадæ».<br>Моргуаты Ю. «Уалдзæг æрцыд».<br>И. Шахова. «Детский сад идёт».<br>«Симд». «Лезгинкæ», ирон ад. мел.<br>«Кæд дæ зæрдæмæ цæуы». эстон. ад. мел.<br>Д. Цыбырты. «Тæрхъус».<br>«Кæхцы зарæг»; ирон. ад. мел. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Мелоди раст ӕвдисын ӕмӕ хуымӕтӕг ӕрдзон хъӕлӕсӕй зарыны арӕхстдзинад ныффидар кӕнын. Амонын сын се змӕлдтытӕ музыкӕйы темпмӕ гӕсгӕ аразын. | Слонаты Ю. «Ӕркъӕрццытӕ»;<br>А. Филиппенко. «Марш юных космонавтов»;<br>П. И. Чайковский. «Старинная французская песенка»;<br>М. Глинка. «Полька» |
| **Май** | Музыкӕмӕ хъусын, фӕлтӕрӕнтӕ (музыкалон ӕвзыгъддзинад ӕмӕ хъӕлӕсы рӕзтӕн), зарын, музыкалон-ритмикон змӕлдтытӕ (фӕлтӕрӕнтӕ, кӕфтытӕ, хъӕзтытӕ, кафыны-хъазыны сфӕлдыстад). | «Сасчытӕ» (2 ах.)<br>«Уӕлахизы Бон» (2 ах.)<br>«Театр, кино» (2 ах.)<br>«Сӕрд» (2 ах.) | Музыкӕ куыд ӕмбарой ӕмӕ уарзой, сабиты дарддӕр афтӕ ахуыр кӕнын. Музыкалон фӕлгонцады фӕрӕзтӕ иртасыны зонындзинӕдтӕ ныффидар кӕнын.. Музыкалон паузӕ сын къухты бӕлвырд фӕтылды руаджы бамбарын кӕнын. Музыкалон уацмысы хӕйттӕ регистртӕ ӕмӕ динамикон фӕлгъуызтӕм гӕсгӕ куыд иртасой, уыл бацархайын. Музыкалон фразӕйы ӕмбарынад сын раргом кӕнын. Дарддӕр сӕ ахуыр кӕнын зарын (вокалон зард ӕмӕ хоры зарыны арӕхстдзинӕдтӕ). Сабиты разӕнгард кӕнын змӕлдтыты руаджы фӕлгонцтӕ аразынмӕ, алы змӕлдыл дӕр куыд фӕцалх уой, уыл бацархайын. | К. Сен-Санс. «Доны хъаз».<br>А. Абелян. «Про меня и про муравья».<br>Хъуылаты Е. «Цъиу, цъиу, цъиу».<br>Е. Колесников. «Цъиу ӕмӕ сывӕллӕттӕ».<br>П. И. Чайковский. «Старинная французская песенка».<br>Л. Гавришева. «Пчела».<br>Д. Тухманов. «День Победы».<br>А. Бязь. «В День Победы».<br>Б. Савельев. «Разноцветная игра».<br>П. И. Чайковский. «Вальс».<br>А. Наседкин. «Бездонная кукушка».<br>Е. Таршина. «Летняя пора». |

**Темæ: «Мæ бинонтæ».**
**Нысантæ:**

– Сабитæн бамбарын кæнын, цы у вокалон музыкæ, ахуыр сæ кæнын музыкæ æнкъарын æмæ сыгъдæг интонацийæ зарын. Зарæджы тексты ныхæстæм гæсгæ хъазын, ныффидар кæнын тыгъдады ориентаци кæныны арæхстдзинад, змæлгæйæ музыкæйы динамикæ равдисын.

– Рæзын кæнын сабиты уæгъдибар хъуыдыкæнынад.

– Сабиты хъæппæрис æмæ хъусдарды рæзтыл кусын.

**Репертуар:** М. Робер. «Марш».
Цыбырты Д. «Хур».
Б. Савельев. «Если добрый ты».
Л. Гавришева. «Что такое семья?»
А. Филиппенко. «Мы на луг ходили».
Хуытъиаты Б. «Мады зарæг».

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. М. Робер. «Алыхуызон къахдзæфтæй цыд». | Сабитæ лæууынц. М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкæмæ æмæ сбæрæг кæной змæлдтыты характер. Сабитæ дзурынц, ацы музыкæмæ гæсгæ кæй хъæуы цырд къахдзæфтæ кæнын. М. р. сабиты хъус æрдары, змæлдтытæ куыд аивынц, уымæ æмæ сын зæгъы, цæмæй равдисой змæлдтытæ. Музыкæйы I-аг хай хъуысы – сабитæ сæрæн, цырд къахдзæфтæй цæуынц, II-аг хай – сабыр цыд кæнынц. |
| Хъусын. | Хуытъиаты Б. «Мады зарæг». |
| М. р. | Музыкæ вæййы инструменталон æмæ вокалон. Уадынгæрзты (музыкалон инструментты) цагъд куы зæла, уæд уый у инструменталон музыкæ. |

Æрмæст хъæлæсы руаджы мелоди та у вокалон музыкæ. Дзырд «вокалон» нысан кæны «зарын». Зарджытæ сæ мидис æмæ характермæ гæсгæ вæййынц алыхуызон. Абон мах байхъусдзыстæм ног зарæгмæ. Зарæг у, алы адæймагæн дæр æппæты зынаргъдæр чи у царды мидæг, уый тыххæй – мады тыххæй.
*(Зæлы «Мады зарæг». М. р. æмбарын кæны зарæджы текст, сабиты хъус æрдары зонгæ дзырдтæм.)*

Зарын.

**Цыбырты Д. «Хур».**
Сабиты ахуыр кæнын мелодимæ хъусын, сыгъдæг интонацийæ зарын, иронау ныхæстæ раст æмæ сыгъдæг дзурын.
**Л. Гавришева. «Что такое семья?»**
М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, зарæджы мидис бабæтты ахуыры темæимæ. Сабитæ, дыккаг хатт заргæйæ, архайынц мелоди раст азарынил.
**Б. Савельев. «Если добрый ты».**
М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй ацы зарæг, зонгæ сын кæй у, уымæ гæсгæ йæ райдайæн ныхæстæ кæнæ йæ мелодимæ гæсгæ базоной. Сабитæ фыццаг заринц иумæ, уый фæстæ – къордгæйттæй.

Цæлхдымбылцыд *(хоровод)*.

**А. Филиппенко. «Мы на луг ходили».**
М. р. азары А. Филиппенкойы зарæг «Мы на луг ходили», зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной æмæ равдисой, ацы музыкæмæ гæсгæ куыд кафыдысты, уый. Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сын сæ зæрдыл æрлæууын кæнын кафты змæлдтытæ.

| | |
|---|---|
| **Хъазт «Ссар дæ бынат».** | Ацы хъазтæй ахъазæн ис музыкæимæ дæр æмæ æнæ музыкæйæ дæр. М. р. æмбарын кæны хъазты æгъдау. Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц, стæй, м. р. куы фæзæгъы, «тезгъо кæнынмæ», уæд залы тезгъо кæнынц. М. р. дзуры:<br>Сабитæн у се 'гъдау карз,<br>Ды, мæ хур, дæ бынат уарз!<br>Уадындзтыл цæгъдут, цæгъдут,<br>Рæвдз уæ бынæттæм цæут!<br>*(Сабитæ тагъд-тагъд фæстæмæ сæ бынæтты алæууынц. Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны, цы у вокалон музыкæ.)* |

*2 ахуыр*

**Темæ: «Мæ бинонтæ».**

**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын музыкæйы эмоционалон мидис æнкъарын, уæрæхдæр сын кæнын музыкæйы зæлтæм сæ хъусдард, цæугæйæ сæ къухтæ раст куыд исой, мелодийы динамикон фæлгъуызтæ куыд иртасой æмæ уымæ гæсгæ змæлдтыты характер ивын куыд зоной.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард æмæ фæлгæнæн.

– Арфдæр кæнын уарзондзинад хиуæттæ æмæ хæстæджытæм.

**Репертуар:** Хуытъиаты Б. «Мады зарæг».
Е. Тиличеева. «Бубенчики».
Цыбырты Д. «Хур».
Л. В. Бетховен. «Хъæлдзæг – æнкъард».
Л. Гавришева. «Что такое семья?»
В. Шаинский. «Ужасно интересно всё то, что неизвестно».

**Архайæн фæрæзтæ:** фланелеграф, хъæбæр гæххæттæй лыггонд 3 мырмыраджы (бубенчики).

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. | **М.** Робер. «Алыхуызон къахдзæфтæй цыд». М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй дыууæ къордыл адих уой æмæ радыгай æххæст кæной хæслæвæрд, ома, музыкæ хъæрæй куы зæла, уæд лæппутæ санчъехтæ кæндзысты, сабыр музыкæмæ та – чызджытæ, уый фæстæ сæ бынæттæ баивдзысты. |
| Хъусын. | **Хуытъиаты Б. «Мады зарæг».** *Сабитæ хъусынц «Мады зарæг»-мæ.* |
| М. р. | Цæй тыххæй у ацы зарæг? Цавæр æнкъарæнтæ дзы æвдыст цæуы? |
| С. | Музыкæ у райдзаст, хъæлдзæг, æвдисы уарзондзинад. *(Иу хатт ма хъусынц зарæгмæ.)* |
| Музыкалон-дидактикон хъазт. | **Е. Тиличеева. «Бубенчики».** М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны, зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ алыхуызон кæй вæййынц, уый. Зæгъы, цæмæй байхъусой, мырмыргæнджытæ куыд зæлынц, уымæ. Зæлы зарæг. Сабитæ сбæрæг кæнынц зæлты бæрзæнд, зарынц æмæ заргæ-зарын къухæй æвдисынц зæлты бæрзæнд. Сабитæй чидæр архайы фланелеграфыл, мырмырæгтæ раст равæры. |
| Зарын. | **Цыбырты Д. «Хур».** *(Сабиты ахуыр кæнын раст зарын æмæ дзырдты мидæг логикон цавд фæбæрæг кæнын.)* В. Шаинский. «Ужасно интересно всё то, что неизвестно». Гавришева. «Что такое семья?» *(М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ.* |

| | |
|---|---|
| | *Сабитæ хъусынц зарæгмæ, сбæрæг ын кæнынц йæ равг, мидис æмæ йæ райдайæн. Зарынц, м. р. йæ хъус дары сæ зарынмæ.)* |
| Хъазт «Ссар дæ бынат». | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны хъазты æгъдау: цæмæй змæлдтытæ афоныл раст ивой, уый тыххæй хъуамæ лæмбынæг сæ хъус дарой. Сабитæ хъазынц, хъомылгæнæг, раст чи архайы, уыдоны фæбæрæг кæны. |
| Сфæлдыстадон хæслæвæрд. | Бетховен. Этюд «Хъæлдзæг – æн-къард». М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй, цы алыхарактерон музыкæ фехъуыстой, уый, сæ бон куыд у, афтæ равдисой. Сабитæ фæлварынц зарæджы музыкалон фæлгонцтæ равдисыныл. Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. арфæ кæны сабитæн сæ активон архайды фæдыл. |

*3 ахуыр*

**Темæ: «Фæнды мæ алцы зонын».**

**Нысантæ:**

– Сабиты дарддæр ахуыр кæнын музыкæмæ хъусын – æнкъарын æй æмæ йын анализ кæнын; зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ абарын; тыхзард нæ, фæлæ æнцонæй, рогæй зарын, разæнгард сæ кæнын сфæлдыстадон фæлтæрæнтæм.

– Рæзын кæнын сабиты музыкалон æнкъарынад.

– Гуырын сæм кæнын алы жанрты музыкæмæ цымыдисдзинад.

**Репертуар:** Моргуаты Ю. «Марш».
Хуытъиаты Б. «Мады зарæг».
Сечъынаты А. «Салам».
В. Шаинский. «Ужасно интересно всё то, что неизвестно».
Л. Гавришева. «Что такое семья?»

Чех. адæмон мелоди «Къæйттæй кафт».
Бетховен. «Хъæлдзæг – æнкъард».

**Архайæн фæрæзтæ:** фланелеграф, мырмырæгтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. | **Моргуаты Ю. «Марш».** Фæлтæрæн ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ æнæ искæй æххуысæй музыкæимæ иумæ райдайой æмæ æрлæууой; сабитæй домы ритммæ гæсгæ сæрæн цыд кæнын. |
| Хъусын. | **Хуытъиаты Б. «Мады зарæг».** |
| М. р. | Æппæты зынаргъдæр æмæ уын уарзондæр чи у? |
| С. | Мад. |
| М. р. | Уæ мады куыд уарзут, уый цы хуызы равдисдзыстут? |
| С. | Ахъæбыс ын кæндзыстæм, йæ русæн ын аба кæндзыстæм æмæ йын зæгъдзыстæм, куыд тынг æй уарзæм. |
| М. р. | Уыцы æнкъарæнтæ композитор равдисы музыкæйæ. Иу хатт ма байхъусæм «Мады зарæгмæ» æмæ нæ цæстытыл ауайын кæнæм нæ мадæлты. *(Зæлы зарæг.)* |
| Музыкалон-дидактикон хъазт. | Е. Тиличеева. «Бубенчики». М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой æмæ сбæрæг кæной 3 зæлы сæ бæрзæндмæ гæсгæ. Дарддæр м. р. зæлтæн сæ бынæттæ аивы, 2–3 сывæллоны фланелеграфыл зæлтæ раст равæрынц.) **Сечъынаты А. «Салам».** *(Уацмыс ахуыр кæнгæйæ, сабитæ архайынц мелоди раст интонацийæ зарын.* |

| | |
|---|---|
| **В. Шаинский. «Ужасно интересно всё то, что неизвестно».** | Сабитæ хъусынц зарæгмæ, сбæрæг кæнынц азард – запев − æмæ базард – припев. Мелоди ахуыр кæнгæйæ, архайынц музыкæимæ иумæ раст зарын. |
| **Е. Гавришева. «Что такое семья?»** | *(Сабиты ахуыр кæнын уыцы иу уагыл иумæ зарын, хъуамæ зарой хъæрæй, фæлæ тыхзард ма кæной.)* |
| **Чех. адæмон мелоди «Къæйттæй кафт».** | Кафт ахуыр кæныны размæ сабитæ ахуыр кæнынц зылдмæ гæсгæ къæйттæй цæуын, къæйтты æхсæн хъуамæ уа æмхуызон интервал. Стæй байхъусынц музыкæмæ æмæ рог дугъ кæнынц, интервал хъахъхъæнгæйæ. Дарддæр та, музыкæмæ хъусгæйæ, кæрæдзийы фæдыл, куыд лæууыдысты, афтæмæй рог дугъ кæнынц. |
| **Бетховен. «Хъæлдзæг – æнкъард».** | Сабитæ хъусынц музыкæмæ, сбæрæг кæнынц этюды алы хайæн дæр йæ равг. М. р. сын зæгъы, цæмæй йæ ныр та се змæлдæй равдисой.<br>Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй тезгъойы рæстæг ахъазой «Къæйттæй хъазт»-æй æмæ ныффидар кæной къæйттæй лæууыны æгъдау. |

*4 ахуыр*

**Темæ: «Фæнды мæ алцы зонын».**

**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын, зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ иртасын. Ахуыр сæ кæнын музыкæйы характер иртасын æмæ йæ се змæлдтытæй равдисын, тыгъдады ориентаци кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты ассоциативон хъуыдыкæнынад.

– Ахуыр сæ кæнын хъæппæрисджын уæвын.

**Репертуар:** Т. Ломова. «Лёгкий бег».

Е. Тиличеева. «Бубенчики».
Сечъынаты А. «Салам».
Л. Гавришева. «Что такое семья?»
В. Шаинский. «Ужасно интересно всё то, что неизвестно».
Чех. ад. мелоди «Къæйттæй кафт».

**Архайæн фæрæзтæ:** сабиты нымæцмæ гæсгæ альбомы сыфтæ, алы сабийæн дæр – 3 мырмыраджы.

**Ахуыры нывæст**

## Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ.

| | |
|---|---|
| Т. Ломова. «Лёгкий бег». | Сабитæ раздæр байхъусынц музыкæмæ, сбæрæг ын кæнынц йæ характер, уый фæстæ фæлтæрæнтæ æххæст кæнынц, ома къахфындзтыл рог дугъ кæнынц. Згъоргæйæ – къухтæ рæмбыныкъæдзты чысыл æрбакъæдз кæнын. |
| Музыкалон-дидактикон хъазт. Е. Тиличеева. «Бубенчики». | М. р. сабитæн райуары альбомы сыфтæ æмæ мырмырæгтæ, зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой зæлтæм, сбæрæг сæ кæной сæ бæрзæндмæ гæсгæ æмæ сæ раст равæрой альбомы сыфтыл. Сабитæ архайынц. |
| Зарын. Сечъынаты А. «Салам». | *(Сабиты ахуыр кæнын, дзырдтæ раст дзургæйæ, æнцонæй зарын.)* |
| В. Шаинский. «Ужасно интересно всё то, что неизвестно». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ зарæджы райдайæны æмæ музыкалон фразæты æхсæн раст улæфой. Рæзын сæм кæнын ансамблы зарыны арæхстдзинæдтæ, зарын музыкæимæ иумæ райдайын æмæ музыкæимæ иумæ фæуын. |

| | |
|---|---|
| Хъазт «Ссар дæ бынат». | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны хъазты æгъдау æмæ сын зæгъы, цæмæй йæ иугыццыл фæивой: сигналмæ гæсгæ цæлхдымбылæй нæ, фæлæ рæнхъæй алæууой. Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной æмæ равдисой, зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ куыд хицæн кæнынц, уый. |

*5 ахуыр*

**Темæ: «Мæ райгуырæн бæстыхай».**
**Нысантæ:**

– Рæзын кæнын сабиты цымыдис вокалон музыкæмæ, бæрзонд æмæ ныллæг зæлты тыххæй зонындзинæдтæ бæлвырд кæ-нын, иумæ зарынмæ сæ разæнгард кæнын.
– Рæзын кæнын сабиты хъусдард æмæ мысæнуат.
– Хъомыл кæнын сабитæм алцы зонынмæ тырнындзинад.

**Репертуар:** Моргуаты Ю. «Марш».
Т. Ломова. «Лёгкий бег».
Бериты А. «Ирыстоны зарæг».
Е. Тиличеева. «Качели».
В. Шаинский. «Ужасно интересно всё то, что неиз-вестно».
Л. Гавришева. «Что такое семья?»

**Архайæн фæрæзтæ:** хæхты, Терчы, горæты иллюстрацитæ.

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыка-лон- ритмикон змæлдтытæ. Моргуаты Ю. «Марш», Т. Ломо-ва. «Лёгкий бег». | Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц. М. р. зæгъы, цæмæй байхъусой музы-кæмæ, сбæрæг ын кæной йæ характер æмæ лæвæрд музыкæйы характермæ гæсгæ раст змæлой. *(Дугъ æмæ марш.)* |

| | |
|---|---|
| Хъусын. Бериты А. «Ирыстоны зарæг». | М. р. зæгъы, цæмæй байхъусой ног зарæгмæ, йæ мидис ын ахуыры темæимæ бабæттой. Дарддæр сабитæ кæсынц Дзæуджыхъæуы, Терчы, Ирыстоны æрдзы, хæхты пейзажты иллюстрацитæм æмæ ма иу хатт хъусынц зарæгмæ. |
| Зарын: Е. Тиличеева. «Качели». | Сабитæ, уацмыс ахуыр кæнгæйæ, архайынц мелоди раст интонацийæ зарын, заргæйæ «септима»-мæ ахызт фæбæрæг кæнын. |
| В. Шаинский. «Ужасно интересно всё то, что неизвестно». | Сабиты ахуыр кæнын уыцы иу уагыл зарын, дзырдтæ раст дзурын æмæ заргæйæ логикон цавдтæ фæбæрæг кæнын. |
| Л. Гавришева. «Что такое семья?» | Зарæг фæлхатгонд цæуы, цæмæй йæ ныффидар кæной. Сабитæ зарынц къордгæйттæй, кæрæдзийы зардæн аргъ кæнынц. |
| Чех. адæмон мелоди «Къæйттæй кафт». | Кафт ахуыр кæнгæйæ, сабитæ музыкæйы характермæ гæсгæ се змæлдтытæ аивынц. |
| Хъазт «Ссар дæ бынат». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной хъазты мидис æмæ къæйттæй ахъазой.<br>Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, цы хуыйны нæ республикæ æмæ нæм цавæр зындгонд, зæрдылдаринаг бынæттæ ис, уымæй. |

*6 ахуыр*

**Темæ: «Мæ райгуырæн бæстыхай».**

**Нысантæ:**

– Дарддæр рæзын кæнын сабиты эмоционалон æнкъарынад, ахуыр сæ кæнын иумæ (хоровое) æмæ иугæйттæй (сольное) зард иртасын зонын. Домын сабитæй, цæмæй

сыгъдæг интонацийæ зарой, иумæ ансамблы заргæйæ; се змæлд аивдæр уа æмæ тыгъдады ориентаци кæной.

– Рæзын кæнын сабиты сфæлдыстадон арæхстдзинæдтæ алы архайды хуызты дæр.

– Хъомыл сæм кæнын алцыппæт зонынмæ æмæ æмгуыстадмæ тырнындзинад.

**Репертуар:** Моргуаты Ю. «Марш».
Т. Ломова. «Лёгкий бег».
Бериты А. «Ирыстоны зарæг».
Е. Тиличеева. «Качели».
В. Шаинский. «Ужасно интересно всё то, что неизвестно».

**Архайæн фæрæзтæ:** сабиты нымæцмæ гæсгæ – хъуымацы гæппæлтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Приставной шаг». Уырыссаг адæмон мелоди «Пойду ль я, вый-ду ль я». | Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц, сæ къухтæ – сæ фæсонтыл. Хъомылгæнæг фыццаг æнæ музыкæйæ æвдисы фæлтæрæн, уый фæстæ та – музыкæимæ. Сабитæ фæлхат кæнынц змæлдтытæ. |
| Хъусын. Бериты А. «Ирыстоны зарæг». | **М. р.** Абон мах байхъусдзыстæм вокалон музыкæмæ. Цы у вокалон музыкæ? *(Сабиты дзуæппытæ.)* **М. р.** Вокалон музыкæ ис дыууæ хуызæй азарæн: иумæ æмæ иугæйттæй. Иунæг хъæлæс куы зæла, уæд уый хуыйны соло. Бирæ хъæлæстæ куы зæлой, ома иумæ, уæд уый та хуыйны хор. Ныр та байхъусут «Ирыстоны зарæг»-мæ æмæ сбæрæг кæнут, цы хуызы зард у, уый. |

| | |
|---|---|
| Зарын. Е. Тиличеева. «Качели». | М. р. сабитæй домы, цæмæй сыгъдæг интонацийæ зарой æмæ, заргæйæ мелоди дæлæмæ куыд цæуы, уый бæрæг кæной; раст равдисой нотæ До 2. |
| Зарæг «Ногдзаутæ, азарæм». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, йæ миди сын бабæтты ахуыры темæимæ, сабиты цымыдис кæны зарæджы мидисмæ. |
| Зарын. В. Шаинский. «Ужасно интересно всё то, что неизвестно». | Сабитæ фæлхат кæнынц зарæг æнæ м. р. æххуысæй æмæ архайынц зарæджы характер равдисын. |
| Чех. ад. мелоди «Къæйттæй кафт». | Кафт фæлхатгонд цæуы, цæмæй сабитæ бæлвырд зоной музыкæйы контрастон характер се змæлдæй æвдисын. Сабитæ кафынц къордгæйттæй, кæрæдзийы архайдæн аргъ кæнгæйæ. |
| Хъазт «Быдыргъ» («Пугало»). | Сабитæ зылды æрбадынц, хъусынц музыкæмæ æмæ ритммæ гæсгæ æмдзæгъд кæнынц. Дарддæр м. р. аивы архайды хуыз æмæ та сабитæ хъусынц музыкæмæ. Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæн арфæ кæны сæ активон архайды фæдыл. |

*7 ахуыр*

**Темæ: «Мæ бæстæ».**
**Нысантæ:**

– Национ культурæмæ уарзондзинад гуырын кæнын, сабиты зонындзинæдтæ национ сфæлдыстады тыххæй уæрæхдæр кæнын; ахуыр сæ кæнын сыгъдæг интонацийæ зарын; дзырдтыл логикон цавд раст æвæрын, зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ иртасын; модельтæ аразын сæ ахуыр кæнын, артисты аив змæлдтытыл сæ фæлтæрын.

– Рæзын кæнын музыкалон мысæнуат.

– Фидар кæнын сабиты æхсæн зæрдæхæлар ахастытæ.

**Репертуар:** Хуытъиаты Б. «Мады зарæг».
Бериты А. «Ирыстоны зарæг».
Е. Тиличеева. «Качели».
Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг».

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Райуаринаг.** Сабиты нымæцмæ гæсгæ – альбомы сыфтæ, зæлты символтæ – зиллæччытæ æмæ хъуымацы гæппæлтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. Уырыссаг адæмон мелоди «Приставной шаг». | Сабитæ зылды лæууынц. Музыкæимæ иумæ рахизæрдæм цæуынц; рахиз къах фæрсæрдæм айсынц, галиу къах æм æрбавæрынц æмæ а. д. |
| Хъусын. Хуытъиаты Б. «Мады зарæг» æмæ Бериты А. «Ирыстоны зарæг». | Сабитæ байхъусынц музыкалон уацмыстæм, цавæртæ сты, уый зæгъынц. |
| М. р. | Цы зарджытæм байхъуыстат, уыдон кæцы æвзагыл зарынц? Музыкæ цавæр уыдис? *(Сабиты дзуæппытæ.)* |
| М. р. | Нæ ахуыртты мах зонгæ кæнæм ирон композитортæ æмæ поэтты сфæлдыстадимæ, уымæн æмæ мах цæрæм Ирыстоны. Уый у нæ райгуырæн бæстæ, нæ иумæйаг стыр хæдзар. Мах хъуамæ æмбарæм æмæ уарзæм нæ мадæлон æвзаг, нæ музыкæ æмæ нæ културæ. |
| Музыкалон-дидактикон хъазт. | |

| | |
|---|---|
| Е. Тиличеева. «Качели». | М. р. сабитæн райуары альбомы сыфтæ æмæ зиллæччытæ. Зæгъы сын, цæмæй байхъусой зæлтæм, сæ бæрзæндмæ гæсгæ сæ сбæрæг кæной æмæ сæ раст равæрой альбомы сыфыл. |
| Зарæг «Ногдзаутæ, азарæм». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст зарой мелоди, сыгъдæг дзурой хъæлæсон мыртæ æмæ афоныл райдайой зарын. |
| Цæллагты А. «Рæсугъд фæззæг». | Сабитæ зонгæ кæнынц ног зарæгимæ, сæрмагондæй йын сбæрæг кæнынц йæ мидис æмæ характер, музыкæ цæмæй æнкъарой, ууыл  ахуыр кæнынц. |
| Хъазт «Быдыргъ». | Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц, алчидæр равзары йæхицæн хъуымацы гæппæл, къухтæ фæрсæрдæмты акæны. Зæлы музыкæ, сабитæ сæ гæппæлтæ «быдыргъ»-æн йæ сæрыл æмæ уæхсчытыл æрцауындзынц. Музыкæ тагъдæй-тагъддæр кæны, «быдыргъ» зилы йæ бынаты, сабитæ та музыкæйы темпмæ гæсгæ æмдзæгъд кæнынц. |
| Сфæлдыстадон хæслæвæрд «Гино æмæ дзыкъы-мыкъы». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй дыууæ къордыл адих уой, сæ иутæ «гинотæ» уыдзысты, иннæтæ та – «дзыкъы-мыкъытæ», æмæ се змæлдтытæй равдисой лæвæрд фæлгонцтæ. |

*8 ахуыр*

**Темæ: «Мæ бæстæ».**

**Нысантæ:**

– Дарддæр сабиты ахуыр кæнын музыкæ æнкъарын; цымыдисæй хъусын музыкæмæ æмæ йын анализ кæнын; æнцонæй зарын, дзырдтæ раст дзургæйæ; музыкæйы характер æмæ ритммæ гæсгæ раст змæлын, сабитæм рæзын

кæнын æмгуыстады арæхстдзинад.

– Музыкæйæн анализ кæныны арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын.

– Сабиты хъæппæрис цырен кæнын.

**Репертуар:** Бах. «Хъазæн ныхас».
В. Карасёва. «Дудочка».
Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг».
А. Филиппенко. «Урожайная».

**Архайæн фæрæзтæ:** сабиты нымæцмæ гæсгæ – хъуымацы гæппæлтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. Уырыссаг адæмон мелоди «Приставной шаг». | Сабитæ дарддæр ахуыр кæнынц фæрсæрдæм цæуын. Архайынц къордгæйттæй, кæрæдзийæн аргъ кæнгæйæ. |
| Хъусын. Бах «Хъазæн ныхас». | **М. р.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, музыкæ чи ныффыссы? Сымах, æвæццæгæн, афтæ æнхъæлут, æмæ композитортæ тызмæг адæм сты. Фæлæ уый афтæ нæу. Уыдон дæр уарзынц хъазын æмæ худын. Уыцы æнкъарæнтæ равдисынц сæ музыкæйы. Ныртæккæ байхъусдзыстут Иоганн Себастьян Бахы уацмыс «Хъазæн ныхас»-мæ. *(Зæлы музыкæ.)* |
| М. р. | Уæ зæрдæмæ фæцыдис? Цæмæй фæцыдис уæ зæрдæмæ? |
| С. | Ацы музыкæ у хъæлдзæг æмæ уæнгрог. *(Иу хатт-ма хъусынц музыкæмæ.)* |
| Зарын. В. Карасёва. «Дудочка». | Сабитæ раздæр байхъусынц зарæгмæ, уый фæстæ сæхæдæг зарынц. М. р. йæ хъус дары, цæмæй раст æмæ сыгъдæг зарой. |

| | |
|---|---|
| Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг». | Зарæг амонгæйæ, сабиты ахуыр кæнын хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй зарын, заргæйæ кæрæдзимæ хъусын. |
| Зарæг «Ногдзаутæ, азарæм». | Сабиты ахуыр кæнын сыгъдæг интонацийæ зарын æмæ заргæйæ раст улæфын. |
| Хъазт «Быдыргъ». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной хъазты æгъдау æмæ фæткæвæрд. Сабитæ райсынц хъуымацы гæппæлтæ æмæ хъазынц, хъомылгæнæг сæм йæ хъус дары. |
| Цæлхдымбылцыд А. Филиппенко. «Урожайная». | Сабитæ хъусынц зарæг «Урожайная»-мæ, сбæрæг кæнынц музыкæйы характер æмæ темæ, музыкæмæ гæсгæ æмдзæгъд кæнынц. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, ахуырты рæстæг тынгдæр сæ зæрдæмæ цы цæуы, уымæй.

*9 ахуыр*

**Темæ: «Фæззæг».**
**Нысантæ:**

– Дарддæр сабитæм рæзын кæнын музыкæмæ хъусыны æгъдау; ахуыр сæ кæнын мелодийы ритмикон ныв раст равдисын; сыгъдæг интонацийæ зарын; тыгъдады ориентаци кæнын, кафты змæлдтытæ ныффидар кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты музыкалон хъусдард.

– Сабитæм хъомыл кæнын цымыдис алы жанрты музыкæмæ.

**Репертуар:** И. С. Бах. «Хъазæн ныхас».
В. Карасёва. «Дудочка».
Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг».
«Ногдзаутæ, азарæм».
А. Филиппенко. «Урожайная».

**Архайæн фæрæзтæ:** уадынгæрзты (музыкалон инструментты) нывтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Фæрсмæ дугъ» (цавæрфæнды мелоди). | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй равдисой фæрсæрдæм санчъехтæ, бамбарын сын кæны, ахæм санчъехтæй гæппытæ кæнын дæр сæ бон кæй у. Æвдисы «фæрсмæ дугъ»-ы (боковой галоп) змæлдтытæ. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. |
| Хъусын. И. С. Бах «Хъазæн ныхас». | Сабитæ хъусынц И. С. Бахы пьесæ «Хъазæн ныхас»-мæ. |
| М. р. | Цавæр музыкалон инструмент зæлы? Раст загътат, уый у флейтæ *(æвдисы йæ)*, флейтæйæн ис рæвдауæг, рæсугъд хъæлæс. Флейтæ хауы хъæдæй конд музыкалон инструментты къордмæ. Æрхъуыды-ма кæнут, флейтæйы зæлын кæм фехъуыстат? *(Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сын м. р. сæ зæрдыл æрлæууын кæны С. Прокофьевы музыкалон аргъау «Петя и воин», цъиуы лейтмотив.)* |
| Зарын. В. Карасёва. «Дудочка». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, сабитæ фæлварынц музыкæйы уæлæмæ æмæ дæлæмæ зæлд хъæлæсы уагæй раст равдисын. |
| Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг». | Сабиты ахуыр кæнын заргæйæ фразæты æхсæн раст улæфын, мелодийы динамикæ æвдисын (хъæрæй, сабырæй). |
| «Ногдзаутæ, азарæм». | Сабиты ахуыр кæнын иумæ райдайын зарын æмæ уыцы иу уагыл, кæрæдзимæ хъусгæйæ, зарын. |
| Цæлхдымбылцыд А. Филиппенко. «Урожайная». | Цæлхдымбылцыды змæлдтытæ амонгæйæ, сабиты ахуыр кæнын «азард» (запев) æмæ «базард» (припев) иртасын æмæ сæ, змæлдтытæ ивгæйæ, фæбæрæг кæнын. |

| | |
|---|---|
| | «Базард»-ы сабитæ архайынц ритмикон ныв ирддæрæй равдисын. |
| Хъазт «Быдыргъ». | Сабиты дарддæр ахуыр кæнын хъазын, музыкæйы характер куыд аивы, уый фæбæрæг кæнгæйæ. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. æвдисы музыкалон инструментты нывтæ æмæ зæгъы сабитæн, цæмæй ссарой флейтæйы ныв.

*10 ахуыр*

**Темæ: «Фæззæг».**

**Нысантæ:**

– Сабитæм цымыдис кæнын классикон музыкæмæ; ахуыр сæ кæнын æнæ искæй æххуысæй зарын; зарæджы характер змæлдтытæй æвдисын æмæ йæ мидисмæ гæсгæ архайын; уæзбын цыдæй сабыргай цæуын фæлварын.

– Рæзын кæнын сабиты эстетикон æнкъарынад.

– Хъомыл сæм кæнын æмгуыстад, къодæй иумæ архайыны арæхстдзинæдтæ.

**Репертуар:** И. С. Бах. «Хъазæн ныхас».
В. Карасёва. «Дудочка».
«Ногдзаутæ, азарæм».
Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг».
А. Филиппенко. «Урожайная».

**Архайæн фæрæзтæ:** И. С. Бахы портрет, музыкалон инструментты нывтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Фæрсмæ дугъ». | Сабиты ахуыр кæнын архайгæйæ раст змæлын, зæвæт зæвæтмæ æрбавæргæйæ раст гæппытæ кæнын. |
| Хъусын. И. С. Бах. «Хъазæн ныхас». | М. р. Абон та ногæй хъусдзыстæм зонгæ музыкалон инструменты зæлдмæ. Цымæ цавæр у æмæ куыд хуыйны (зæгъы сын, цæмæй ссарой инструменты ныв). |

| | |
|---|---|
| | Уый у, диссаджы хъæлæс кæмæн ис, ахæм чысыл музыкалон инструмент. Иу хатт-ма йæм байхъусæм. *(Зæлы И. С. Бахы «Хъазæн ныхас».)* Куыд хуыйны ацы музыкалон уацмыс? Чи йæ ныффыста? Уый у зындгонд немыцаг композитор. |
| Зарын. В. Карасёва. «Дудочка». | Сабитæ зарынц, музыкалон фразæтæ иртасынц æмæ сæ зарынц иу сулæфтæн. |
| «Ногдзаутæ, азарæм». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг (йæ райдайæнæй кæнæ йæ мелодимæ гæсгæ) базоной. Уый фæстæ сабитæ зарынц иугæйттæй кæнæ къордгæйттæй, иннæ къорд се 'мбæлтты зардæн аргъ скæны. |
| Зарын. Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг». | Сабиты ахуыр кæнын зарæг иумæ райдайын æмæ, кæрæдзимæ хъусгæйæ, зарын. |
| Цæлхдымбылцыд А. Филиппенко. «Урожайная». | Сабиты ахуыр кæнын иуæрдæм зилдух кæнын, музыкæйы ритм, æмдзæгъд кæнгæйæ, æвдисын. (Базарды мелодийы ныв.) |
| Хъазт «Ссар дæ къай». | Хъазт фæлхатгонд цæуы, цæмæй сабитæ тыгъдады хуыздæр ориентаци кæной æмæ се змæлд аивдæр уа. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæн арфæ кæны сæ активон архайд æмæ зарды фæдыл.

*11 ахуыр*

**Темæ: «Фæззæг».**

**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын симфонион оркестры музыкалон инструментты тембртæ хъусын æмæ дифференци кæнын; гуырын кæнын сабитæм музыкалон тæлмæнтæ; ахуыр сæ кæнын зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ иртасын; хъæлдзæг,

уæнгрог зарды арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын, музыкæйы ритм æнкъарын, музыкæйы характер змæлдтытæй равдисын.

– Рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн æмæ мысæнуат.

– Хъомыл сæм кæнын зæрдæхæлар ахастытæ.

**Репертуар:** Моргуаты Ю. «Фæззæг».
И. С. Бах. «Хъазæн ныхас».
Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг».
З. Роот. «Ах, какая осень!»
М. Глинка. «Полька».

**Архайæн фæрæзтæ:** И. С. Бахы портрет.

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. П. Чайковский. «Играем, как мячики». | Фæлтæрæн ахуыр кæныны размæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной ахæм уагæвæрд: залы цыппар къуымы къордгæйттæй æрлæууын æмæ хъомылгæнæджы сигналмæ гæсгæ бынæттæ баивын. Уый фæстæ сабитæ байхъусынц музыкæмæ æмæ уымæ гæсгæ сæ зæрдыл æрлæууын кæнынц фæлтæрæн, музыкæйы ритм æмдзæгъдой фæбæрæг кæнынц. |
| Хъусын. | **И. С. Бах. «Хъазæн ныхас».** |
| М. р. | *(æвдисы И. С. Бахы портрет).* Нывы кæй портрет уынут? Раст загътат, уый у зындгонд немыцаг композитор Иоганн Себастьян Бах. *(Цыбырæй йын йæ биографи радзуры, йæ сабийы бонтыл ын бæлвырддæр æрныхас кæны. Уый фæстæ сабитæ хъусынц пьесæ «Хъазæн ныхас»-мæ æмæ, цавæр музыкалон инструментимæ базонгæ сты, уый сæ зæрдыл æрлæууын кæнынц.)* |

| | |
|---|---|
| Зарын. Зарæг «Иу, дыууæ, æртæ, цыппар». | Ног зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зæлты бæрзæнд сбæрæг кæной æмæ йæ сæ къухты змæлдæй равдисой. |
| Моргуаты Ю. «Фæззæг». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, йæ мидис ын ахуыры темæимæ бабæтты. Цымыдис кæны сабиты зарæджы мидисмæ. |
| Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг музыкалон фрагменттæм гæсгæ базоной (райдайæн, азард, базард). Уый фæстæ сабитæ зарынц иугæйттæй, къордгæйттæй. М. р. сабиты хъус æрдары сыгъдæг, аив зардмæ. |
| Цæлхдымбылцыд. З. Роот. «Ах, какая осень!». | Сабитæ зарæг йæ мелодимæ гæсгæ базонынц æмæ сæрмагондæй, музыкæйы темпмæ гæсгæ, цæлхдымбылцыд кæнынæл архайынц. |
| Хъазт. М. Глинка. «Мячики и дети». | Хъазт ахуыр кæныны размæ м. р. сабиты зонгæ кæны музыкæимæ, зæгъы сын, цæмæй сбæрæг кæной пьесæйы формæ (цал хайæ арæзт у) æмæ се ‘мдзæгъдæй фæбæрæг кæной музыкæйы хæйтты аивд.<br>Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй ахъазой хъазт «Хорз – æвзæр»-æй, æмæ сæм фæрстытæ дæтты.<br>*(Музыкæ хорз у æви æвзæр? Хъæрæй зæлаг музыкæ хорз у æви æвзæр? Сабыр музыкæ хорз у æви æвзæр?)* |

**Темæ: «Фæззæг».**
**Нысантæ:**

– Рæзын кæнын алы жанрты музыкалон уацмысты мидис æмбарыны арæхстдзинæдтæ; хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй зарын; музыкæйы динамикон ивддзинæдтæ иртасын.
– Рæзын кæнын сабиты змæлынадон мысæнуат.
– Архайды хуызты фæрцы сæ цымыдис кæнын музыкæмæ.

**Репертуар:** И. Штраус. «Рæсугъд æрвхуыз Дунайы был».
Моргуаты Ю. «Фæззæг».
«Ногдзаутæ, азарæм».
М. Глинка. «Полька».
Чех. ад. мелоди «Къæйттæй кафт».

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. П. Чайковский. «Играем, как мячики». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной райдайæн уавæр. Сабитæ залы къуымты фæкъордтæ вæййынц. Музыкæйы I хаймæ гæсгæ сæ бынæттæ аивынц. |
| Хъусын. И. Штраус. «Рæсугъд æрвхуыз Дунайы был». | **М. р.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, вальсы тыххæй цы зæгъæн ис? *(Вальс у кафт.)* Вальс нымад у хуыздæр кæфтытæй иуыл, у рагон кафт, фæлæ ныртæккæ дæр рох нæу. Адæм кафыдысты æмæ кафынц вальс, зилдух кæнгæйæ, хъæлдзæгæй кафыдысты къæйттæй. Вальс – немыцаг дзырд «зилдух»-æй равзæрдис. Ныртæккæ мах дæр байхъусдзыстæм вальсы музыкæмæ *(хъусынц).* Уæ зæрдæмæ фæцыдис? Вальсы музыкæйы тыххæй уæ бон цы зæгъын у? *(Сабиты дзуæппытæ.)* |

| | |
|---|---|
| Зарын.<br>Зарæг «Иу, дыууæ, æртæ, цыппар». | Зарæг дарддæр ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ сыгъдæг интонацийæ зарой. |
| Моргуаты Ю. «Фæззæг». | Зарæг ахуыр кæнынц ирон æвзагыл *(инструктор рагагъоммæ сабиты зонгæ кæны зарæджы тексты ныхæстимæ, æнæзонгæ дзырдтæ бамбарын кæны.)* М. р. сабиты ахуыр кæны мелоди æмæ ныхæстæ раст æмæ сыгъдæг зарын. |
| Зарæг «Ногдзаутæ, азарæм». | Сабитæ йæ райдайæнмæ гæсгæ базонынц зонгæ зарæг, уый фæстæ зарынц иугæйттæй, къордгæйттæй. |
| Хъазт.<br>М. Глинка. «Мячики и дети». | М. р. æмбарын кæны сабиты æмæ пуртиты змæлдтытæ, сывæллæтты хъус æрдары къухты змæлдмæ. Сабитæ дыууæ къордыл дих кæнынц æмæ архайынц. |
| Чех. ад. мелоди «Къæйттæй кафт». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй музыкалон фрагментмæ гæсгæ базоной зонгæ кафт. Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сын сæ зæрдыл æрлæууын кæны кафты ном æмæ змæлдтыты фæткæвæрд. *(Кафт æвзарынц сабиты фæндонмæ гæсгæ.)* |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сфæлхат кæной зарæг «Фæззæг»-ы ныхæстæ.

*13 ахуыр*

**Темæ: «Зайæгойты дуне».**

**Нысантæ:**

– Сабиты дарддæр ахуыр кæнын музыкæйы характер иртасын, заргæйæ раст улæфын, музыкæмæ гæсгæ змæлын, ныфсхаст характер дугъгæнгæйæ равдисын.

– Рæзын кæнын музыкалон æнкъарынад.

– Гуырын кæнын райгуырæн бæстæйы æрдзмæ уарзондзинад.

**Репертуар:** И. Штраус. «Рæсугъд æрвхуыз Дунайы был».
П. Чайковский. «Играем, как мячики».
Моргуаты Ю. «Фæззæг».
В. Витлин. «Лесная песенка».

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. П. Чайковский. «Играем, как мячики». | Фæлтæрæн ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары сабитæм, цæмæй, музыкæйы динамикæ аивд ритммæ гæсгæ раст æвдисой. |
| Хъусын. И. Штраус. Вальс «Рæсугъд æрвхуыз Дунайы был». | Сабитæ хъусынц вальсмæ.<br>М. р. Цавæр равг ис вальсæн?<br>*(Сабиты дзуæппытæ.)*<br>**М. р.** Ацы вальс ныффыста композитор Иоганн Штраус. Уыдис дыууæ Иоганн Штраусы – фыд æмæ фырт. Дыууæ дæр уыдысты композитортæ. Фæлæ «Вальсы къарол» сси фырт – Иоганн Штраус. |
| Зарын. Зарæг «Иу, дыууæ, æртæ, цыппар». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй цавæрфæнды змæлдæй равдисой, мыр «ш»-мæ кæм ахизы, уый. |
| В. Витлин. «Лесная песенка». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, зарæджы мидис ахуыры темæимæ бабæтты, разæнгард сæ кæны эмоционалон æнкъарæнтæм, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. |
| Моргуаты Ю. «Фæззæг». | Сабитæ хъусынц зарæгмæ, сбæрæг ын кæнынц йæ мидис æмæ характер. |

| | |
|---|---|
| | Зарæг дарддæр ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ зарын райдайой музыкæйы хæдуæлвæд, дзырдтæ иронау раст дзургæйæ. |
| Цæлхдымбылцыд. З. Роот. «Ах, какая осень!» | Цæлхдымбылцыд фæлхатгонд цæуы, цæмæй сабитæ музыкæмæ уыцы иу рæстæг заргæ дæр кæной æмæ кафгæ дæр. М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны, цæмæй се змæлд уа рæсугъд æмæ аив. |
| Хъазт. М. Глинка. «Мячики и дети». | Хъазт ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ музыкæйы ритм æмæ тактмæ гæсгæ сæ къæхтæй змæлой хъандзалты хуызæн, уыимæ – къахфындзтыл æмæ, сæ къухтæ змæлынгæнгæйæ, рог дугъ кæной. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты бафæрсы, ахуыры сæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыдис, уымæй.

*14 ахуыр*

**Темæ: «Зайæгойты дуне».**
**Нысантæ:**

– Сабиты цымыдис кæнын классикон музыкæмæ; сабиты ныхасы рæзтыл кусын; ахуыр сæ кæнын сыгъдæг интонацийæ зарын; зæлтæ сæ дæргъвæтинмæ гæсгæ иртасын; тыгъдады ориентаци кæнын.
– Рæзын кæнын сабиты ассоциативон хъуыдыкæнынад.
– Хъомыл сæм кæнын зæрдæхæлар ахастытæ кæрæдзимæ.

**Репертуар:** И. Штраус. Вальс «Рæсугъд æрвхуыз Дунайы был».
П. Чайковский. «Играем, как мячики».
В. Витлин. «Лесная песенка».
Моргуаты Ю. «Фæззæг».
Н. Тихонов. «Песенка в камышах».

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. П. Чайковский. «Играем, как мячики». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй фæлтæрæны райдайæн уавæр сæ зæрдыл æрлæууын кæной, архайой, музыкæйы динамикон ивддзинæдтæ бæрæг кæнгæйæ. |
| Хъусын. И. Штраус. Вальс «Рæсугъд æрвхуыз Дунайы был». | Сабитæ хъусынц вальсмæ. **М. р.** Цавæр равг ис ацы вальсæн? *(Сабиты дзуæппытæ.)* М. р. Раст загътат, уый у уæнгрог, цæхæркалгæ, адæймаг æм куы хъуса, уæд йæ цæстытыл ауайы, хъазтизæры адæм къæйттæй куыд зилдух кæнынц, уый. Цæст ахсы бæрæгбоны дарæсы ирд хуызтæ. М. р. сабиты хъус дары вальсы темæты ивдмæ, зæгъы сын, цæмæй алы хатт дæр, музыкæйы ног темæ фехъусгæйæ, сæ къухтæ хæрдмæ сисой. |
| Зарын. Н. Тихонов. «Песенка в камышах». | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны, зæлтæ кæй вæййынц дæргъвæтин æмæ цыбыр. Зарæг арæзт у алыхуызон зæлты æмиуадæй (сочетание). Сабитæ дарддæр хъусынц æмæ зарынц зарæджы мелоди, зæлты дæргъвæтиндзинад се 'мдзæгъдæй фæбæрæг кæнгæйæ. |
| В. Витлин. «Лесная песенка». | Сабитæ байхъусынц зарæгмæ, сбæрæг ын кæнынц йæ арæзт (райдайæн, азард, базард). Архайынц раст интонацийæ зарын. |
| Моргуаты Ю. «Фæззæг». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ мелоди раст интонацийæ зарой, заргæйæ раст улæфой. |

| | |
|---|---|
| Хъазт «Мячики и дети». М. Глинка. «Полька». | Сабиты ахуыр кæнын музыкæмæ гæсгæ кафæг æмбалимæ иумæ змæлын. |
| Сфæлдыстадон хæслæвæрд. Ю. Литовка. «Веселые лягушата». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй се змæлдтытæй хъазты æууæлтæ равдисой. Сабитæ къæйттæй хъазынц, архайынц се змæлдæй хæфсы характерон миниуджытæ равдисын. Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной, цы композиторты сфæлдыстадимæ базонгæ сты, уыдоны мыггæгтæ. |

*15 ахуыр*

**Темæ: «Цæрæгойты дуне».**

**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын, уыцы иухуызон жанры уацмысты иумæйаг миниуджытæ ссарын æмæ сæ абарын. Рæзын кæнын сабитæм искæй фæлгонц равдисыны арæхстдзинæдтæ. Ахуыр сæ кæнын музыкæйы характер сбæрæг кæнын æмæ йæ змæлдтытæй раст равдисын; зæлтæ сæ дæргъвæтинмæ гæсгæ иртасын, змæлдтытæ аивдæр равдисынил архайын.

– Рæзын кæнын ассоциативон арæхстдзинæдтæ.

– Хъомыл кæнын сабитæм сфæлдыстадон фæлгонцмæ эмоционалон ахастытæ.

**Репертуар:** Гуырдзыбегты Г. «Фæззыгон вальс».

И. Штраус. «Рæсугъд æрвхуыз Дунайы был».

В. Витлин. «Лесная песенка».

Н. Тихонов. «Песенка в камышах».

Моргуаты Ю. «Фæззæг».

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. Т. Ломова. «Поскоки». | Сабитæ музыкæмæ гæсгæ зылды, иу къахæй иннæмæ рагæпп-багæпп кæнгæйæ, цæуынц. М. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст змæлой æмæ сæ къухтæ исой. |
| Хъусын. Гуырдзыбегты Г. «Фæззыгон вальс». И. Штраус. «Рæсугъд æрвхуыз Дунайы был». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой Гуырдзыбегты Георгийы уацмысмæ æмæ сбæрæг кæной, цавæр жанр у, уый *(кафт, зарæг æви марш).* *(Сабиты дзуæппытæ).* М. р. Куыд хуыйны ацы кафт? *(Вальс.)* Дзырд «Вальс» цы нысан кæны? *(Зилдух кæнын.)* Цавæр вальсмæ ма хъуыстат? *(Сабиты дзуæппытæ)* М. р. Кæцы вальс фæцыдис уæ зæрдæмæ? Цæмæн? *(Сабиты дзуæппытæ.)* |
| Зарын. Н. Тихонов. «Песенка в камышах». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæджы мелоди азарой, цыбыр зæлтæ æмдзæгъдæй бæрæг кæнгæйæ, дæргъвæтин зæлтæ та – уæрджытæ æртъупп кæнгæйæ. |
| В. Витлин. «Лесная песенка». | Сабиты ахуыр кæнын сыгъдæг интонацийæ зарын, заргæйæ раст улæфын. |
| Моргуаты Ю. «Фæззæг». | Сабитæ зарынц, м. р. ахуыр кæны сабиты раст зарын æмæ зарæджы характер æвдисын. Уый фæстæ сабитæ зарынц æнæ музыкæйæ, м. р. æххуысæй. |
| Сфæлдыстадон хæслæвæрд. | М. р. зæгъы сабитæн, вальсмæ æрмæст хъусын нæ, фæлæ кафæн дæр ис. Сабитæ архайынц вальсы музыкæмæ гæсгæ змæлын. Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, вальс йеддæмæ ма цавæр кæфтытæ зонынц, уымæй. Зæгъы сын, цæмæй сæ равдисой. |

**Темæ: «Цæрæгойты дуне».**

**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын, «ритмуæнгтæй» (ритмослог) ритмикон ныв куыд равæрын хъæуы, уыимæ. Ахуыр сæ кæнын мелодийы ритм æнкъарын, хæдбарæй архайын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард, логикон хъуыдыкæнынад.

– Хъомыл сæм кæнын хатдзæгтæ кæныны арæхстдзинæдтæ.

**Репертуар:** Т. Ломова. «Поскоки».
В. Витлин. «Лесная песенка».
Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг».

**Архайæн фæрæзтæ:** фланелеграф, зæлты дæргъвæтин фæнысан кæнынæн гæххæтты уадздзæгтæ (сæ дæргъ – алыхуызон).

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. Т. Ломова. «Поскоки». | Гæппытæ кæнгæйæ цыд ныффидар кæнын. Сабитæ къордгæйттæй æххæст кæнынц фæлтæрæн, м. р. йæ хъус дары сабиты архайдмæ. |
| Музыкалон-дидактикон хъазт «Равдис ритм». | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны: алы мелоди дæр арæзт у зæлтæй, зæлтæ сæ дæргъвæтинмæ гæсгæ вæййынц алыхуызон. Дæнцæгæн сабитæ акæнынц зарæг «Песенка в камышах», заргæйæ цыбыр æмæ дæргъвæтин зæлтæ се ’мдзæгъдæй фæбæрæг кæнынц. М. р. дзуры, зæгъгæ, зæлтæ радыгай, бæрæг фæткæвæрдыл куы зæлой, уæд дзы рауайы зарæджы ритмикон ныв, стæй фланелеграфыл равæры, цы музыкалон фразæ азарыдисты, уый ритмикон ныв. Уыимæ цыбыр зæл фæбæрæг кæны уæнг «ти»-йæ, дæргъвæтин зæл та – уæнг «та»-йæ. |

| | |
|---|---|
| | Дарддæр сабитæ, уæнгтæ «ти» æмæ «та»-йæ пайда кæнгæйæ, ногæй зарынц музыкалон фразæ. Сабитæй иу уыцы ритмикон ныв æвдисы фланелеграфыл. Хæслæвæрд фæлхатгонд цæуы 2–3 хатты. |
| Зарын. Зарæг «Иу, дыууæ, æртæ, цыппар». | Сабиты ахуыр кæнын сыгъдæг æмæ хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй зарын, заргæйæ дзырдты мидæг хъæлæсонтæ сыгъдæг дзурын. |
| В. Витлин. «Лесная песенка». | Сабиты ахуыр кæнын иумæ уыцы иу уагыл зарын, заргæйæ кæрæдзимæ хъусын. |
| Зарын. Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг». | Сабиты дарддæр ахуыр кæнын раст зарын. Музыкалон базон-базоны хуызы лæвæрд цæуы зарæджы фразæ кæнæ райдайæн. Сабитæй, раздæр чи базона зарæг, уый зары. Дарддæр зарынц радыгай, алчи дæр – иу музыкалон фразæ. |
| Дидактикон хъазт «Нæмттæ æмæ ритмтæ». | М. р. Ныр та хъазгæ акæнæм. Ном «Инал» цал уæнгæй конд у, уал хатты æрæмдзæгъд кæнут. *(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Уыцы хуызы цæуы ма куыст ахæм нæмттимæ: Зуран, Лерæ, Мæдинæ. Уый фæстæ м. р. фланелеграфыл равæры нæмтты схемæтæ æмæ зæгъы сабитæн, цæмæй схемæтæм гæсгæ сæ нæмттæ ссарой.)* |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. арфæ кæны сабитæн сæ активон архайды фæдыл.

*17 ахуыр*

**Темæ: «Доны бын дуне».**

**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын францаг композитор Ш. К. Сен-Сансы сфæлдыстадимæ. Ахуыр сæ кæнын музыкæ

ænkъarын, музыкæимæ æмæ æнæ музыкæйæ зарын, музыкæйы характермæ гæсгæ змæлын, хъусгæйæ дæргъвæтин æмæ цыбыр мыртæ иртасын.

– Рæзын кæнын сабиты хъуыдыкæнынад.

– Хъазгæйæ иумæ, кæрæдзийы æххуысæй куыд архайой, сабиты уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Сен-Санс. «Аквариум».
Л. Гавришева. «Щука».
Ю. Чичков. «Лесной марш».
В. Витлин. «Лесная песенка».
М. Красев. «Рыбка».

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Райуаринаг.** Гæххæтты сыфтæ æмæ уæрхмæ гæсгæ алыхуызон уадздзæгтæ.

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ «Гæппытæ, тъæбæрттытæ». | Сабитæ байхъусынц музыкæмæ, сбæрæг ын кæнынц йæ темп, уæнгрог характер, се 'мдзæгъдæй музыкæйы ритмикон ныв равдисынц, дарддæр лæвæрд темпмæ гæсгæ згъорынц æмæ гæппытæ кæнынц. |
| Хъусын. Сен-Сансы пьесæ «Аквариум». | **М. р.** Абон мах байхъусдзыстæм тынг рæсугъд музыкæмæ. Ныффыста йæ францаг композитор Сен-Санс. Пьесæ хуыйны «Аквариум». Уæдæ йæм байхъусæм, цымæ нын музыкæ цы радзурдзæн? *(Зæлы пьесæ.)* Музыкæмæ хъусгæйæ уæ цæстытыл цы ауадис? *(Сабиты дзуæппытæ.)* Æцæгæйдæр, куыддæр фыццаг мыртæ азæлыдисты, афтæ фе-хъуыстам рæсуг доны хъæр, уым æнæзивæг цъыввыттытæ кæнынц кæсæгтæ. Ахæм диссаджы музыкæ равзæрдис скрипкæ, флейтæ æмæ фортепианойы тембртæй. *(Сабитæ ма иу хатт хъусынц пьесæмæ.)* |

| | |
|---|---|
| Зарын.<br>Зарæг «Щука». | Уацмыс ахуыр кæнгæйæ, сабитæ архайынц мелоди сыгъдæг зарын æмæ мыртæ сæ дæргъвæтинмæ гæсгæ иртасын. Цыбыр мыртæ се 'мдзæгъдæй фæбæрæг кæнынц, дæргъвæтинтæ та – уæрджытæ къæрццытæ кæнгæйæ. |
| Ю. Чичков. «Лесной марш». | М. р. сабиты ног зарæгимæ зонгæ кæны æмæ сæ зарæджы мидисмæ цымыдис кæны. |
| В. Ветлин. «Лесная песенка». | Сабитæ зарынц, м. р. йæ хъус дары, цæмæй раст зарой æмæ зарæджы характер æвдисой. Зæгъы сабитæн, цæмæй хъомылгæнæджы æххуысæй зарæг æнæ музыкæйæ азарой. |
| Музыкалон-дидактикон хъазт «Ритм равдис». | Сабитæ æрбадынц зылды, алкæмæ дæр – гæххæтты сыф æмæ уадздзаг. М. р. сын сæ зæрдыл æрлæууын кæны Н. Тихоновы зарæг «Песенка в камышах»-ы мелоди. Сабитæ се 'мдзæгъдæй æвдисынц зарæджы ритмикон ныв, альбомы сыфтыл схемæтæ аразынц. Хъомылгæнæг сын сæ куыст сбæрæг кæны. |
| Хъазт.<br>М. Красёв. «Рыбка». | Сабитæ хъусынц зарæг «Рыбка»-мæ. М. р. æвдисы, кæсæгтæ куыд ленк кæнынц, уый. Уый фæстæ сабитæ æнæ м. р. сæхæдæг архайынц.<br>Ахуыры сахатæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы, абон цавæр композиторимæ базонгæ сты æмæ цавæр уацмысмæ хъуыстой, уымæй. |

**Темæ: «Доны бын дуне».**
**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын æрдзы рæсугъддзинад, музыкæ æмæ зарæджы мидис æнкъарын. Ахуыр сæ кæнын раст æмæ сыгъдæг зарын. Бакусын кафты змæлдтытыл, артикуляцийыл.

– Рæзын кæнын сабиты сфæлдыстадон фантази кафты руаджы.

– Иумæ, кæрæдзийы æмбаргæйæ куыд архайой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Ш. К. Сен-Санс. «Аквариум».
Ю. Чичков. «Лесной марш».
М. Красев. «Рыбка».
Л. Гавришева. «Звери».

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Гæппытæ- тъæбæрттытæ». | Фæлтæрæнтæ ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст архайой, рог дугъ кæной, къахфындзтыл фæлмæн гæппытæ кæной. |
| Хъусын. Сен-Санс. «Аквариум». | **М. р.** *(бакæсы А. Соболевайы æмдзæвгæ):*<br>Бон-изæрмæ гыццыл муртæ,<br>Донбеттыры чысыл хуртæ<br>Авджы аууон – цъыввыттытæ,<br>Змисы амбæхсынц сæ сæртæ.<br>Агуппар та вæййынц уайтагъд,<br>Ленкгæнæнтæ ризынц тагъд-тагъд.<br>Иудадзыг сæхи фæнайынц<br>Æмæ ’ппындæр нæ фæллайынц.<br>Ирд, тæмæнкалгæ хæрв дарынц,<br>Сывæллæтты дисы ’фтауынц.<br>Цæй тыххæй у ацы æмдзæвгæ?<br>*(Сабиты дзуæппытæ.)* |

| | |
|---|---|
| | **М. р.** Раст загътат, ацы æмдзæвгæ у доны бын дунейы тыххæй. Рæсугъд ныхæстæ йыл ныффыста поэт. Ныр та байхъусут, уыцы дуне йæ музыкæйы композитор куыд равдыста, уымæ. (Зæлы пьесæ «Аквариум».) Ацы музыкæмæ хъусгæйæ нæ цæстытыл ауайы, поэт цы доны бын дунейы кой кодта, уый. |
| Зарын. А. Гавришева. «Щука». | Зарæг фæлхат кæныны руаджы сабиты ахуыр кæнын «квартæмæ», «интервалмæ» ахизын, сыгъдæг интонацитæ раст равдисын; мелодийы ритмикон ныв равдисын. |
| Ю. Чичков. «Лесной марш». | Сабитæ хъусынц зарæгмæ, йæ мидис ын сбæрæг кæнынц. Мелоди ахуыр кæнгæйæ, архайынц музыкæмæ гæсгæ раст интонацийæ зарын. |
| А. Гавришева. «Звери». | Сабитæ хъусынц ног зарæгмæ, м. р. сæ цымыдис кæны зарæджы мидисмæ. Дыккаг хатт заргæйæ, сабитæ æвдисынц, зарæджы цы цæрæгойтæ æвдыст цæуы, уыдоны. |
| Музыкалон-дидактикон хъазт «Равдис ритм». | Сабитæ дыууæ рæнхъæй лæууынц. М. р. мелодийы ритмикон ныв фыццаг сывæллонæн амоны, уыцы сывæллон, мырты дæргъвæтин сбæрæг кæнгæйæ, йæ фарсмæ лæууæг сывæллонæн йе уæхскыл æрхойы ритмикон ныв, уый та – йæ фарсмæ лæууæг сывæллонæн æмæ а. д. Рæнхъы кæрон лæууæг сывæллон хъуамæ æмдзæгъдæй равдиса ритмикон ныв. Уый фæстæ хæслæвæрд æххæст кæнынц дыккаг рæнхъы лæууæг сывæллæттæ. |
| Хъазт. М. Красев. «Рыбка». | Хъазт райдайы зарæджы фыццаг ныхæстимæ. Сабитæ къахфындзтыл рог дугъ кæнынц, размæ æргуыбыр кæнынц, |

| | |
|---|---|
| | стæй та фæстæмæ раст æрлæууынц. Сабитæ архайынц сабыргай, æнæрлæугæйæ. Сæ къухты змæлдæй æвдисынц, кæсаг куыд ленк кæны, уый. Ахуыры сахатæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæн арфæ кæны сæ активон архайды фæдыл. |

*19 ахуыр*

**Темæ: «Æрдз – нæ хæдзар».**

**Нысантæ:**

– Рæзын кæнын музыкæйы характер иртасыны зонындзинæдтæ, музыкæ æнкъарын; хъусгæйæ дæргъвæтин æмæ цыбыр мыртæ иртасын.

– Рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн.

– Сабитæн рæзын кæнын сæ хъуыдытæ раст дзурыны арæхстдзинæдтæ.

**Репертуар:** Ш. К. Сен-Санс. «Аквариум».
Ю. Чичков. «Лесной марш».
Л. Гавришева. «Звери».
М. Красев. «Рыбка».
Хъæлдзæг кафт, лит. адæмон мелоди.

**Архайæн фæрæзтæ:** ритмикон нывты схемæтæ (гæххæттыл), фортепиано, флейтæ æмæ скрипкæйы нывтæ.

**Ахуыры ныв**æ**ст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ «Гæппытæ-тъæбæрттытæ». | Фæлтæрæн æххæст кæнынц къордгæйттæй: иу къорды сабитæ архайынц, иннæ къорды сабитæ та сæм кæсынц æмæ сын сæ архайдæн аргъ скæнынц, уый фæстæ къордтæ сæ бынæттæ баивынц. |

| | |
|---|---|
| Хъусын.<br>Сен-Санс. «Аквариум». | Зæлы Сен-Сансы «Аквариум»-ы музыкæ. М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной композиторы мыггаг, пьесæ куыд хуыйны æмæ цæй тыххæй у, уый. Сабитæ сбæрæг кæнынц музыкалон инструментты азæлд (скрипкæ, флейтæ, фортепиано). |
| Зарын.<br>Зарæг «Дæ ном азар». | М. р. рагацау равæры карточкæтæ, карточкæтыл – ритмон-уæнгон (ритмо-слоговые) схемæтæ. Сабитæй алчи дæр, йæ ном цал уæнгæй арæзт у, уымæ гæсгæ райсы карточкæ-схемæ æмæ лæвæрд хъæлæсы уагæй йæ ном азары. |
| Ю. Чичков. «Лесной марш». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. сабиты ахуыр кæны рогзард кæнын æмæ заргæйæ раст улæфын фразæты астæу æмæ зарæджы райдайæны. |
| Л. Гавришева. «Звери». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ хъæлæсонтæ раст дзурой æмæ сыгъдæг интонацийæ зарой мелоди. |
| Лит. адæмон мелоди «Хъæлдзæг кафт». | Кафт ахуыр кæныны размæ уал сабитæ къæйттæй цæуын фæлтæрынц. Музыкæмæ байхъусыны æмæ йын йæ характер сбæрæг кæныны фæстæ, се ’хсæн æмхуызон интервал, афтæмæй зылдмæ гæсгæ цæуынц. |
| Хъазт.<br>М. Красев. «Рыбка». | Сабиты ахуыр кæнын аив змæлын æмæ тыгъдады ориентаци кæнын.<br>Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй, бæрæг ритмикон нывмæ гæсгæ æрхъуыды кæной дзырд. |

**Темæ: «Æрдз – нæ хæдзар».**
**Нысантæ:**

– Ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ Ш. К. Сен-Сансы музыкæ «Аквариум»-ы тыххæй, бæлвырдæй та уый, æмæ музыкæйæ кæй ис равдисæн цæрæгойты, мæргъты, кæсæгты фæлгонцтæ. Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ музыкалон фæрæзты тыххæй: динамикæ, темп. Музыкæйы характермæ гæсгæ змæлыны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты эстетикон æнкъарынад.

– Хъомыл сæм кæнын зæрдæхæлар ахастытæ кæрæдзимæ.

**Репертуар:** Ш. К. Сен-Санс. «Аквариум».
Ю. Чичков. «Лесной «марш».
Л. Гавришева. «Звери».
М. Глинка. «Полька».

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ «Гæппытæ». | Т. Ломовайы музыкæмæ гæсгæ фæлтæрæн ахуыр кæнгæйæ, сабиты ахуыр кæнын къæйттæй лæугæйæ архайын. Сабитæ хъуамæ иу темпы змæлой, æмархайд кæной сæ къæйттимæ (гæппытæгæнгæ цæуой). |
| Хъусын. Ш. К. Сен-Сансы «Аквариум» æмæ «Къаролы марш». | **М. р.** Сывæллæттæ, æз уæ абон хонын æнахуыр бæрæгбонмæ, уый у музыкалон карнавал. Музыкалон та уымæн у, æмæ карнавалы архайджыты уынгæ нæ кæндзыстæм, фæлæ хъусгæ. Уыдоны тыххæй нын радзурдзæн францаг композитор Ш. К. Сен-Сансы музыкæ. Карнавалы персонажтæй иуимæ зонгæ стæм. *(Зæлы пьесæ «Аквариум»-æй скъуыддзаг, сабитæ дзурынц сæ хъуыдытæ.)* |

| | |
|---|---|
| | Ныр та байхъусæм «Къаролы марш»-мæ. Ацы марш байгом кæны бæрæгбон. Байхъусут æм æмæ нын, цы æвдисы, уый зæгъдзыстут. *(Зæлы музыкæ. Сабитæ дзурынц сæ хъуыдытæ: музыкæ у тызмæг æмæ сæрыстыр.)* |
| Зарын. Зарæг «Дæ ном азар». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй лæвæрд тоныл радыгай сæ нæмттæ азарой. М. р. азары: «Чи дæ ды?», сывæллон ын, заргæйæ, дзуапп ратты. |
| Ю. Чичков. «Лесной марш». | Сабиты ахуыр кæнын зарæг иумæ райдайын æиæ иумæ фæуын. Сабитæ, заргæйæ, архайынц зарæджы динамикон фæлгъуызтæ (динамич. оттенки) равдисын. |
| Л. Гавришева. «Звери». | Сыгъдæг интонацийæ зард ныффидар кæнын. Ахуыр сæ кæнын зарæджы райдайæн æмæ музыкалон фразæты астæу раст улæфын. |
| Лит. адæмон мелоди «Хъæлдзæг кафт». | Кафт ахуыр кæныны размæ м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной райдайæн уавæр (ома, хъуамæ сæхæдæг зылдмæ гæсгæ къæйттæй æрлæууой.) Уый фæстæ зæлы музыкæ æмæ сабитæ рахизæрдæм иумæ гæппытæ кæнынц. |
| Хъазт «Сабитæ æмæ пуртитæ». | Сабиты ахуыр кæнын къæйттæй музыкæимæ иумæ æмархайд кæнын. |
| М. Глинка. «Полька». | Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы, цæмæй, зарæг «Звери» цы цæрæгойты тыххæй у, уыдоны сабитæ равдисой се змæлдæй. |

**Темæ: «Æз æмæ мæ буар».**
**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын æмбарынад «жанр»-имæ.
Ахуыр сæ кæнын гæпдугъ кæнын (прямой галоп). Ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ мелодийы контрастон азæлды тыххæй; ахуыр сæ кæнын ритм æнкъарын æмæ музыкæйы характер змæлдтытæй æвдисын, схъиударæзт мелоди сыгъдæг зарын, зонгæ зарджытæ сæ мелоди æмæ сæ райдайæнмæ гæсгæ базонын.
– Рæзын кæнын сабиты хъусдард.
– Хъомыл сæм кæнын цымыдис æмæ уарзондзинад музыкæмæ.

**Репертуар:** Къудухты Т. «А-ло-лай».
Ю. Чичков. Физкультура».
Л. Гавришева. «Звери».
М. Глинка. «Полька».
Лит. адæмон мелоди «Хъæлдзæг кафт».
Е. Тиличеева «Бубенчики».

**Архайæн фæрæзтæ:** фланелеграф, хъæбæр гæххæттæй арæзт мырмырæгтæ (бубенчики).

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Бæхджынтæ». | Сабитæ зылды лæууынц, сæ къухтæ афтæ дарынц, цыма бæхы рохтыл хæцынц. Зæлы Н. Петровы музыкæ, бæхджынтæ гæпдугъ кæнынц, фæстаг аккордимæ сæ бæхтæ æрлæууын кæнынц æмæ бæхы рохтыл рахæцынц. |
| Хъусын. Къудухты Т. «А-ло-лай. | **М. р.** Абон мах абалц кæндзыстæм музыкæйы диссаджы бæстæмæ. Цымæ уыцы бæстæйы чи цæры? *(Сабиты дзуæппытæ.)* |

**М. р.** Уыцы бæстæйы цы музыкалон уацмыстæ цæры, уыдон сты алыхуызон.

Алкæцыйæн дæр дзы ис йæхи «визитон карточкæ». Уыцы карточкæйы ма, уацмысы ном æмæ композиторы мыггагæй уæлдай, бæрæггонд вæййы уацмысы жанр дæр. Жанр – уый у мыггаг, ома, иу жанр цы уацмыстæн ис, уыдон сты хæстæджытæ, кæрæдзимæ хæстæг лæууынц. Уацмысы жанр цавæр у, уымæ гæсгæ базонæн ис музыкæ дæр. Цавæр у ацы музыкæ?
*(Зæлы «Авдæны зарæг».)*
**С.** Музыкæ у сабыр, рæвдауæг, уæздан.
**М. р.** Вокалон у æви инструменталон?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**М. р.** Абон мах базонгæ стæм иу жанримæ – зарæгимæ, ома – вокалон музыкæ.

Музыкалон-дидактикон хъазт «Бæрзонд – ныллæг».

Фланелеграфыл, алыхуызон бæрзæндыл, – гæххæттæй арæзт мырмырæгтæ.
М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй, предметтæ фланелеграфыл куыд æвæрд сты (ома – сæ бæрзæндмæ гæсгæ), уый зæгъой.
Уый фæстæ сабиты зæрдыл æрлæууын кæнын, уыцы иу мелодийæн йæ бон кæй у алыхуызон регистрты зæлын. Регистр – уый у зæлты рæнхъ, уым зæлтæ лæууынц кæрæдзийы фæдыл, алкæцыйæн дæр дзы ис йæхи азæлд. Музыкæйы ис æртæ регистры: бæрзонд, астæуккаг æмæ ныллæг (амоны фланелеграфмæ). Уый фæстæ сабитæ хъазынц хъазт «Бæрзонд – ныллæг»-æй. Музыкæ уæллаг регистры куы зæлы, уæд сабитæ сæ къухтæ уæлæмæ сисынц, астæуккаг регистры – къухтæ

| | |
|---|---|
| | уæрджытыл æрæвæрынц, ныллæг регистры – къухтæ бынмæ æруадзынц. |
| Зарын. Е. Тиличеева «Бубенчики». | Сабитæ стыр æмæ гыццыл терци сыгъдæг интонацийæ зарынц, къухты змæлдæй заргæ зæлты бæрзæнд æвдисынц (сабитæй иу архайы фланелеграфыл.) |
| Ю. Чичков. «Физкультура». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ. Зарæджы мидис ахуыры темæимæ бабæтгæйæ, сабиты цымыдис кæны зарæджы мидисмæ. |
| Л. Гавришева. «Звери». | Сабиты ахуыр кæнын иумæ райдайын зарын; зарын уыцы иу темпы, кæрæдзийы зардмæ хъусгæйæ. |
| Лит. адæмон мелоди «Хъæлдзæг кафт». | Кафты руаджы сабиты ахуыр кæнын мелодийы ритмикон ныв змæлдтытæй æв-дисын, ома, цы ритмикон ныв фехъусой, уый хъуамæ æмдзæгъд æмæ къæхты тъуппытæй равдисой.<br>Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, цы у регистр, цавæртæ вæййынц регистртæ, домы, цæмæй сæ клавиатурæйыл равдисой. |

*22 ахуыр*

**Темæ: «Æз æмæ мæ буар». Музыкалон жанртæ.**
**Нысантæ:**

– Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ музыкалон жанрты тыххæй, ахуыр сæ кæнын музыкалон уацмысы хъайтары фæлгонц змæлдтытæй æвдисын, сабиты дзырдуат музыкалон терминтæй фæхъæздыгдæр кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард.

– Хистæртæн æмæ кæрæдзийæн аргъ куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Гуырдзыбегты Г. «Ирон вальс».
И. Штраус. «Рæсугъд æрвхуыз Дунайы был».

Е. Тиличеева. «Кукушка».
Ю. Чичков. «Физкультура».
Л. Гавришева». Звери».
Лит. адæмон мелоди «Хъæлдзæг кафт».

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Бæхджынтæ». | **М. р.** Абон дарддæр абалц кæндзыстæм музыкæйы диссаджы бæстæмæ æмæ байхъусдзыстæм дыууæ вальсмæ. |
| И. Штраус. «Рæсугъд æрвхуыз Дунайы был». | *(Фыццаг зæлы «Ирон вальс»-æй фрагмент, уый фæстæ та вальс «Рæсугъд æрвхуыз Дунайы был».)*<br>**М. р.** Ацы музыкæйы тыххæй цы зæгъæн ис, цавæр у?<br>**С.** Музыкæ у уæздан æмæ аив. Адæймаджы æрфæнды вальсы ритмы зилдух кæнын.<br>**М. р.** Уæдæ базонгæ стæм ног музыкалон жанр – кафтимæ. Дзырд «вальс» нысан кæны «зилдух кæнын», ома, кафгæйæ, зилдух кæнын. |
| Музыкалон-дидактикон хъазт «Базон регистр». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй клавиатурæйыл регистртæ равдисой. Уый фæстæ фæлхатгонд цæуы хъазт «Бæрзонд – ныллæг» *(æркæс 21 ахуыры сахатмæ).* |
| Зарын. Е. Тиличеева. «Кукушка». | Уацмыс ахуыр кæнгæйæ, сабитæ фæлтæрынц хицæн интервалтæ æмæ мелоди сыгъдæг интонацийæ зарын. |
| Ю. Чичков. «Физкультура». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. архайы, цæмæй сабитæ, музыкæмæ хъусгæйæ, мелоди раст зарой, дзырдтæ раст дзурой æмæ логикон цавд раст æвæрой. |

| | |
|---|---|
| Л. Гавришева. «Звери». | Сабиты раст æмæ сыгъдæг зарын ахуыр кæнын. М. р. сабиты хъус æрдары, цæмæй уыцы иу темпы зарой. |
| Лит. адæмон мелоди «Хъæлдзæг кафт». | Сабиты дарддæр ахуыр кæнын музыкæйы характеримæ змæлдтытæ ивын, къæйттæй æмархайд кæнын. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитимæ ахъазы хъазт «Сыгъзæрин кулдуар»-æй.

*23 ахуыр*

**Темæ: «Музыкалон жанртæ».**

**Нысантæ:**

– Дарддæр сабиты зонгæ кæнын музыкалон жанртимæ, музыкæйы райдайæны фæстæ сæхæдæг змæлдтытæ кæнын куыд райдайой, ууыл сæ ахуыр кæнын. Музыкæйы характермæ гæсгæ змæлыны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты музыкалон хъусдард.

– Кæрæдзийы æмбаргæйæ сæ бон иу хъуыдымæ æмæ фæндмæ æрцæуын куыд уа, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертур:** Моргуаты Ю. «Марш»;
Е. Тиличеева. «Кукушка»;
Ю. Чичков. «Физкультура»;
Моргуаты Ю. «Фæззæг».

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ «Лæппутæ æмæ чызджытæ». | Сабиты ахуыр кæнын иу музыкалон фæлгонц иннæмæй хицæн кæнын, иртасын. Чызджытæ æмæ лæппутæ лæууынц хицæнтæй. |

Лæппутæ бæрзонд санчъехтæгæнгæ цæуынц (маршируют), чызджытæ та сæм кæсынц. Уый фæстæ  чызджытæ рог гæппытæ кæнынц, афтæмæй цæуынц, лæппутæ та сæм кæсынц.

Хъусын. Моргуаты Ю. «Марш».

**М. р.** Абон та ногæй ныхас кæндзыстæм жанрты тыххæй. Алы жанрæн дæр ис йæхи истори. Жанртæй иуæй-иутæ сты тынг рагон. Музыкæйы мидæг уыцы жанртæй æртæ ахсынц бæрæг бынат. Композитор Д. Кабалевский сæ схуыдта «музыкæйы æртæ киты». Уыцы жанртæ афтæ цæмæн схуыдтой, уый цæмæй хуыздæр бамбарат, уый тыххæй уын радзурдзынæн цымыдисаг цау. Раджы кæддæр адæмы тынг фæндыдис базонын, нæ Зæххæн йæ конд цавæр у, уый. Сымах та куыд хъуыды кæнут?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**М. р.** Рагон адæм æнхъæлдтой, æмæ Зæхх у стыр зиллакк, йæ алыварс – дон, æмæ лæууы æртæ китыл. Ахæм æртæ киты ис музыкæйы дæр, уыдон сты æртæ сæйраг жанры, уыдоныл лæууы музыкæйы диссаджы бæстæ æнæхъæнæй дæр. Уыдонæй дыууæ жанримæ зонгæ стут, зæгъут-ма сæ.

*(Сабиты дзуæппытæ: кафт, зард.)*

**М. р.** Ныр та байхъусут ног музыкалон уацмысмæ æмæ йын йæ жанр сбæрæг кæнут (зæлы «Марш»). Цы фæкусынц ахæм музыкæмæ гæсгæ?

*(Сабиты дзуæппытæ: санчъехтæ фæкæнынц – шагают.)*

**М. р.** Раст загътат, ахæм музыкæмæ гæсгæ маршæй фæцæуынц (маршируют),

| | |
|---|---|
| | уымæн æмæ уый у «Марш». Марш дæр у жанр. Уæдæ ныр зонгæ стæм æртæ сæйраг жанртимæ: марш, зарæг, кафт. |
| Зарын. Е. Тиличеева. «Кукушка». | Сабиты ахуыр кæнын раст интонацийæ зарын чысыл терцийы (малая терция) зæлтæ – дæлæмæ æмæ уæлæмæ, сбæрæг кæнын зæлты азæлд уæлейæ дæлæмæ кæнæ дæлейæ уæлæмæ æмæ сæ къухтæй æвдисын. |
| Ю. Чичков. «Физкультура». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, сабитæ архайынц раст улæфын зарæджы райдайæн æмæ фразæты астæу; заргæйæ логикон цавд раст æвæрын æмæ дзырдтæ сыгъдæг дзурын. |
| Моргуаты Ю. «Фæззæг». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зонгæ зарæг йæ райдайæнмæ кæнæ йæ мелодимæ гæсгæ базоной; сæ зæрдыл æрлæууын кæной зарæджы ныхæстæ æмæ сæргонд. Уый фæстæ сабитæ иугæйттæй æмæ къордгæйттæй зарынц. |
| Лит. адæмон мелоди «Хъæлдзæг кафт». | Хъазт фæлхатгæнгæйæ, сабиты ахуыр кæнын музыкæйы характермæ гæсгæ змæлын (акæфæн ис къордгæйттæй дæр.) |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитимæ ахъазы хъазтæй «Базон мæ», ома сабиты нæмттæ æмдзæгъдæй æвдисы (уæнгты нымæцмæ гæсгæ – къæрццытæ.)

*24 ахуыр*

**Темæ: «Музыкалон жанртæ».**
**Нысантæ:**

– Музыкалон уацмысы жанр сбæрæг кæныны зонындзинæдтæ ныффидар кæнын, сабиты ахуыр кæнын иу музыкалон сурæт иннæмæй иртасын, сæ хъæлæсты диапазон

сын уæрæхдæр кæнын, ахуыр сæ кæнын алыхуызон интонацион здæхтытæй пайда кæнын, музыкæйы характер змæлдтытæй равдисыны арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын.

– Хатдзæгтæ кæнгæйæ сын сæ хъуыдыкæнынад рæзын кæнын.

– Хъомыл сæм кæнын музыкæмæ хъусыны æгъдæуттæ (уацмысмæ хъусгæйæ кæрæдзи куыд нæ хъыгдарой, уацмысмæ кæронмæ куыд хъусой.)

**Репертуар:** Моргуаты Ю. «Марш».
Къудухты Т. «А-ло-лай».
Гуырдзыбегты Г. «Ирон вальс».
Ю. Чичков. «Лесной марш».

**Архайæн фæрæзтæ:** кафæг, зараг æмæ санчъехтæгæнæг сабиты нывтæ.

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ «Лæппутæ æмæ чызджытæ». | Сабитæ дыууæ къордыл адих вæййынц, зæлы Л. Вишкаревайы музыкæ, æмæ сабитæ музыкалон фрагментмæ гæсгæ сæхæдæг сбæрæг кæнынц, кæцы къорд райдайы змæлдтытæ (чызджытæ æви лæппутæ), уый. |
| Хъусын.<br>Моргуаты Ю. «Марш»;<br>Къудухты Т. «А-ло-лай»;<br>Гуырдзыбегты Г. «Ирон вальс». | **М. р.** Амæйразмæйы ахуыры мах дзырдтам музыкæйы æртæ «киты» – æртæ жанры тыххæй. Цавæр жанртæ сты, уый уæ зæрдыл æрлæууын кæнут.<br>*(Сабиты дзуæппытæ: марш, кафт, зарæг.)*<br>**М. р.** Цымæ марш, кафт æмæ зарæг «æртæ киты» цæмæн хонынц? Уымæн æмæ Зæххыл иу ахæм адæймаг дæр нæй, йæ царды мидæг иу зарæг чи нæ азарыд, иу кафт чи нæ акодта, маршы музыкæмæ гæсгæ санчъехтæгæнгæ чи нæ цыди. |

| | |
|---|---|
| | Музыкæйы æндæр, ноджы вазыгджындæр æмæ зындæр жанртæ ис, фæлæ сæйрагдæр жанртæ сты марш, кафт æмæ зарæг. |
| | *(Сабитæн райуары кафаг, зараг æмæ санчъехтæгæнæг сабиты нывтимæ карточкæтæ. Сабитæ, зонгæ музыкалон уацмысты фрагменттæм хъусгæйæ,сбæрæг кæнынц музыкæйы жанр æмæ равдисынц хъæугæ ныв.)* |
| Зарын.<br>Е. Тиличеева.<br>«Кукушка». | Сабиты дарддæр ахуыр кæнын мелоди аив, сыгъдæг интонацийæ зарын, зарæджы хъазгæ характер равдисын. |
| Зарын.<br>Ю. Чичков. «Физкультура». | М. р., дарддæр зарæг ахуыр кæнгæйæ, архайы, цæмæй сабитæ ансамблы зардæй зарой (зарæг иумæ райдайой æмæ фæуой), ахуыр сæ кæны, музыкæйы динамикон фæлгъуызтæ æвдисгæйæ, зарын. |
| Зарын.<br>Ю. Чичков. «Лесной марш». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг йæ райдайæнмæ гæсгæ базоной, радыгай (цепочкой) йæ азарой музыкалон фразæтæм гæсгæ, уый фæстæ та – иумæ (лæугæйæ). |
| Кафт.<br>А. Наседкин.<br>«Полька-хлопушка». | Сабитæ хъусынц музыкæмæ, йæ дыууæ хайы йын фæбæрæг кæнынц. Уый фæстæ лæппутæ зылды æрлæууынц (сæ чъылдымтæ – зылдмæ), чызджытæн та се ’ргом – зылдмæ. Ахуыр кæнынц кафты фыццаг хай.<br>Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæм æвдисы кафаг, зараг æмæ санчъехтæгæнæг сабиты нывтæ, сывæллæттæ та зæгъынц музыкалон жанр. |

*25 ахуыр*

**Темæ: «Музыкæйы динамикон фæлгъуызтæ».**

**Нысантæ:**

– Ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ зæлон котрастты (звуковые контрасты) тыххæй, базонгæ сæ кæнын азæлды тых бæрæггæнæг музыкалон нысантимæ – F (хъæрæй), S (сабырæй); сæ вокалон арæхстдзинæдтæ сын уæрæхдæр кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард.

– Хæслæвæрдтæ скæнынил сæхæдæг куыд архайой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** П. Чайковский. «Сладкая грёза».
Е. Тиличеева. «Эхо».
Къудухты Т. «Нæ наз бæлас».
Ю Чичков. «Физкультура».
А. Наседкин. «Полька-хлопушка».

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Райуаринаг.** Кубиктæ (сабиты нымæцмæ гæсгæ).

**Цæстуынгæ.** Гæххæттыл нывгонд нысæнттæ F æмæ S.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ «Æмдзæгъдимæ дугъ». | Фæлтæрæнты размæ м. р. сабиты зонгæ кæны Р. Шуманы музыкалон пьесæйæ скъуыддзæгтимæ. Сабитæ, музыкæимæ æмдзæгъд кæнгæйæ, такты тыхджындæр хæйттæ сбæрæг кæнынц. |
| Хъусын. П. Чайковский. «Сладкая грёза». | **М. р.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, авдæны зарæг куыд зæлы – хъæрæй æви сабырæй? *(Сабиты дзуæппытæ.)* Цæмæн? *(Сабиты дзуæппытæ.)* Марш та куыд зæлы? *(Сабиты дзуæппытæ, фæбæрæг кæнынц нысан F – хъæрæй, S – сабырæй. М. р. æвдисы карточкæ, кæд æмæ сабырæй азарын фæхъæуы, уæд та фæбæрæг кæнынц ны-* |

*сан Р-йæ – пиано).* Ныр та байхъусут П. И. Чайковскийы пьесæ «Сладкая грёза»-мæ æмæ сбæрæг кæнут, музыкæ куыд зæлы, уый – хъæрæй æви сабырæй.
*(Сабитæ скæнынц хатдзæг, пьесæйы ис хъæрæй æмæ сабырæй азæлды æмиуад.)*

| | |
|---|---|
| Зарын. Е. Тиличеева «Эхо». | Уацмыс ахуыр кæнгæйæ, сабитæ фæлварынц зæлты азæлды тых сбæрæг кæнын. М. р. зары зарæг, сабитæ та, фыццаг хъæрæй, уый фæстæ – сабырæй, базарынц «ау». |
| Къудухты Т. «Нæ наз бæлас». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. |
| Зарын. Ю. Чичков. «Физкультура». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зонгæ зарæг йæ райдайæнмæ кæнæ музыкалон фразæмæ гæсгæ базоной. Уый фæстæ сабитæ зарынц радыгай æмæ иумæ (лæугæйæ). |
| Кафт. А. Наседкин. «Полька-хлопушка». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной кафты райдайæн уавæр. Сабитæ къæйттæй æрлæууынц æмæ ахуыр кæнынц кафты сæйраг змæлдтытæ: æрбавæргæ къахдзæфтæй (приставными шагами) фæрсæрдæм цыд, стæй æмдзæгъд кæнынц: фыццаг – алчи йæхæдæг, уый фæстæ – кæрæдзийы армытъæпæнтæй. |
| Хъазт «Хъæрæй – сабырæй». | Сабитæн сæ къухты – кубиктæ. М. р. зæгъы, цæмæй кубикты уынæрæй равдисой нывты азæлд, сæ зæрдыл сын æрлæууын кæны, зæлтæ цавæртæ вæййынц, уый – хъæр æмæ сабыр зæлтæ. Хъомылгæнæг æвдисы нывтæ: кафæг сабитæ, фынæй сывæллон, фæззыгон пейзаж, дзоныгътыл хъазт. Сабитæ ныввы сюжетмæ гæсгæ кубиктæ кæрæдзиуыл *(хъæрæй кæнæ сабырæй)* хойынц. |

*26 ахуыр*

**Темæ: «Музыкæйы динамикон фæлгъуызтæ».**
**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын музыкæйы динамикон фæлгъуызтæ куыд аивынц, уый иртасын. Динамикæйы нысаниуæджы тыххæй æмбарынад ныффидар кæнын. Ахуыр сæ кæнын сабыр цыд кæнын, ритмикон ныв æмдзæгъдæй раст æвдисын.

– Рæзын сæм кæнын музыкалон æнкъарынад.

– Хъомыл кæнын сабитæм зæрдæхæлар ахастытæ.

**Репертуар:** П. Чайковский. «Сладкая грёза».
Е. Тиличеева. «Эхо».
Къудухты Т. «Нæ наз бæлас».
Т. Потапенко. «Ёлочная песня».
А. Наседкин «Полька-хлопушка».
Моргуаты Ю. «Митын Дада».

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ «Æмдзæгъдимæ дугъ». | Сабитæ архайынц, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ рог дугъ кæной (къахы фындзтыл), музыкæйы ритммæ гæсгæ раст æмдзæгъд кæной. |
| Хъусын. П. И. Чайковский. «Сладкая берёза». | **М. р.** Цавæрфæнды музыкалон уацмысæн дæр ис йæхи характер, æвдисы цавæрдæр зæрдæйы уаг, равг. Динамикон фæлгъуызтæ F æмæ P музыкæ кæнынц аивдæр æмæ нын æвдисынц алыхуызон зæрдæйы уаг *(зæлы П. И. Чайковскийы «Сладкая берёза»).* Зæгъут-ма, авдæны зарæг куыд хъуамæ зæла, бæрæгбоны кæнæ Ногбоны зарæг та? *(Сабиты дзуæппытæ.)* |
| Зарын. Е. Тиличеева. «Эхо». | Сабитæ зарынц, архайынц динамикон фæлгъуызтæ хъæлæсы уагæй æвдисын. Сабиты иу къорд хъæрæй зары, иннæ къорд та – сабырæй. |

| | |
|---|---|
| Т. Потапенко. «Ёлочная песня». | Сабитæ хъусынц ног зарæгмæ, сбæрæг ын кæнынц йæ характер, равзарынц зарæджы мидис, зарæджы амад (райдайæн, азард, базард – вступление, запев, припев), дарддæр мелоди фæлхат кæнынц, лæмбынæг хъусынц музыкæмæ. |
| Къудухты Т. «Нæ наз бæлас». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ сыгъдæг интонацийæ зарой æмæ ирон æвзагыл раст дзурой дзырдтæ. |
| Кафт. А. Наседкин. «Полька-хлопушка». | Сабиты ахуыр кæнын музыкæимæ иумæ райдайын æмæ фæуын кафын, кафгæйæ æмархайд кæнын къаимæ. |
| Цæлхдымбылцыд. Моргуаты Ю. «Митын Дада». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, зæгъы, цæмæй зарæджы характер æмæ амад сбæрæг кæной (азард, базард). Азарды – сабитæ зылдмæ зæсгæ цæлхдымбылцыд кæнынц, базарды – музыкæйы ритммæ гæсгæ æмдзæгъд кæнынц.<br>Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæн арфæ кæны сæ активон архайды фæдыл. |

*27 ахуыр*

**Темæ: «Зымæг».**

**Нысантæ:**

– Дарддæр сабиты ахуыр кæнын музыкæйы рæсугъддзинад æмæ аивдзинад æнкъарын; афойнадыл зарын райдайын, заргæйæ раст улæфын; æнæ искæй æххуысæй зылды раст æрлæууын, зылдмæ гæсгæ цæуын; кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ зылд уæрæхдæр æмæ къаннæгдæр кæнын.

– Анализ скæныны арæхстдзинæдтæ сæм рæзын кæнын.

– Зонындзинæдтæм куыд тырной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** П. И. Чайковский. «Вальс «снежных хлопьев».
Т. Потапенко. «Ёлочная песня».
Къудухты Т. «Нæ наз бæлас».
Моргуаты Ю. «Митын Дада».
А. Наседкин «Полька-хлопушка».

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ «Симгæ цыд». | Моргуаты Ю. музыкæ «Митын Дада»-мæ гæсгæ сабитимæ сахуыр кæнын симгæ цыд. М. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæн зылдмæ гæсгæ цæугæйæ се 'хсæн æмхуызон дæрддзæг (расстояние) уа, йæ цæст дары сабиты гуыры ахастмæ (осанка). |
| Хъусын. П. И. Чайковский. «Вальс снежных хлопьев». | **М. р.** Зæгъут-ма, аргъæуттæ уарзут? Аргъæуттæ композитортæ дæр уарзынц æмæ уый тыххæй аргъæутты сюжеттæм гæсгæ æрхъуыды кæнынц балеты музыкæ. Цы у балет? *(Сабиты дзуапп – заргæйæ кафт.)* Балеты æппæт цаутæ æмæ архайд æвдыст вæййы кафт æмæ змæлдтытæй. Абон байхъусдзыстæм П. И. Чайковскийы балет «Щелкунчик»-ы музыкæмæ, уый у «Вальс снежных хлопьев». *(Сабитæ хъусынц.)* Цы æвдисы ацы музыкæ? *(Сабиты дзуæппытæ.)* Музыкæ æвдисы аргъауы зымæгон хъæд, рог æмæ хæмпус миты гæлæбуты тыбар-тыбур. |
| Зарын. Уацмыс «Снежок». | Сабитæ зарынц, м. р. йæ хъус дары, цæмæй дзырдтæ раст дзурой æмæ сыгъдæг зарой. |

| | |
|---|---|
| Т. Потапенко. «Ёлочная песня». | Сабитимæ ног зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сыгъдæг интонацийæ зарой æмæ заргæйæ музыкалон фразæты æхсæн раст улæфой. |
| Къудухты Т. «Нæ наз бæлас». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, сабитæ архайынц раст улæфын, дзырдтæ сыгъдæг дзурын æмæ логикон цавд раст æвæрын. |
| Цæлхдымбылцыд Моргуаты Ю. «Митын Дада». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ цæстытыл ауайын кæной Ногбоны наз бæлас. Сабитæ зылды æрлæууынц æмæ, цæлхдымбылцыд кæнгæйæ, æмархайд кæнынц, зарæджы амадмæ гæсгæ се змæлдтытæ аивынц. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты бафæрсы, цавæр афæдзы афон ралæууыд æмæ сæ уарзондæр бæрæгбон цавæр у, уымæй.

*28 ахуыр*

**Темæ: «Зымæг».**

**Нысантæ:**

– Ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ кафты жанры тыххæй. Дарддæр сæ ахуыр кæнын зарын æмæ музыкæйы характермæ гæсгæ змæлын. Ахуыр сæ кæнын æнæ разамонæджы æххуысæй архайын.

– Рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн, фантази, логикон хъуыдыкæнынад æмæ анализ кæныны арæхстдзинæдтæ.

– Кæрæдзийы æхсæн сæм зæрдæхæлар ахастытæ куыд уа, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** П. И. Чайковский. «Вальс снежных хлопьев».
Къудухты Т. «Нæ наз бæлас».
Т. Потапенко. «Ёлочная песня».
Моргуаты Ю. «Митын Дада»ю.
А. Наседкин. «Полька-хлопушка».

**Архайæн фæрæзтæ:** музыкалон инструментты нывтæ – флейтæ, æртæкъуымон, мырмыраг.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ «Симгæ цыд». | Сабитæ архайынц сабыр, уæздан санчъехтæ кæнын, ритмикон ныв æмдзæгъдæй раст равдисын. |
| Хъусын. П. И. Чайковский. «Вальс снежных хлопьев». | **М. р.** Цы у балет?<br>**С.** Кафгæ кæм фæкæнынц, ахæм музыкалон спектакль.<br>**М. р.** Абон ма иу хатт байхъусдзыстæм П. И. Чайковскийы балет «Щелкунчик»-æй «Вальс снежных хлопьев»-мæ. Уыцы вальс балеты зæлы, принц Марийы йæ диссаджы аргъауы паддзахадмæ куы фæхоны, уæд.<br>*(Сабитæ хъусынц музыкæмæ.)*<br>**М. р.** Ацы музыкæ куыд зæлы?<br>**С.** Рæвдаугæ, рог. Дымгæмæ миты гæлæбутæ куыд зилдух кæнынц, уый хъуысы музыкæйы.<br>**М. р.** Мари æмæ принц бацæуынц диссаджы аргъауы бæстæмæ æмæ æппæт зындзинæдты сæрты дæр ахизынц. Оркестры æртæкъуымон, мырмыраг æмæ флейтæйы азæлдæй æвдыст цæуы, миты гæлæбутæ хурмæ куыд тыбар-тыбур кæнынц, уый. |
| Зарын. Т. Бырченко. «Снежок». | Сабиты ахуыр кæнын мелоди раст æмæ сыгъдæг интонацийæ зарын. |
| Къудухты Т. «Нæ наз бæлас». | Сабиты ахуыр кæнын зарын иумæ райдайын æмæ заргæйæ кæрæдзимæ хъусын. *(Сабитæ зарынц æмæ кæрæдзийы зардмæ хъусынц.)* |
| Т. Потапенко. «Ёлочная песня». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. архайы, цæмæй сабитæ ансамблæй раст зарой, |

| | |
|---|---|
| | сабитæ та, заргæйæ, динамикон фæлгъуызтæ æвдисынц. |
| Цæлхдымбылцыд. Моргуаты Ю. «Митын Дада». | Цæлхдымбылцыды змæлдтытæ ахуыр кæнгæйæ, сабитæ архайынц зарæджы равг æмæ характер равдисын æмæ кафты зонгæ змæлдтытæ ныффидар кæнын. Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитимæ ахъазы хъазтæй «Хорз – æвзæр», ома ратты фæрстытæ: «Уæ зæрдæмæ цавæр музыкæ цæуы? Цæмæн? Музыкæ хъæрæй куы зæла, уæд уый хорз у æви æвзæр? Цæмæн? Сабыр куы зæла, уæд та хорз у æви æвзæр? Цæмæн?» *(Сывæллæтты æппæт дзуаппытыл дæр æрныхас кæнын.)* |

*29 ахуыр*

**Темæ: «Зымæг».**

**Нысантæ:**

– Дарддæр сабиты ахуыр кæнын музыкалон уацмысы жанр æмæ характер бæрæг кæнын, музыкалон фæрæзтæ иртасын. Сабиты ахуыр кæнын музыкалон уацмысы райдайæнмæ байхъусыны фæстæ зарын райдайын; лæвæрд диапазоны сыгъдæг интонацитæ зарын; музыкæйы характермæ гæсгæ змæлдтытæ ивын.

– Сабиты ахуыр кæнын алыхуызон музыкæ æнкъарын.

– Иумæ, кæрæдзийы æмбаргæйæ куыд архайой, сабиты уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** П. И. Чайковский. «Вальс снежных хлопьев».
Моргуаты Ю. «Зымæгон хъазт».
Моргуаты Ю. «Митын Дада».
Т. Потапенко. «Песенка о песенке».

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Сюжетон нывтæ.

**Райуаринаг.** Далатæ (бубны), кубиктæ, дзæгъдзæгъгæнджытæ

(погремушки); сæ вæзн алыхуызон кæмæн у, ахæм гæххæтты уадздзæгтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ.<br>Т. Ломова. «Петушок». | М. р. сабиты бафæрсы, сæ дæргъвæтинмæ гæсгæ зæлтæ кæрæдзийæ куыд хицæн кæнынц, уымæй (даргъ, цыбыр). Æвдисы схемæ (дыууæ цыбыр зæлы æмæ иу дæргъвæтин зæл) æмæ зæгъы сабитæн, цæмæй схемæйы зæлтæ се змæлдæй равдисой. Зæлы Т. Ломовайы уацмыс, æмæ сабитæ лæвæрд ритммæ гæсгæ змæлынц. |
| Хъусын.<br>П. И. Чайковский. «Вальс снежных хлопьев». | **М. р.** Абон та ногæй абалц кæндзыстæм музыкæйы диссаджы бæстæмæ.<br>*(Зæлы «Вальс снежных хлопьев».)* Базыдтат ацы уацмыс? Куыд хуыйны?<br>*(Сабиты дзуæппытæ).*<br>**М. р.** Ацы музыкæмæ хъусгæйæ уæ цæстытыл цы ауайы, цы нын зæгъынмæ хъавы? *(Сабиты дзуæппытæ: зымæгон хъæд, миты гæлæбутæ зилдух кæнынц, дуне иууыл дæр цæхæртæ калы.)*<br>**М. р.** Ацы уацмыс цавæр жанрмæ хауы?<br>*(Сабиты дзуæппытæ.)*<br>**М. р.** Цавæр жанртæ ма зонут ноджыдæр? |
| Зарын.<br>Уырыссаг адæмон мелоди «Прятки». | Сабиты ахуыр кæнын рогзард кæнын, заргæйæ кæрæдзимæ хъусын. |
| Т. Потапенко. «Песенка о песенке». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. |
| Къудухты Т. «Наз бæлас». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг йæ райдайæнмæ кæнæ музыкалон фразæмæ гæсгæ базоной. Сабитæ зарынц иумæ, радыгай. М. р. сабиты хъус æрдары сæ аив зардмæ. |

| | |
|---|---|
| Цæлхдымбылцыд. Моргуаты Ю. «Митын Дада». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй, цы бæрæгбон аивгъуыдта, уый тыххæй радзурой *(сабиты дзуæппытæ.)* Дарддæр сабитæн зæгъы, цæмæй цæлхдымбылцыд «Митын Дада» равдисой. |
| Хъазт «Хъæрæй – сабырæй». | М. р. фланелеграфыл сюжетон нывтæ равæры æмæ зæгъы сабитæн, цæмæй далаты, кубикты, дзæгъдзæгъгæнæнты руаджы равдисой ныв, ома нывы сюжетмæ гæсгæ хъæрæй кæнæ сабырæй хойой. Ацы ахуырæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, зарын уарзынц æви нæ, уымæй, куры сæ, цæмæй, цы зарджытæ сахуыр кодтой, уыдон ранымайой. |

*30 ахуыр*

**Темæ: «Зымæг».**
**Нысантæ:**

– Дарддæр сабиты ахуыр кæнын музыкæйы равг иртасын, музыкæйы характермæ гæсгæ хъазты фæлгонц сфæлдисын, разæнгард сæ кæнын зонгæ зарджытæ, кæфтытæ кæнын æмæ хъæзтытæй хъазын. Ахуыр сæ кæнын зарæг йæ мелодимæ гæсгæ базонын, ритммæ гæсгæ змæлын, музыкæимæ æмархайд кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты сфæлдыстадон фантази.

– Алы жанрты музыкæмæ цымыдис куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** П. И. Чайковский. «Вальс снежных хлопьев»; Т. Потапенко. «Песенка о песенке»; ирон адæмон мелоди «Кæхцы зарæг».

**Архайæн фæрæзтæ:** ритмикон нывы схемæ.

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Уасæг» (ивгæ къахдзæф). | Сабитæ зылды лæууынц, м. р. сын æвдисы ритмикон нывы схемæ æмæ зæгъы цæмæй йæ уыдон се змæлдæй равдисой. Сабитæ акæнынц дыууæ цыбыр къахдзæфы, æртыккаг къахдзæфыл æрлæууынц, рахиз къах æркъæдз кæнынц æмæ йæ хæрдмæ сæлвасынц. |
| Хъусын. П. И. Чайковский. «Вальс снежных хлопьев». | **М. р.** Зæгъут-ма, Ногбоны бæрæгбон уарзут, уæ зæрдæмæ фæцыдис нæ бæрæгбон? *(Сабиты дзуæппытæ.)*<br>**М. р.** Ног азы алыхуызон фæндтæ æмæ хъуыдытæ сæвзæры адæймагæн йæ сæры. Кæцыдæртæ дзы мах бон дæр у сæххæст кæнын. Зæгъæм, нæ бон у миты гæлæбутæ фестын. Музыкæ нын баххуыс кæндзæн. *(Сабитæ П. Чайковскийы «Вальс снежных хлопьев»-ы музыкæмæ гæсгæ уæгъдибар кафты композици æвдисынц, м. р. сæ ахуыр кæны пластикон æгъдауæй фæлмæн, рог, аив змæлд кæнын.)*<br>**М. р.** Зæгъут-ма, ахæм рæсугъд кафт кæнынмæ куыд сарæхстыстут?<br>*(Сабиты дзуæппытæ.)* М. р. Уæ кафт æмæ уын уе змæлд тынг рæсугъд скодта ацы диссаджы музыкæ. Æмæ куыд хуыйны уыцы кафт? *(Сабиты дзуæппытæ.)* |
| Зарын. Уацмыс «Прятки». | Сабиты ахуыр кæнын стыр терци сыгъдæг интонацийæ зарын æмæ фразæты æхсæн раст улæфын. |
| Т. Потапенко. «Песенка о песенке». | Зарæджы мелоди ахуыр кæнгæйæ, м. р. сабиты хъус æрдары мелодийы вазыгджын ритмикон нывмæ, уымæ гæсгæ сабитæ, дзырдтæ дзургæйæ, æмдзæгъдæй æвдисынц ритмикон ныв. |

| | |
|---|---|
| Т. Потапенко. «Ёлочная песенка». | Сабитæ фæлхат кæнынц зонгæ зарæг, зарынц æй музыкæимæ æмæ æнæ музыкæйæ дæр. М. р. сабиты хъус æрдары зарæджы аивдзинадмæ. |
| Хъазт. Ирон адæмон мелоди «Кæхцы зарæг». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног хъазтимæ (зæлы музыкæ) æмæ сын æмбарын кæны хъазты æгъдау: Хъомылгæнæг (амонæг) зары зарæджы азард (запев), сывæллæттæ та зарынц базард (припев), уыимæ заргæйæ (текстмæ гæсгæ) сæ бынæттæ аивынц æмæ æмдзæгъд кæнынц. Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæн арфæ кæны сæ активон архайды фæдыл. |

*31 ахуыр*

**Темæ: « Националон дарæс».**
**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын ирон композитор Æлборты Феликсы сфæлдыстадимæ. Ахуыр сæ кæнын адæмон музыкæ æнкъарын æмæ йæ пластикон æгъдауæй æвдисын. Ныффидар кæнын зарæджы хъæлдзæг характер æнкъарыны æмæ æвдисыны зонындзинæдтæ.

– Рæзын кæнын сабиты фантази, фæлгæнæн.

– Сабиты цымыдис кæнын алы жанрты музыкæмæ.

**Репертуар:** Æлборты Ф. «Чызджыты кафт».
Т. Потапенко. «Песенка о песенке».
М. Бугоев «Плавный танец». Ирон адæмон мелоди «Кæхцы зарæг».

**Архайæн фæрæзтæ:** ирон националон дарæсы нывтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Сабыр цыд». | Сабитæ зылды лæууынц. «Плавный танец»-ы музыкæмæ байхъусынц, сбæрæг ын кæнынц йæ характер, стæй музыкæмæ гæсгæ, зылды лæугæйæ, сабыр цыд кæнынц рахизæрдæм, уый фæстæ та – галиуырдæм. |
| Хъусын. Ælборты Ф. «Чызджыты кафт». | М. р. Сабитæ, зæгъут-ма, нывтæ чи кæны? Æмдзæвгæтæ чи фыссы? Музыкæ та чи æрхъуыды кæны? *(Сабиты дзуæппытæ: нывгæнæг, поэт, композитор.)* Цыдæриддæр æрхъуыды кæнынц, ныффыссынц, сфæлдисынц (нывтæ, æмдзæвгæтæ, музыкæ), уый хуыйны сфæлдыстад. Абон мах базонгæ уыдзыстæм ирон композитор Ælборты Феликсы сфæлдыстадимæ, байхъусдзыстæм ын йæ музыкæмæ. *(Зæлы Ælборты Ф. «Чызджыты кафт».)* Уæ зæрдæмæ фæцыдис музыкæ? Ацы музыкæйы тыххæй уæ бон цы у зæгъын? *(Сабиты дзуæппытæ.)* |
| Зарын. Уырыссаг адæмон мелоди «Прятки». | Сабиты ахуыр кæнын хъæлдзæг темпы рог зард кæнын. |
| «Кæхцы зарæг». | Сабитæ зарæджы мелоди ахуыр кæнынц. Хъомылгæнæг зары азард, сабитæ та – базард. М. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ иронау раст æмæ сыгъдæг зарой. |
| Т. Потапенко «Песенка о песенке». | Зарæг дарддæр ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ сыгъдæг зарой, музыкалон фразæты логикон цавд раст æвæрой. |
| М. Бугоев «Плавный танец». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй æркæсой ирон националон уæлæдарæсы нывтæм æмæ сæ цæстытыл ауайын кæной, |

|  |  |
|---|---|
|  | ахæм дарæсы куыд кафгæ у, уый (даргъ къаба, даргъ дыс). Сабиты алыхуызон хъуыдытæ, дзуæппытæй алкæцыйыл дæр æрныхас кæны. Уый фæстæ сабитæ музыкæмæ гæсгæ кафты змæлдтытæ импровизаци кæнынц. |
| Хъазт «Кæхцы зарæг». Ирон адæмон мелоди. | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны хъазты æгъдау, ома сабитæ зарынц æрмæст базард æмæ, иумæ æмархайд кæнгæйæ, змæлынц. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты фæрсы, ахуыры рæстæг тынгдæр сæ зæрдæмæ цы фæцыдис, уымæй.

*32 ахуыр*

**Темæ: «Националон дарæс».**

**Нысантæ:**

– Музыкалон уацмысы жанр сбæрæг кæныны зонындзинад ныффидар кæнын, уæрæхдæр кæнын сабиты хъæлæсы диапазон, зæлты бæрзæндмæ гæсгæ ахастытæ модельтæ аразыны руаджы бæрæг кæнын. Ахуыр сæ кæнын сæрмагондæй се змæлдтытæ ивын, тыгъдады ориентаци кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард.

– Фидар кæнын сабиты ’хсæн зæрдæхæлар ахастытæ.

**Репертуар:** Æлборты Ф. «Чызджыты кафт».
В. Карасёва «Горошина».
Г. Струве. «Автобус».
Т. Потапенко. «Песенка о песенке».
М. Бугоев «Плавный танец».

**Ахуыры нывæст**

|  |  |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Сабыр цыд». | М. Бугоевы музыкæмæ гæсгæ сабитæ зылдмæ гæсгæ змæлынц, уый фæстæ къæйттæй (лæппу чызджы къухыл æрхæцгæйæ) сабыр цыд кæнынц зылды. |

| | |
|---|---|
| Хъусын. Ælборты Ф. «Чызджыты кафт». | М. р. Абон мах дарддæр зонгæ кæндзыстæм ирон композитор Ælборты Ф. сфæлдыстадимæ. Зæгъут-ма, цавæр музыкæмæ хъусдзыстæм? (Сабиты дзуапп: «Чызджыты кафт». Зæлы музыкæ.) М. р. Уæ зæрдæмæ фæцыдис музыкæ? Цавæр æнкъарæнтæ уæм сæвзæрдис, уæ цæстытыл цы ауадис музыкæмæ хъусгæйæ? *(Сабиты дзуæппытæ.)* М. р. Цымæ цавæр жанрмæ хауы ацы уацмыс? *(Сабиты дзуæппытæ.)* |
| Зарын. В. Карасёва. «Горошина». | М. р. ног зарæгимæ зонгæ кæны сабиты, хъус æрдары музыкæйы мелодикон змæлдмæ æмæ бафæрсы сабиты: «Кæцырдæм цæуы мелоди – хæрдмæ æви дæлæмæ? Мелоди уайтагъд дæлæмæ раздæхы æви уал иу къæпхæныл æрлæууы? Сабитæ мелодийы змæлдæн анализ кæнынц æмæ уый фæстæ, мелодийы змæлд къухæй æвдисгæйæ, зарынц. |
| Зарын. Г. Струве. «Автобус». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. |
| Т. Потапенко. «Песенка о песенке». | Дарддæр зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. архайы, цæмæй сабитæ ахуыр кæной ансамблæй зарын: зард иумæ райдайын æмæ иумæ фæуын. |
| М. Бугоев. «Плавный танец». | Сабитæ дарддæр ахуыр кæнынц кафты змæлдтытæ: зылдæй рахизгæйæ, залы иу къуымæй иннæмæ комкоммæ («диагонально») цæуынц, уый фæстæ та – гакъон-макъон («змейкой») цыд кæнынц æмæ фæстæмæ зылды æрлæууынц. М. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ сæ |

| | |
|---|---|
| | къухтæ уæздан исой æмæ, кафгæйæ, æмраст цæуой. |
| Хъазт «Кæхцы зарæг». Ирон адæмон мелоди. | Сабиты ахуыр кæнын тексты ныхæстæм гæсгæ афойнадыл райдайын æмæ фæуын змæлдтытæ. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты бафæрсы, цавæр ирон хъæзтытæ зонынц, уымæй.

*33 ахуыр*

**Темæ: «Транспорт».**

**Нысантæ:**

– Рæзын кæнын сабиты эмоционалон æнкъарынад алыхарактерон музыкæмæ. Мелодийы змæлд графикон æгъдауæй кæй ис равдисæн, уыцы зонындзинæдтæ ныффидар кæнын, ахуыр сæ кæнын ритм æнкъарын æмæ йæ раст æвдисын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард, музыкалон мысæнуат (память).

– Ног зонындзинæдтæм куыд тырной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Æлборты Ф. «Чызджыты кафт».
В. Карасёва. «Горошина».
Г. Струве. «Автобус».
Т. Потапенко. «Песенка о песенке».
М. Бугоев. «Плавный танец».

**Архайæн фæрæзтæ:** фланелеграф, хъæбæр гæххæттæй лыггонд зиллæччытæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Сабыр цыд». | М. Бугоевы музыкæмæ гæсгæ сабитæ къæйттæй зылды цæуынц. Такты тыхджындæр хайыл чызджытæ дæр æмæ лæппутæ дæр сæ иугай къухтæ |

| | |
|---|---|
| | сабыргай сисынц æмæ та сæ æруадзынц. |
| Хъусын.<br>Æлборты Ф. «Чызджыты кафт». | **М. р.** Уыци-уыцитæ уарзут?<br>1. Æрхуыйæ конд, цæхæркалгæ,<br>Хъæлæсы дзаг ныууасы,<br>Æмæ йæ хъæрмæ тарст гино<br>Йæхи зæхмæ нылвасы.<br>2. Раст сырддонцъиуау – нæ æрдын (смычок),<br>Алкæд кафы уый дыууæрдæм.<br>3. У егъау, тызмæг йæ уынд,<br>Ис йæ мидæг уымæн уд.<br>Уд дзы бауадзы цæгъдæг,<br>Кафынц æнгуылдзтæ цæрдæг.<br>*(Сабитæ уыци-уыцитæ куыд базонынц, афтæ м. р. æрæвæры музыкалон инструментты нывтæ.)* Сабитæ, зæгъутма, иу-мæ та сæ куыд схонæн ис? *(Музыкалонинструменттæ,уадынгæрзтæ.)* Алы музыкалон инструментæн дæр ис йæхи диссаджы хъæлæс. Ныр та байхъусут музыкæмæ æмæ зæгъут, цавæр уадынгарз цæгъды, уый. (Зæлы Æлборты Ф. «Чызджыты кафт». Сабитæ сбæрæг кæнынц фæндыры цагъд.) |
| Зарын.<br>В. Карасёва. «Горошина». | Дарддæр зарæджы мелоди ахуыр кæнгæйæ, сабитæ архайынц хъæлдзæг темпы рог зард кæнын, заргæйæ мелодийы змæлд къухæй фæбæрæг кæнынц. Сабитæй иу символтæ-зиллæччыты руаджы фланелеграфыл æвдисы мелодийы змæлд. |
| Г. Струве «Автобус». | М. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ сыгъдæг зарой мелоди, раст дзурой дзырдтæ æмæ, заргæйæ, кæрæдзимæ хъусой. |

| | |
|---|---|
| Т. Потапенко. «Песенка о песенке». | Зарæг фæлхат кæнгæйæ, м. р. спайда кæны ахæм методикон мадзалæй – «мелоди æмбæхсæм». Сабитæ райдайынц зарын, уый фæстæ «бадзырдгонд нысанмæ» гæсгæ (по условному знаку) дарддæр зарынц хинымæры (беззвучно); иннæ нысанмæ гæсгæ та ногæй зарынц хъæрæй. |
| М. Бугоев. «Плавный танец». | Кафгæйæ сабиты ахуыр кæнын ритммæ гæсгæ раст змæлын, змæлгæйæ музыкæйы характер æвдисын (къухты уæздан ист). |
| Хъазт «Кæхцы зарæг». Ирон адæмон мелоди. | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой мелодийы фрагментмæ, сæ зæрдыл æрлæууын кæной хъазт æмæ хъазты æгъдæуттæ. Сабитæ архайынц, хъомылгæнæг сын арфæ кæны. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй, цавæр уадынгæрзтæ (музыкалон инструменттæ) зонынц, уыдон ранымайой.

*34 ахуыр*

**Темæ: «Транспорт».**

**Нысантæ:**

– Музыкалон уацмысы жанр сбæрæг кæныны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын, рæзын кæнын сабиты зæлæнкъарынад. Ахуыр сæ кæнын сыгъдæг интонацийæ зарын, змæлдтыты темп кафгæйæ æмæ хъазгæйæ равдисын, ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ змæлдтыты темпы тыххæй æмæ, музыкæйы куыд æвдыст цæуы, уый тыххæй.

– Рæзын кæнын сабиты зæрдæхæлар ахастытæ.

**Репертуар:** Ирон адæмон мелоди «Лезгинкæ».
М. Бугоев «Плавный танец».

Г. Струве «Автобус».
А. Филиппенко. «Наша воспитательница».

**Архайæн фæрæзтæ:** «F» æмæ «P» нысантимæ карточкæтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Рог дугъ». | Зæлы музыкæ (Н. Метлова. «Поезд»). **М. р.** Ацы музыкæмæ гæсгæ æхсызгондæрæй цæуыл цæуæн ис? *(Сабитæ хъуамæ, музыкæйы райдайæны сигнал куы фехъусой, уæд «араст уой сæ фæндагыл» – рог дугъ акæной, стæй, музыкæ куы фæуа, уæд иумæ æрлæууой.)* |
| Хъусын. М. Бугоев «Плавный танец». Ирон адæмон мелоди «Лезгинкæ». | Зæлы фрагмент: М. Бугоев «Плавный танец».<br>М. р. Цавæр музыкæмæ хъуыстат? Цавæр равг ис ацы музыкæйæн? Цавæр нысæнттæ-терминтæй фæбæрæг кæнæн ис ацы музыкæ? *(Сабитæ æвзарынц F кæнæ P.)* Цавæр дзырдтæй сбæрæг кæнæн ис музыкæйы змæлд? *(Сабыр, уæздан.)*<br>Зæлы «Лезгинкæ»-йæ фрагмент.<br>**М. р.** Ацы музыкæйæн та цавæр равг ис? Цавæр нысантæ-терминтæй йæ ис фæбæрæг кæнæн? Цавæр дзырдтæй равдисæн ис музыкæйы змæлд? *(тагъд, уæнгрог.)* Музыкæйы змæлд бæрæг кæны темпæй. Музыкæйы темп вæййы сабыр, тагъд æмæ йæ ныр, музыкæмæ хъусгæйæ, уæхæдæг сбæрæг кодтат. |
| Зарын. Уацмыс «Музыкальное эхо». | М. р. ацæгъды æртæ зæлы тоникон æгъдауæй уæлæмæ æмæ дæлæмæ, зæгъы сабитæн, цæмæй сæ уыдон дæр уæнг «ля»-йæ азарой |

| | |
|---|---|
| | (зæлты уаг – тональность: ми-бимоль мажор, дарддæр та – ми мажор æмæ фа мажор). |
| Г. Струве «Автобус». | Дарддæр зарæг ахуыр кæнгæйæ, ныффидар кæнын сыгъдæг интонацийæ зард. Сабиты ахуыр кæнын зарæджы райдайæны æмæ фразæты æхсæн раст улæфын. |
| Т. Потапенко. «Песенка о песенке». | Зарæг фæлхат кæнгæйæ, м. р. спайда кæны методикон мадзал «мелоди æмбæхсæм»-æй. Сабитæ райдайынц зарын, уый фæстæ «бадзырдгонд нысан»-мæ гæсгæ (по условному знаку) дарддæр зарынц хинымæры (беззвучно); иннæ нысанмæ гæсгæ та дарддæр хъæрæй зарынц. |
| М. Бугоев «Плавный танец». | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны: музыкæйы темп бæрæг кæны змæлдтыты характер. Зæгъы сабитæн, цæмæй йæ сæ кафтæй равдисой. Сабитæ лæвæрд темпмæ гæсгæ сабыр, уæздан кафт кæнынц. |
| Хъазт «Музыкалон уыци-уыци». | М. р. Нæ раздæры ахуырты мах базонгæ стæм музыкæйы æртæ китимæ – музыкалон жанртимæ. Афтæ сæ схуыдта Д. Кабалевский. Зæгъут-ма, цавæр музыкалон жанртæ сты? *(Кафт, зард, марш.)* Ныр та ахъазæм музыкалон уыци-уыцитæй: алчидæр уæ æрхъуыды кæндзæн йæхи «кит» æмæ йæ равдисдзæн. Хъазгæ та кæндзыстæм афтæ: иу æвдисы, иннæтæ та йæ хъуамæ базоной, цавæр «кит» у, уый. *(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)* |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы, цæмæй равдисой, сæтæлæг, уæртджынхæфс, арс, стæй, куыд цæуынц, уый.

*35 ахуыр*

**Темæ: «Дæсныйæдты дуне».**

**Нысантæ:**

– Сабиты зонды ныффидар кæнын æмбарынæдтæ «вокалон музыкæ», «инструменталон музыкæ», равджы фæлгъуызтæ иртасыны арæхстдзинæдтæ сæм рæзын кæнын. Дарддæр сæ ахуыр кæнын сыгъдæг интонацийæ зарын. Музыкалон уацмысы жанр сбæрæг кæныны арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын, ахуыр сæ кæнын кафгæйæ сæрмагондæй архайын.

– Рæзын кæнын хуызон-зæлон (цвето-звуковые) ассоциацитæ.

– Хъомыл сæ кæнын зæрдæхæлар ахастытыл.

**Репертуар:** Æлборты Ф. «Чызджыты кафт».
Г. Струве. «Автобус».
А. Филиппенко. «Наша воспитательница».
А. Наседкин. «Полька-хлопушка».
Моргуаты Ю. «Марш».

**Архайæн фæрæзтæ:** хуызджын гæххæтт.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Рог дугъ». | Сабитæ Т. Ломовайы музыкæмæ гæсгæ рог дугъ кæнынц, сæ лæуды уаг ивгæйæ: «гакъон-макъон» («змейкой») фæндагыл дугъ, зылдмæ гæсгæ, диагоналон æгъдауæй.<br>Музыкæйы темп æмæ характермæ гæсгæ æмархайд кæнынц. |
| Хъусын.<br>Æлборты Ф. «Чызджыты кафт». | **М. р.** Кæм фехъусæн ис музыкæ? *(Сабиты дзуæппытæ.)*<br>**М. р.** Уæдæ нæ цæстытыл ауайын |

кӕнӕм, цыма концертмӕ ӕрбацыдыстӕм. Концерттӕ вӕййынц концертон стыр залты, ӕрӕмбырд дзы вӕййы тынг бирӕ адӕм. Цавӕр музыкӕ фехъусӕн ис концерты? *(Кӕд сабитӕ къуылымпы кӕной, уӕд сын хъомылгӕнӕг ӕххуыс кӕны – вокалон, инструменталон.)*

**М. р.** Вокалон музыкӕ – иу адӕймаг кӕнӕ ӕнӕхъӕн хор куы фӕзары. Инструменталон – ӕрмӕст инструмент (уадынгарз) куы цӕгъда. *(Зӕлы Ӕлборты Ф. «Чызджыты кафт».)*

**М. р.** Цавӕр музыкӕ фехъуыстат, зарӕггӕнӕджы хъӕлӕс фехъуыстат ӕви иу инструменты хъӕлӕс?
*(Сабиты дзуӕппытӕ.)*

**М. р.** Уӕдӕ мах байхъуыстам инструменталон музыкӕмӕ. Ӕмӕ цымӕ музыкӕйы равг ахорӕнты хуызты руаджы ис равдисӕн? *(Дзуӕппытӕ.)* Ныртӕккӕ сбӕрӕг кӕндзыстӕм, музыкӕ уӕм куыд фехъуысти кӕнӕ йӕ куыд «федтат», уый. *(Сабитӕ музыкӕйы характер ӕмӕ равгмӕ гӕсгӕ ӕвзарынц хуызджын гӕххӕттытӕ.)*

| | |
|---|---|
| Зарын. «Музыкальное эхо». | **М. р.** фортепианойыл ацӕгъды ми бимоль ӕмӕ йӕ тоникон ӕгъдауӕй азары (тоническое трезвучие), сабитӕ дӕр ӕй фӕлхат кӕнынц нотӕ «ми»-йӕ ӕмӕ нотӕ «фа»-йӕ. |
| А. Филиппенко. «Наша воспитательница». | Сабитимӕ зарӕг ахуыр кӕнгӕйӕ, м. р. сабиты хъус ӕрдары зарӕджы арӕзтмӕ: азард ӕмӕ базард, уый фӕстӕ сабитӕ мелоди сыгъдӕг интонацийӕ |

| | |
|---|---|
| | зарынил архайынц, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ афойнадыл раст райдайой зарын. |
| Г. Струве. «Автобус». | Сабитæ зарынц къордгæйттæй, иутæ азард зарынц, иннæтæ та – базард. М. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст дзурой ныхæстæ æмæ сыгъдæг инто-нацийæ зарой. |
| Хъазт «Музыкалон уыци-уыцитæ». Моргуаты Ю. «Марш»; А. Насед-кин. «Полька-хло-пушка»; В. Карасёва. «Горошина». | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны хъазты æгъдæуттæ æмæ сын зæгъы, цæмæй сæ фендæрхуызон кæной. Сабитæ дих кæнынц дыууæ къордыл æмæ æххæст кæнынц хæслæвæрд: фыццаг уал иу къорд, музыкалон фрагменттæм хъусгæйæ, æвдисы «æртæ киты», уый фæстæ та – дыккаг къорд. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. æвдисы хуызджын гæххæтт æмæ сабиты бафæрсы, цавæр ахорæнтæ сты хъæлдзæг æмæ æнкъард (м. р. сын сæ дзуæппытæ нæ раст кæны).

*36 ахуыр*

**Темæ: «Дæсныйæдты дуне».**

**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын оркестримæ, ахуыр сæ кæнын музыкалон фæрæзтæ иртасын, заргæйæ кæрæдзимæ хъусын, сыгъдæг интонацийæ зарын, музыкæйы характер змæлдæй æвдисын, хъусгæйæ дæргъвæтин æмæ цыбыр зæлтæ иртасын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард.

– Музыкæмæ разæнгард куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** И. С. Бах. «Хъазæн ныхас».

А. Филиппенко. «Наша воспитательница».

В. Карасёва. «Горошина» Г. Струве «Автобус».
Н. Александрова. «Парный танец».

**Архайæн фæрæзтæ:** симфонион оркестры музыкалон инструментты нывтæ, йæ алы фарсыл дæр ритмикон нывтæ кæмæн ис, ахæм кубик.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Гæппытæ». | Зæлы Т. Ломовайы музыкæ. М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй йын сбæрæг кæной йæ характер (темп, регистр) æмæ йæ се змæлдæй равдисой. Сабитæ иу къахæй иннæмæ рог гæппытæ кæнынц. |
| Хъусын. И. С. Бах. «Хъазæн ныхас». | **М. р.** *(фланелеграфыл равæры музыкалон инструментты нывтæ æмæ, куыд хуыйнынц, уымæй фæрсы. Сабитæ дзуапп дæттынц.)* Ацы уадынгæрзтæй алкæцыйæн дæр ис йæхи хъæлæс, йæхи азæлд. Сымах зонгæ стут скрипкæ, флейтæ æмæ пианинойы азæлдимæ. Цалдæр музыкалон инструменты иумæ куы цæгъдой, уæд уый у оркестр. Оркестр куы цæгъда, уæд фехъусæн ис тынг бирæ зæлтæ. *(Зæлы Бахы «Хъазæн ныхас».)* Уæ зæрдæмæ фæцыдис оркестры азæлд?<br>(*Сабиты дзуæппытæ.)* |
| Зарын. Зарæг «Музыкальное эхо | М. р. фортепианойыл ацæгъды ми бимоль æмæ йæ тоникон æгъдауæй (тоническое трезвучие) азары, сабитæ фæлхат кæнынц дарддæр уыцы хæслæвæрд нотæ «ми»-йæ æмæ нотæ «фа»-йæ. |
| В. Карасёва. «Горошина». | Сабитæ зарынц, уый фæстæ модельтæ аразыны руаджы æвдисынц ритмикон |

| | |
|---|---|
| | ныв. Цыбыр хæйттæ æмдзæгъдæй æвдисынц, дæргъвæтинтæ та – сæ къухтæй уæрджытæ æртъупгæнгæйæ. |
| Н. Александрова. «Наша воспитательница». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, сабитæн амонын раст улæфын æмæ логикон цавд дзырдтыл, кæм хъæуы, уым æвæрын. |
| Г. Струве. «Автобус». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг йæ райдайæнмæ кæнæ музыкалон фразæмæ гæсгæ базоной, йæ мидис ын сæ зæрдыл æрлæууын кæной. Сабитæ зарынц иугæйттæй, къордгæйттæй, кæрæдзийы зардæн аргъгæнгæйæ. |
| Н. Александрова. «Парный танец». | М. р. сабиты зонгæ кæны музыкалон уацмысимæ, йæ дыууæ хайы йын фæбæрæг кæны. Сабитæ къæйттæй кæрæдзийы фæдыл æрлæууынц æмæ сæ сины сæртыл æрхæцынц. Зæлы уацмысы райдайæн. М. р. æвдисы кафты фыццаг хайы змæлдтытæ æмæ йæ сабитимæ ахуыр кæны. |
| Хъазт «Хъæлдзæг кубиктæ». | **М. р.** *(сабиты зæрдыл æрлæууын кæны, зæлтæ цавæртæ вæййынц, уый. (инструментыл æвдисгæйæ сæ æмбарын кæны: бæрзонд æмæ ныллæг, дæргъвæтин æмæ цыбыр).* Дæргъвæтин зæлтæ хондзыстæм «та» (æвдисы уæрæх уадздзаг), цыбыр зæлтæ – «ти» *(Æвдисы нарæг уадздзаг; кубик, йæ фæрстыл – ритмикон нывтæ: «ти» æмæ «та» алы комбинациты. Банымайы «1, 2, 3» æмæ кубик хæрдмæ сæппары, æрцахсы йæ æмæ йын йæ иу фарс сабиты ’рдæм азилы. Сабитæ хъуамæ сбæрæг кæной ритмикон ныв æмæ йæ къæхты* |

*æртъуппæй кæнæ къухты æмдзæгъдæй равдисой.)*

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы сабиты, музыкалон зæлтæ кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц.

*37 ахуыр*

**Темæ: «Спорт».**
**Нысантæ:**

– Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ оркестры цæгъдæг музыкалон инструментты тыххæй. Кусын сыхæллæтты хъæлæсы диапазон, уæрæхдæр кæныныл, ахуыр сæ кæнын символты руаджы ритмикон ныв графикон æгъдауæй æвдисын, музыкæйы райдайæн æмæ кæрон хъусын музыкалон фразæты аивд æмбарын.

– Рæзын кæнын сабиты фæразондзинад æмæ бархъомыс.

**Репертуар:** Ю. Чичков. «Физкультура».
А. Филиппенко. «Наша воспитательница».
Е. Тиличеева. «Кукушка».
Н. Александрова. «Парный танец».
Л. Ладухина. «Будь ловким».

**Архайæн фæрæзтæ:** хъæбæр гæххæтты сыфтæ æмæ, йæ уæрх алыхуызон кæмæн у, ахæм гæххæтты уадздзæгтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Фæрсæрдæм æрбавæргæ къахдзæф». | Сабитæ зылды лæууынц: «иу» зæгъгæйæ, алы тактæн дæр фæрсæрдæм иу къахæй санчъех кæнынц, «дыууæ» – иннæ къах дæр æрбавæрынц. Зæлы А. Жилинскийы музыкæ, æмæ сабитæ музыкæмæ гæсгæ змæлынц. |

| | |
|---|---|
| Хъусын.<br>С. Прокофьев. «Петя и Волк». | **М. р.** Абон мах дарддæр дзурдзыстæм уадынгæрзты тыххæй *(фланелеграфыл – музыкалон инструментты нывтæ)*. Ацы инструменттæй кæцытæ зонут, уыдон ранымайут. (Нывтæ дыууæ къордыл дих кæны: удæфон æмæ хъисын музыкалон инструменттæ). Цымæ ацы инструменттæ кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц? *(Сæ азæлдæй.)* Удæфон (духовые) инструменттæ вæййынц дыууæ хуызы: хъæдын æмæ æрхуы *(æвдисы сæ)*. Æрхуы инструменттæн ис зæллангæнæг, хъæдынтæн та – фæлмæн зæлтæ. Хъæдынтæ – флейтæ, фагот, гобой, кларнет. Алкæцыйæн дæр дзы ис йæхи характер, йæхи азæлд. Флейтæйæн ис бæрзонд, уæлмонц зæлтæ. Кларнетæн, йæ регистрмæ гæсгæ, вæййы алыхуызон зæлтæ. Композитор С. Прокофьев йæ музыкалон аргъау «Петя и Волк»-ы сабиты зонгæ кæны уыцы музыкалон инструменттимæ, сæ азæлд сын бабæтты аргъæутты персонажтимæ. *(Музыкæмæ хъусыны размæ сабиты базонгæ кæнын аргъауы мидисимæ).* |
| Зарын.<br>Е. Тиличеева.<br>Зарæг «Кукушка». | **М. р.** сабитимæ зары зонгæ зарæг æмæ сын зæгъы, цæмæй дзырдгонд нысæнтты (уæрæх æмæ нарæг уадздзæгтæ) руаджы равдисой мелодийы ритмикон ныв. |
| А. Филиппенко.<br>«Наша воспитательница». | Дарддæр зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. сабитæн амоны ансамблы зарын: зард иумæ райдайын æмæ фæуын. |

| | |
|---|---|
| Ю. Чичков. «Физкультура». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зонгæ зарæг йæ мелодимæ кæнæ йæ райдайæнмæ гæсгæ базоной, йæ характер æмæ йын йæ мидис сæ зæрдыл æрлæууын кæной (зарæджы мидис ахуыры темæимæ бабæтты). Са-битæ зарынц иумæ, къордгæйттæй. |
| Н. Александрова. «Парный танец». | Сабиты ахуыр кæнын къæйттæй æмархайд кæнын (æрбавæргæ къахдзæф), музыкæмæ хъусын æмæ афойнадыл змæлдтытæ райдайын. |
| Хъазт. Л. Ладухина. «Будь ловким». | Хъазт ахуыр кæныны размæ сабитæ зонгæ кæнынц музыкæимæ, такты тыхджын хæйттæ æмдзæгъдæй фæбæрæг кæнынц. Дарддæр м. р. сабиты зонгæ кæны хъазты æгъдæуттимæ, амоны сын хъазты змæлдтытæ. Ахуыры сахатæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы сабиты, удæфон инструменттæ цавæр дыууæ къордыл дих кæнынц æмæ куыд хуыйнынц, уымæй. |

*38 ахуыр*

**Темæ: «Спорт».**

**Нысантæ:**

– Уæрæхдæр кæнын сабиты музыкалон хъусдард, диапазон. Ахуыр сæ кæнын музыкалон уацмысы характер змæлдæй æвдисын, ритм æнкъарын æмæ графикон æгъдауæй ритмикон ныв æвдисын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард æмæ музыкалон мысæнуат. Хъомыл сæм кæнын бæрнондзинады æнкъарæнтæ.

**Репертуар:** Н. Тихонова. «Песенка в камышах».
А. Филиппенко. «Наша воспитательница»; «Наша Родина сильна».

Н. Александрова. «Парный танец».
Л. Ладухина. «Будь ловким».
Бах. «Хъазæн ныхас».
Ж. Бизейы оперæ «Кармен»-æй скъуыддзаг.

**Архайæн фæрæзтæ:** хъæбæр гæххæтты сыфтæ; гæххæтты уадздзæгтæ, сæ уæрх – алыхуызон.

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Фæрсæрдæм æрбавæргæ къахдзæф». | Сабитæ, кæрæдзийы къухтыл æрхæцгæйæ, къæйттæй æрлæууынц, м. р. йæ хъус дары, цæмæй, рог къахдзæфтæ кæнгæйæ, алы хатт дæр раст æвæрой зæвæт зæвæтмæ. |
| Хъусын. Бах. «Хъазæн ныхас». | М. р. Хъæдын удæфон инструменттæй хуыздæр зонгæ стут флейтæимæ. Флейтæ нысан кæны «уадымс, улæфт». Флейтæ арæзт у уадындзы хуызæн, хъæзæй (хъæз – тростник). Ис ын бæрзонд, уæлмонц, зæлтæ. Ж. Бизейы оперæ «Кармен»-ы флейтæйы музыкæ у ивазгæ, дæргъвæтин, рæвдауæг. Флейтæйыл цæгъдæн ис канд ивазгæ мелодитæ нæ, фæлæ цырд, тагъд мелодитæ дæр, зæгъæм, Бахы «Хъазæн ныхас». |
| Зарын. Н. Тихонов. «Песенка в камышах». | Сабиты ахуыр кæнын мелоди сыгъдæг интонацийæ зарын, зæлтæ сæ дæргъвæтинмæ гæсгæ иртасын (ритмикон ныв æвдисынц бæлвырд нысæнтты – гæххæтты уадздзæгты руаджы). |
| А. Филиппенко. «Наша воспитательница». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. |

| | |
|---|---|
| Н. Александрова. «Парный танец». | Сабитимæ сахуыр кæнын кафты хицæн элементтæ: зæвæтыл, къахфындзтыл лæууын; къæхтæй æртъуппытæ – галиуæй, рахизæй, галиуæй, рахизæй. |
| Хъазт. Л. Ладухина. «Будь ловким». | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны хъазты æгъдæуттæ. Сабитæ зылдмæ гæсгæ æрæвæрынц бандæттæ (сæ чъилтæ – æддæрдæм). Алы бандоны фæстæ дæр æрлæууы иу сывæллон, астæуæй та – сывæллон-амонæг. Такты тыхджындæр хаймæ гæсгæ сабитæ бандæттыл æрбадынц, амонæг та алы бандоны фæстæмæ бакæсы. Уый фæстæ сабитæ зылды згъорынц, музыкæ банцайы, æмæ сабитæ бандæттыл абадынц, сабитæй иу баззайы лæугæйæ, æнæ бандонæй.<br>Ахуыры сахатæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы сабиты, цавæр удæфон (духовые), хъæдын инструменттæ зонынц, уымæй. Зæгъы, цæмæй сæ нывты ’хсæн ссарой. |

*39 ахуыр*

**Темæ: «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ».**
**Нысантæ:**

– Уæрæхдæр кæнын сабиты музыкалон хъусдард, вокалон арæхстдзинæдтæ (сыгъдæг интонацийæ зард), ахуыр сæ кæнын аив змæлын.

– Рæзын кæнын сабиты музыкæ æнкъарынад.

– Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæн кад куыд кæной, куыд сæ уарзой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** А. Вивальди. «Концерт флейтæйæн оркестримæ» (скъуыддзаг); В.А. Моцарт. «Сонатæ флейтæйæн оркестримæ» (скъуыддзаг).

Г. Селезнёва. «Дождик».

А. Филиппенко. «Наша Родина сильна».

С. Полонский. «Весенняя песенка».

**Архайæн фæрæзтæ:** уадынгæрзты нывтæ (клавесин, флейтæ), Моцарты портрет.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Фæрсæрдæм æрбавæргæ къахдзæф». | Сабиты ахуыр кæнын музыкæйы характер æнкъарын, такты тыхджындæр хай змæлдæй фæбæрæг кæнынмæ арæхсын. |
| Хъусын. А. Вивальди. «Концерт флейтæйæн оркестримæ» (скъуыддзаг); Моцарт «Сонатæ флейтæйæн оркестримæ» (скъуыддзаг). | **М. р.** Бирæ æнусты дæргъы флейтæ ивгæ цыд, хуыздæр æмæ æххæстдæр кодта. Ныртæккæ флейтæтæ аразынц суанг авгæй дæр, фæлæ – традицитæм гæсгæ. Ныр та байхъусут, флейтæ клавесинимæ куыд зæлы, уымæ *(æвдисы клавесины ныв.)* Цы уацмысмæ байхъусдзыстут, уый тынг раджы æрхъуыды кодта иу гыццыл лæппу. Уый фæстæдæр сси тынг зындгонд композитор – Вольфганг Амадей Моцарт. *(Зæлы музыкæ.)* Ис ма флейтæ пикколо дæр, уый у хуымæтæг флейтæйæ дыууæ хатты къаддæр, ис ын тынг бæрзонд хъæлæс. *(Зæлы флейтæйы музыкæ.)* |
| Зарын. Г. Селезнёва. «Дождик». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ иу уагыл, рог зард кæной. |
| А. Филиппенко. «Наша Родина сильна». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ мелоди сыгъдæг зарой æмæ ныхæстæ раст дзурой. |

| | |
|---|---|
| С. Полонский. «Весенняя песенка». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. Сабитæ, музыкалон уацмысмæ дыккаг хатт хъусгæйæ, ахуыр кæнынц зарæджы фыццаг куплет. |
| Н. Александрова. «Парный танец». | Кафты дыккаг хайы ритммæ гæсгæ сабитæ се 'мкъæйтты армытъæпæнтыл æмдзæгъд кæнынц æмæ къæйттæй зилдух кæнынц. Уый фæстæ сабитæ кафт йæ райдайæнæй йæ кæронмæ акæнынц. |
| Хъазт.<br>Л. Ладухина. «Будь ловким». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй раст æрлæууой æмæ хъазты æгъдæуттæ сæ зæрдыл æрлæууын кæной. Уый фæстæ сабитæ хъазынц, архайынц, се змæлдтытæ музыкæимæ иумæ куыд райдайой æмæ фæуой, афтæ. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæм æвдисы музыкалон инструментты нывтæ, уыдон та сын сæ нæмттæ дзурынц.

*40 ахуыр*

**Темæ: «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ».**

**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын алыхарактерон музыкалон уацмыстæ æнкъарын æмæ сын сæ равг бæрæг кæнын, ритммæ гæсгæ раст санчъехтæ кæнын, мелодийы ритмикон ныв змæлгæйæ æвдисын, маршы тыххæй сын сæ зонындзинæдтæ арфдæр кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, хатдзæгтæ кæнынил сæ ахуыр кæнын.

– Сæхи хъуыдымæ гæсгæ уынаффæ кæнын сæ бон куыд уа, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Ж. Бизе. «Кармен» (скъуыддзаг).

Бах. «Хъазæн ныхас».
Г. Селезнёва. «Дождик».
С. Полонский. «Весенняя песенка».
А. Филиппенко. «Наша Родина сильна».
Т. Ломова. «Танец с хлопками».

**Архайæн фæрæзтæ:** кубиктæ, дзæгъдзæгъгæнæнтæ, мимикон маскæтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ.<br>Е. Тиличеева. «Марш». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой Е. Тиличеевайы «Марш»-мæ æмæ йын йæ характер се змæлдæй равдисой. Сабитæ æртæ къордыл дих кæнынц, радыгай маршæй цæуынц æмæ кæрæдзийы архайдæн аргъ кæнынц. |
| Хъусын.<br>Бах. «Хъазæн ныхас»;<br>Ж. Бизе. Оперæ «Кармен» (скъуыддзаг). | М. р. Зæгъут-ма, цы у равг, зæрдæйы уаг? Адæймагæн йæ зæрдæйы уаг цæимæ баст у? *(Равг у адæймаджы уавæр æмæ баст вæййы хиæнкъарынадимæ, æрдзон фæзындтимæ.)* Æмæ цымæ йæ бон аивын у? Цæмæн? *(Сабиты дзуæппытæ.)* Адæймаджы зæрдæйы уаг куыдæй базонæн ис? (Мимикæйæ). Равдисут æнкъард æмæ хъæлдзæг зæрдæйы уаг. *(Сабитæ æвдисынц).* Ныр та байхъусæм музыкæмæ, сбæрæг ын кæнæм йæ равг æмæ йæм хъæугæ маскæ равзарæм. |
| Зарын.<br>Г. Селезнёва. «Дождик». | Сабиты ахуыр кæнын мелоди сыгъдæг интонацийæ зарын, дзырдтæ раст дзурын æмæ зæлтæ рогзард кæнын. |

| | |
|---|---|
| С. Полонский. «Весенняя песенка». | Сабитæ хъусынц зарæгмæ (райдайæн, азард, базард), йæ характер æмæ мидисы тыххæй æрныхас кæнынц æмæ йын йæ равг сбæрæг кæнынц. Уый фæстæ сабитæ ахуыр кæнынц мелоди раст æмæ сыгъдæг зарын. |
| А. Филиппенко. «Наша Родина сильна». | Сабиты ахуыр кæнын зарæджы райдайæны æмæ музыкалон фразæты æхсæн раст улæфын, дзырдтæ раст дзурын æмæ музыкалон фразæты логикон цавд æвæрын. |
| Т. Ломова «Танец с хлопками». | М. р. сабиты зонгæ кæны кафты музыкæимæ, зæгъы сын, цæмæй йын сбæрæг кæной йæ характер æмæ дыууæхайон формæ. Уый фæстæ сабитæ ахуыр кæнынц кафты фыццаг хай. |
| Хъазт «Оркестр». | **М. р.** зæгъы сабитæн, цæмæй равдисой æфсæддонты санчъехцыд (сабитæ санчъехтæ кæнынц).<br>М. р. Тынг хорз санчъехтæ кæнут, фæлæ куыддæр æвæндонæй. Цымæ уын цы нæ фаг кæны. *(Музыкæ. Зæлы «Марш», æмæ сабитæ архайынц æцæг салдæттау санчъехтæ кæнын.)*<br>М. р. Сабитæ, оркестр кæд марш цагъта, уæд цымæ сæйраг инструменттæ цавæртæ уыдысты? *(Æрдзæфон инструменттæ.)*<br>Сабитæ дыууæ къордыл дих кæнынц: иу къорд маршæй цæуы, иннæ къорд та далатæ æмæ бандæттæ ритммæ гæсгæ хойынц. Уыимæ – æнæмæнг зæлы марш. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы, цы у оркестр, оркестры азæлд сæ зæрдæмæ цæуы æви нæ, уыдæттæй.

*41 ахуыр*

**Темæ: «Уалдзæг».**

**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын мажорон æмæ минорон азæлд æнкъарын, къæйттæй гæппытæ æмæ зилдух кæнын. Тыгъдады ориентаци кæныны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты «æнæвербалон» æгъдауæй ныхас кæныны арæхстдзинæдтæ.

– Музыкæмæ хъусыны культурæйыл сæ ахуыр кæнын.

**Репертуар:** А. Вивальди. «Концерт флейтæйæн оркестримæ» (скъуыддзаг).

П. И. Чайковский. Балет «Лебединое озеро»-йы музыкæ.

Г. Селезнёва. «Солнечный день».

С. Полонский. «Весенняя песенка».

А. Филиппенко. «Наша Родина сильна».

Т. Ломова. «Танец с хлопками».

Архайæн фæрæзтæ: хуызджын гæххæтты сыфтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Рог дугъ». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой Т. Ломовайы музыкæмæ æмæ йын сбæрæг кæной йæ темп æмæ характер. Уый фæстæ сабитæ æнæхъæн залы рог дугъ кæнынц – зылдмæ гæсгæ, гакъон-макъон фæндагмæ гæсгæ, иу къуымæй иннæ къуыммæ *(по диагонали)*. |

| | |
|---|---|
| | **М. р.** Музыканттæ музыкæйы тыххæй дзургæйæ пайда кæнынц сæрмагонд дзырдтæй – терминтæй. Мелодийы характер æмæ равг æвдисæг у музыкалон зæлынад. Хъæлдзæг æмæ райдзаст азæлд хуыйны «мажор», æнкъард æмæ æрхæндæг азæлд та – «минор», минорон зæлынад (минорный лад). *(Сабитæ хъусынц музыкæмæ.)* |
| | **М. р.** Вивальдийы музыкæмæ цавæр термин хæстæгдæр у? Чайковскийы балет «Лебединое озеро»-мæ та? Ацы мелодитæн цавæр зæлынад ис: мажорон æви минорон? *(Сабиты дзуæппытæ.)* |
| Зарын. Г. Селезнёва. «Солнечный денек». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, сабитæ архайынц мелоди æмæ хицæн интервалтæ сыгъдæг интонацийæ зарын |
| С. Полонский. «Весенняя песенка». | Сабиты ахуыр кæнын заргæйæ раст улæфын, логикон цавд раст æвæргæйæ дзырдтæ сыгъдæг дзурын. |
| А. Филиппенко. «Наша Родина сильна». | Сабиты ахуыр кæнын ансамблæй зарын: зард иумæ райдайын æмæ фæуын. |
| Т. Ломова. «Танец с хлопками». | Сабиты ахуыр кæнын кафгæйæ рог гæппытæ кæнгæйæ – æмархайд кæнын (къæйттæй зилдух кæнын.) |
| Музыкалон-дидактикон хъазт «Мажор æмæ минор». | **М. р.** Адæймаг музыкæмæ хъусгæйæ йæ зæрдæйы уаг æрмæст мимикæйæ нæ равдисы, равг равдисæн ис хъазты руаджы дæр. *(Сабитæн сæ разы – хуызджын гæххæтты сыфтæ. Музыкалон разамонæг ацæгъды аккордтæ − мажорон кæнæ минорон. Сабитæ сбæрæг кæнынц мажор æмæ миноры азæлд* |

*æмæ равзарынц хъæугæ хуыз – æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы сабиты, цавæр зæрдæйы уаг сын ис – мажорон æви минорон.

*42 ахуыр*

**Темæ: «Уалдзæг».**
**Нысантæ:**

– Сабиты зонды ныффидар кæнын мажорон æмæ минорон зæлынады тыххæй зонындзинæдтæ, хъусгæйæ азæлд бæрæг кæнын (мажор æви минор), зонгæ зарджытæ сæ райдайæнмæ гæсгæ базонынмæ куыд арæхсой, ууыл архайын.

– Архайын, цæмæй змæлдтытæ хуыздæр бахъуыды кæной.

– Кæрæдзийы куыд æмбарой æмæ кæрæдзийæн куыд æххуыс кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Г. Селезнёва. «Солнечный день».
С. Полонский. «Весенняя песенка».
А. Филиппенко. «Наша Родина сильна».
Т. Ломова. «Танец с хлопками».
Г. Селезнёва. «Дождик».

**Архайæн фæрæзтæ:** уадынгæрзты нывтæ (скрипкæ, виолончель, кларнет, фагот, контрабас, флейтæ).

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Рог дугъ». | Сабитæ Т. Ломовайы музыкæмæ гæсгæ згъорынц, се змæлдæй архайынц музыкæйы уæнгрог характер равдисын. М. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ кæрæдзийы ма хъыгдарой. |
| Хъусын. Н. Паганини. «Сонатæ». | М. р. сабиты хъус æрдары музыкалон инструментты нывтæм. |

**М. р.** Инструменттæй кæцытæ зонут, уыдон ранымайут.

*(Сабиты дзуæппытæ. М. р. уадынгæрзты нывтæ дыууæ къордыл дих кæны: хъæдынтæ, удæфонтæ æмæ хъисынтæ. Сабитæ æмбарын кæнынц, кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц, уый. Уый фæстæ бæстондæр æркæсынц хъисын инструменттæм.)*

**М. р.** Абон аныхас кæндзыстæм хъисджын музыкалон инструментты тыххæй: уыдон сты скрипкæ, виолончель, контрабас. Цы сæм ис иумæйагæй æмæ цæмæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ? *(Сабиты дзуæппытæ.)*

**М. р.** Уыцы инструменттæн ис хъистæ æмæ сыл хъæуы æрдынæй (смычком) цæгъдын. Æрдын – уый у, тæнтæ тынггонд кæуыл ис, ахæм къæцæл. Хъисын инструментты хъæлæстæ сты адæймаджы хъæлæсау – рæсугъд æмæ аивзæл. *(Сабитæ хъусынц Н. Паганинийы «Концертон серенадæ»-мæ.)*

Зарын.
Г. Селезнёва. «Солнечный денёк».

Сабиты ахуыр кæнын аив, рогзард кæнын, дзырдты мидæг хъæлæсонтæ раст дзурын.

С. Полонский. «Весенняя песенка».

Ныффидар кæнын хуымæтæг æрдзон зæлтæй зард, музыкæимæ кæнæ æнæ музыкæйæ раст зарын.

А. Филиппенко. «Наша Родина сильна».

М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зонгæ зарæг йæ райдайæнмæ кæнæ йæ музыкалон фразæмæ гæсгæ базоной æмæ йæ азарой. Сабитæ архайынц, зарæджы характер æвдисгæйæ, аив зарын.

| | |
|---|---|
| Т. Ломова. «Танец с хлопками». | Кафт дарддæр ахуыр кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæхæдæг хæдбарæй акафой, музыкæйы хæйттæ куыд ивгæ цæуынц, афтæ се змæлдтытæ дæр ивой. |
| Музыкалон-дидактикон хъазт. Г. Селезнёва. «Дождик». | Сабитæ дыууæ къордыл дих кæнынц. Иу къорд зары зарæг «Дождик», иннæ къорд та – зарæджы равг сбæрæг кæны æмæ йæ мимикæ æмæ къухты змæлдæй æвдисы. Уый фæстæ дыккаг къорд зары зарæг «Солнечный денёк», фыццаг къорд та сбæрæг кæны зарæджы равг æмæ йæ мимикæйæ æвдисы. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы сабиты, цы сты мажор æмæ минор.

*43 ахуыр*

**Темæ: «Уалдзæг».**

**Нысантæ:**

– Уæрæхдæр кæнын сабиты музыкалон арæхстдзинæдтæ, ритмикон хъусдард. Минорон æмæ мажорон азæлд æнкъарын æмæ йæ эмоционалон æгъдауæй æвдисын. Фидар кæнын сабиты æмуагзæлон хъусынад (ладотональный слух).

– Сабиты темброн хъусынад (тембровый слух) рæзын кæнын.

– Фидар кæнын сабиты ’хсæн зæрдæхæлар ахастытæ.

**Репертуар:** Моргуаты Ю. «Уалдзæг æрцыд».
С. Полонский. «Весенняя песенка».
К. Сен-Санс. «Доны хъаз».
Т. Ломова. «Танец с хлопками».
Е. Полякова. «Два утёнка».

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Йæ фæрстыл ритмикон нывты схемæтæ кæмæн ис, ахæм кубик.
**Райуаринаг.** Сабиты нымæцмæ гæсгæ кубиктæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Кубиктимæ фæлтæрæнтæ». | Сабитæ хъусынц С. Соснинайы музыкæмæ, сбæрæг ын кæнынц йæ уæнгроггæнæг ритм. I-аг хайы мелодийы характер сбæрæг кæныны фæстæ рог дугъ кæнынц, II-аг хайы мелодийы ритмикон ныв та кубикты æркъуппытæй банысан кæнынц. |
| Хъусын. К. Сен-Санс. «Доны хъаз». | **М. р.** Абон дарддæр ныхас кæндзыстæм уадынгæрзты тыххæй æмæ базонгæ уыдзыстæм виолончелимæ (æвдисы ныв). Скрипкæимæ сын иумæйагæй цы ис æмæ цæмæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ? *(Сабиты дзуæппытæ.)*<br>**М. р.** Виолончелæн ис ныллæг æмæ бæзджын азæлд, нæлгоймаджы рæсугъд хъæлæсы хуызæн. Раздæр-иу виолончель æрæвæрдтой бандоныл æмæ йыл афтæмæй лæугæйæ цагътой. Фæстæдæр бандоны бæсты æрхъуыды кодтой æфсæн «шпиль», уый йæ быцæу кæны пъолмæ æмæ йыл цæгъдæг бадгæйæ цæгъды. Виолончелыл цæгъдгæйæ, тынг рæсугъд хъуысынц аивзæл мелодитæ. Сен-Сансы «Цæрæгойты карнавал»-ы виолончель æвдисы сæрыстыр доны хъазы уæздан змæлд.<br>*(Сабитæ хъусынц музыкæмæ.)* |

| | |
|---|---|
| Зарын. «Мажор æмæ минор». | Сабитæ азарынц мажорон музыкæйы æртæ зæлы (трезвучие), уый фæстæ та – минороны. Заргæ-зарын мимикæйæ æвдисынц мелодийы уаг (хъæлдзæг, æнкъард.) |
| Моргуаты Ю. «Уалдзæг æрцыд». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, ратæлмац æй кæны уырыссаг æвзагмæ, йæ мидис ын ахуыры темæимæ бабæтты. Сабитæ ма иу хатт хъусынц зарæгмæ. |
| С. Полонский. «Весенняя песенка». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зонгæ зарæг йæ райдайæнмæ кæнæ йæ музыкалон фразæмæ гæсгæ базоной. Сабитæ архайынц, зарæджы характер æвдисгæйæ, аив зард кæнын. |
| Хъазт. Е. Полякова. «Два утæнка». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой ног зарæгмæ – дыууæ бабызы лæппыны алыхуызон характерты тыххæй. Сабитæ хъусынц зарæгмæ, алы музыкалон скъуыддзагæн дæр йæ характер сбæрæг кæнынц. Уый фæстæ пантомимæйæ æвдисынц зарæг (сабитæй иутæ хъæлдзæг æмæ уæнгрог санчъехтæ кæнынц, иннæтæ та – æнкъард æмæ уæзбын). |
| Т. Ломова. «Танец с хлопками». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй къордгæйттæй акафой. Сабитæй иутæ кафынц, музыкæйы характер се 'змæлдтытæй равдисынил архайынц, иннæтæ та сын сæ кафтæн аргъ кæнынц. Хъомылгæнæг йæ хъус дары сабиты архайдмæ. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы: «Цавæр зарджытæ зарыдысты». Цавæр афæдзы афон æвдыст цæуы уыцы зарджыты?

**Темæ: «Уалдзæг».**
**Нысантæ:**

– Мажорон æмæ минорон азæлд æнкъарын æмæ йæ эмоционалон æгъдауæй æвдисын, уарæхдæр кæнын сабиты æмуагзæлуагон хъусынад (ладотональный слух). Ахуыр сæ кæнын уадынгæрзты тембрты характертæ бæрæг кæнын, ритм æнкъарын, дыууæхайон музыкалон уацмыс змæлдæй æвдисын, тыгъдады ориентаци кæнын. Музыкæйы характер символтæй фæнысан кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты сфæлдыстадон фæлгæнæн.

– Гуырын сæм кæнын зонындзинæдтæм тырнындзинад.

**Репертуар:** К. Сен-Санс «Пыл».
Моргуаты Ю. «Уалдзæг æрцыд».
Е. Полякова. «Два утæнка».

**Архайæн фæрæзтæ:** ритмикон схемæтимæ карточкæтæ (къæйттæй); алыхуызон эмоцитæ æвдисæг дывæрсыг маскæтæ; кубиктæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Кубиктимæ фæлтæрæнтæ». | I-аг хай. Сабитæ хъомылгæнæджы дзырдмæ гæсгæ архайынц – сæ бынæттæ аивынц: уаты къуымты фæпырх вæййынц, къæйттæй згъорынц æмæ а. д.<br>II-аг хай. Сабитæ мелодийы ритмикон ныв æвдисæг фæлтæрæнтæ кæнынц. |
| Хъусын:<br>К. Сен-Санс. «Пыл». | **М. р.** Абон мах базонгæ уыдзыстæм контрабасимæ. *(Æвдисы ныв.)*. Контрабас у стыр инструмент.<br>К. Сен-Сансы «Цæрæгойты карнавал»-ы зæлы рæсугъд вальс, нæ цæстытыл ауайы стыр æмæ гуымиры пылы узгæ, æнарæхст змæлд. |

| | |
|---|---|
| | *(Сабитæ хъусынц музыкæмæ, сæ тæлмæнтæ æргом кæнынц.)* |
| Зарын: Мажор æмæ минор. | Сабитæ фыццаг зарынц мажорон æртæ зæлы, уый фæстæ та – минорон, заргæзарын алыхуызон эмоцитæ æвдисæг маскæтæй пайда кæнынц (хъæлдзæг, æнкъард). |
| Моргуаты Ю. «Уалдзæг æрцыд». | Зарæг дарддæр ахуыр кæнынц мелодиимæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй иронау раст дзурой дзырдтæ. |
| Е. Полякова. «Песенка про двух утят». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, сабитæ архайынц мелоди сыгъдæг интонацийæ зарын æмæ дзырдтæ раст дзурыныл. Уый фæстæ сабитæ дих кæнынц къордтыл, æмæ иутæ заргæ кæнынц, иннæтæ та зарæджы тексты ныхæстæм гæсгæ дыууæ контрастон фæлгонцы æвдисынц. |
| Хъазт «Ссар къай дæхицæн». | Сабитæ хъомылгæнæджы размæ æрбалæууынц, уый сын райуары ритмикон нывтимæ карточкæтæ (карточкæтæ-къæйттæ). М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй алчи йæ къай ссара, ома, йæ карточкæйыл ахæм ритмикон ныв кæмæн ис, уыцы сывæллоны, æмæ йæ иумæ азарынц. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы: «Цавæр тембрæй равдисæн ис алыхуызон фæлгонцтæ? Цавæр музыкалон инструменты азæлд æвдисы уæзбын пылы, ленкгæнæг доны хъазы кафт?»

**Темæ: «Дæхи хъахъхъæн – фыдбылыз!»**
**Нысантæ:**

– Хъæздыгдæр кæнын сабиты музыкалон фæлтæрддзинад, ахуыр сæ кæнын музыкалон инструментты азæлд иртасын, дарддæр сын уæрæхдæр кæнын сæ хъæлæсты диапазон. Ахуыр сæ кæнын ритм æнкъарын, модельтæ-символтæй пайда кæнгæйæ, музыкæйы характермæ гæсгæ змæлын.

– Тембр æнкъарыны арæхстдзинæдтæ сæм рæзын кæнын.

– Къорды мидæг æмархайд куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** К. Сен-Санс. «Доны хъаз», «Пыл».
Н. Паганини. «Концертон серенадæ».
Моргуаты Ю. «Уалдзæг æрцыд».
И. Шахова. «Детский сад идæт».

**Архайæн фæрæзтæ:** ритмикон схемæтимæ карточкæтæ (къæйт-тæй), алыхуызон эмоцитæ æвдисæг дывæрсыг маскæтæ, кубиктæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ «Дзæгъдзæгъгæнджытæ». | Сабитæн сæ къухты дзæгъдзæгъæнджытæ, афтæмæй стыр зылдмæ гæсгæ лæууынц. Т. Вилькоревскийы музыкæйы I хаймæ зылды рахизæрдæм згъорынц, дзæгъдзæгъгæнджытæ ритммæ гæсгæ цæгъдынц, II хайы та галиуæрдæм згъорынц. |
| Музыкалон-дидактикон хъазт «Базон инструменттæ».<br>К. Сен-Санс. «Пыл», «Доны хъаз».<br>Н. Паганини. «Концертон серенадæ». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкалон уацмысты скъуыддзæгтæм æмæ сбæрæг кæной скрипкæйы, виолончелы æмæ контрабасы азæлдтытæ. *(Зæлы К. Сен-Сансы «Пыл».)*<br>**М. р.** Цавæр уадынгарзы цагъдмæ байхъуыстат? Цавæр уадынгæрзты къордмæ хауы? |

| | |
|---|---|
| | Куыд ыл хъæуы цæгъдын? Чи йыл фæцæгъды? *(Уыцы хуызы бакусын, Сен-Сансы «Доны хъаз» æмæ Н. Паганинийы «Концертон серенадæ»-мæ байхъусыны фæстæ дæр.)* |
| Зарын. Уырыссаг адæмон мелоди «Белка». | Сабиты ахуыр кæнын мелоди сыгъдæг интонацийæ зарын æмæ дзырдтæ раст дзурын. |
| И. Шахова. «Детский сад идёт». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. Зарæджы мидис бабæтты ахуыры темæимæ. |
| Моргуаты Ю. «Уалдзæг æрцыд». | Ныффидар кæнын сыгъдæг интонацийæ зарыны, заргæйæ – раст улæфыны арæхстдзинæдтæ. |
| Зарæг-хъазт. Эстойнаг адæмон мелоди «Кæд дæ зæрдæмæ цæуы». | Сабитæ уæгъдибарæй лæууынц залы. Хъомылгæнæг афтæ æрлæууы, цæмæй йæ сабитæ иууылдæр дзæбæх уыной. Зары æмæ æвдисы змæлдтытæ, сабитæ сæ фæлхат кæнынц. |
| Хъазт «Ссар къай дæхицæн». | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны хъазты æгъдæуттæ æмæ хъазты рæстæгæн гæрæн æрæвæры (ограничивает). Зæлы цавæрфæнды музыкæ, сабитæн карточкæтæ сæ къухы, афтæмæй сæ къæйттæ агурынц. Уый фæстæ къæйттæй сæ ритмикон нывтæ азарынц *(æрхойынц, æрæмдзæгъд кæнынц кæнæ къæхтæй æртъуппытæ кæнынц).* |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæн арфæ кæны сæ активон архайды фæдыл.

**Темæ: «Дæхи хъахъхъæн – фыдбылыз!»**

**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын мелодийы динамикон фæлгъуызтæ æмæ музыкалон фразæтæ хицæн кæнын. Аив змæлдтытæ сын амонын. Музыкæйы зæлтимæ зарын кæд райдайын æмбæлы, уый æнæ искæй æххуысæй куыд зоной, ууыл кусын. Мелоди раст æвдисын æмæ хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй зарыны арæхстдзинад ныффидар кæнын. Амонын сын кафты музыкæйы уæнгроггæнæг характер аив змæлдтытæй æвдисын.

– Рæзын кæнын сабиты хъуыдыкæнынад æмæ зæрдылдард.

– Музыкæмæ сæ разæнгард кæнын.

**Репертуар:** М. Бугоев «Плавный танец».
Моргуаты Ю. «Лезгинкæ»; «Уалдзæг æрцыди».
И. Шахова. «Детский сад идёт».
Слонаты Ю. Полькæ «Æркъæрццытæ».
Эст. ад. мелоди «Кæд дæ зæрдæмæ цæуы».

**Архайæн фæрæзтæ:** дзæгъдзæгъгæнджытæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Дзæгъдзæгъгæнджытæ». | Фæлтæрæнтæ æххæст кæнгæйæ, сабиты ахуыр кæнын музыкæйы хæйтты аивд хъусын æмæ уымæ гæсгæ змæлдтытæ ивын. *(Дзæгъдзæгъгæнджытимæ рог дугъ.)* |
| Хъусын. М. Бугоев. «Плавный танец». Ирон ад. мелоди «Лезгинкæ». | **М. р.** Абон мах ныхас кæндзыстæм алыхуызон змæлды хуызты тыххæй. Адæймаг цы хуызы змæлы? *(Згъоры, цæуы.)* Цъиу куыд тæхы? *(Тагъд, сабыр.)* Дымгæ куыд радымы? *(Тыхджын, фæлмæн.)* |

| | |
|---|---|
| | Цардægас цыдæриддæр у, уый кæны змæлгæ. Аивады хуызты дæр ис ссарæн æмæ фенæн змæлд. *(Зæгъы сабитæн, цæмæй лæмбынæг байхъусой музыкалон уацмысты фрагменттæм.)* **М. р.** Аццы музыкалон фрагменты ис змæлдтытæ? Цавæр дзырдтæй сæ фæбæрæг кæндзыстæм? (Сабыр, тагъд, знæт.) Змæлдтытæ бæрæг кæнынц темпæй. Темп у музыкæйы змæлд æвдисæг. (Сабитæ фæлхат кæнынц дзырд «темп».) Музыкæйы темп вæййы сабыр, уæздан, тагъд æмæ тынг тагъд. |
| Зарын.<br>Уырыссаг ад. мелоди «Белка». | Сабиты ахуыр кæнын мелоди раст æмæ аив зарын. |
| И. Шахова. «Детский сад идёт». | Зарæг дарддæр ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ афойнадыл, мелодийы райдайæны фæстæ зарын байдайой, мелоди раст интонацийæ зарой. |
| Моргуаты Ю. «Уалдзæг æрцыд». | Музыкæимæ иумæ, æнæ м. р. æххуысæй, сабитæ фæлхат кæнынц зарæг. Заргæйæ архайынц зарæджы характер равдисыныл. |
| Слонаты Ю. «Æркъæрццытæ». | Кафт ахуыр кæныны размæ ахъазынц («Ссар къай дæхицæн»): уæгъдибар лæудæй сабитæ рахизынц къæйттæй лæудмæ. Дарддæр ахуыр кæнынц кафты дыккаг хай – сабыр темпы лæвæрд ритмикон ныв æвдисынц. |
| Зарæг-хъазт. Эстойнаг адæмон мелоди «Кæд дæ зæрдæмæ цæуы». | Хъазгæйæ сабиты ахуыр кæнын змæлдтытæ, хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ, иумæ райдайын æмæ фæуын. Фæлхат кæнгæйæ, амонæджы |

| | |
|---|---|
| | бынаты ӕрлӕууы сывӕллон ӕмӕ йӕхӕдӕг ӕрхъуыды кӕны кафты змӕлдтытӕ. |

Хатдзӕг кӕнгӕйӕ, м. р. сабитӕн арфӕ кӕны сӕ хъӕппӕрисы тыххӕй.

*47 ахуыр*

**Темӕ: «Зондджын машинӕтӕ».**

**Нысантӕ:**

– Сабиты ахуыр кӕнын: музыкӕйы динамикон фӕлгъуызтӕ хъусын ӕмӕ иртасын, мелодийы змӕлдтытӕ графикон ӕгъдауӕй ӕвдисын, музыкӕйы темп ӕмӕ змӕлдтытӕ ӕмахаст кӕнын, абарын.

– Музыкалон-ритмикон змӕлдтытӕ импровизаци кӕныны арӕхстдзинӕдтӕ сӕм рӕзын кӕнын.

– Къӕйттӕй ӕмархайд куыд кӕной, уыцы хуызы сӕ хъомыл кӕнын.

**Репертуар:** К. Сен-Санс «Доны хъаз», «Пыл».
Н. Паганини. «Концертон серенадӕ».
Моргуаты Ю. «Уалдзӕг ӕрцыд».
И. Шахова. «Детский сад идёт».

**Архайӕн фӕрӕзтӕ:** фланелеграф, зӕлты символтӕ – зиллӕччытӕ.

### Ахуыры нывӕст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змӕлдтытӕ. «Гӕппытӕ». | М. р. зӕгъы сабитӕн, цӕмӕй байхъусой А. Ферройы «Чысыл Паратемӕ»-йы музыкӕмӕ ӕмӕ йын йӕ характер сбӕрӕг кӕной, сабиты хъус ӕрдары динамикӕйы ивдмӕ – F P. Хӕслӕвӕрдтӕ: P – сабыр цыд, F – гӕппытӕгӕнгӕ цыд. |

| | |
|---|---|
| Музыкалон-дидактикон хъазт. Ирон адæмон мелодитæ «Симд», «Лезгинкæ». | *Сабитæ хъусынц музыкæмæ.* **М. р.** Цавæр музыкæмæ байхъуыстат? Музыкæйы равг сбæрæг кæнут. Цавæр дзырдтæй равдисæн ис музыкæйы темп? *(Цырд, уæздан.)* Куыд хъуыды кæнут, кафты змæлдтыты характер музыкæйы темпимæ баст у? М. р. дарддæр зæгъы сабитæн, цæмæй, цы музыкæмæ байхъуыстой, уымæ змæлдтытæ æрхъуыды кæной – «уд дзы бауадзой». |
| Зарын. Уырыссаг ад. мелоди «Белка». | Заргæйæ сабитæ мелодийы змæлдтытæ къухæй æвдисынц, дард-дæр м. р. символтæ-зиллæччытæй фланелеграфыл графикон æгъдауæй æвдисы мелодийы змæлд. |
| И. Шахова «Детский сад идёт». | Ныффидар кæнын сыгъдæг интонацийæ зард æмæ, заргæйæ, раст улæфыны арæхстдзинæдтæ. |
| Е. Полонский. «Весенняя песенка». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зонгæ зарæг йæ мелодимæ гæсгæ базоной æмæ йæ азарой. Сабитæ зарынц æмæ кæрæдзийы зардæн аргъ кæнынц. |
| Слонаты Ю. «Æркъæрццытæ». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкæмæ, сбæрæг ын кæной йе змæлдтыты темп æмæ характер. Уый фæстæ сабитæ ахуыр кæнынц кафты фыццаг хайы змæлдтытæ – къæйттæй, кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ, гæппытæ кæнынц. |
| Зарæг-хъазт. Эстойнаг адæмон мелоди «Кæд дæ зæрдæмæ цæуые». | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны хъазты æгъдæуттæ æмæ сæ разæнгард кæны хæдбарæй, æнæ искæй æххуысæй, архайынмæ. Сабитæй кæй фæнды, уый æрлæууы амонæгæй, |

иннӕтӕ фӕлхат кӕнынц архайд.

Хатдзӕг кӕнгӕйӕ, м. р. фӕрсы сабиты, кафын уарзынц ӕви нӕ? Цӕмӕн?

*48 ахуыр*

**Темӕ: «Зонджын машинӕтӕ».**
**Нысантӕ:**

– Музыкӕмӕ раст нысантӕ ӕвзарын (F, P) ӕмӕ сӕ змӕлдтытӕй ӕвдисын. Уӕрӕхдӕр кӕнын музыкалон фӕлтӕрддзинад, ныффидар кӕнын сыгъдӕг интонацийӕ зарыны арӕхстдзинӕдтӕ.

– Рӕзын кӕнын хатдзӕгтӕ ӕмӕ анализ кӕныны арӕхстдзинӕдтӕ.

– Амонын сын тыгъдады ориентаци кӕнын.

**Репертуар:** Ирон адӕмон мелоди «Симд».
Цыбырты Д. «Тӕрхъус».
И. Шахова. «Детский сад идёт».
А. Филиппенко. «Марш юных космонавтов».
Слонаты Ю. Полькӕ «Ӕркъӕрццытӕ».
Ирон адӕмон мелоди «Кӕхцы зарӕг».

**Архайӕн фӕрӕзтӕ:** нысӕнттӕ F, P-имӕ карточкӕтӕ.

### Ахуыры нывӕст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змӕлдтытӕ. «Гӕппытӕ». | М. р. радыгай ӕвдисы нысӕнттӕ-терминтӕ F ӕмӕ P, сабитӕ та уыдонмӕ гӕсгӕ змӕлдтытӕ ӕвдисынц: P – роргдугъ кӕнынц, F – гӕппытӕгӕнгӕ цӕуынц. |
| Хъусын. | Сабитӕ хъусынц музыкӕмӕ. |
| Ирон адӕмон мелоди «Симд». | **М. р.** Зонгӕ уын у ацы музыкӕ? *(Сабиты дзуӕппытӕ.)* Симд у ирон кафт, рагӕй фӕстӕмӕ йӕ кафыдысты чындзӕхсӕвты, бӕрӕгбӕтты, кафгӕ та у къордгӕйттӕй. |

| | |
|---|---|
| | Кафты музыкæйæн цавæр темп ис? *(Иугъæдон.)* Ацы музыкæмæ гæсгæ цавæр змæлдтытæ кæнæн ис, цæрдæг æви сабыр? *(Сабыр, уæздан, бæрæгбонхуыз.)* Ныр та музыкæйы темп не 'мдзæгъдæй равдисæм. *(Сабитæ æмдзæгъд кæнынц.)* |
| Зарын.<br>Цыбырты Д. «Тæрхъус». | Сабитæ ахуыр кæнынц мелоди сыгъдæг интонацийæ зарын. М. р. йæ хъус дары сабиты зардмæ. |
| И. Шаховайы «Детский сад идёт». | Сабиты ахуыр кæнын ансамблæй зарын: иумæ райдайын æмæ иумæ фæуын зард, дзырдтæ, заргæйæ, раст дзурын. |
| А. Филиппенко. «Марш юных космонавтов». | Сабитæ хъусынц ног зарæгмæ, йæ мидис æмæ йын йæ характеры тыххæй æрныхас кæнынц. Зарæгмæ дыккаг хатт хъусгæйæ йын сбæрæг кæнынц йæ арæзт (азард, базард), пайда кæнынц геометрион фигурæтæй. |
| Слонаты Ю. «Æркъæрццытæ». | Кафт дарддæр ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ хæдбарæй архайой æмæ музыкæйы характермæ гæсгæ се змæлдтытæ ивой. |
| Хъазт.<br>Ирон адæмон мелоди «Кæхцы зарæг». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой мелодийы фрагментмæ æмæ сæ зæрдыл æрлæууын кæной хъазты ном æмæ мидис. Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сын сæ зæрдыл æрлæууын кæны зарæджы тексты ныхæстæ æмæ змæлдтыты фæткæвæрд. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй хъазт «Кæхцы зарæг»-æй тезгъойы рæстæг ахъазой.

*49 ахуыр*

**Темæ: «Космос».**

**Нысантæ:**

– Хъæздыгдæр кæнын тембр æнкъарыны фæлтæрддзинад, ахуыр сæ кæнын Музыкалон райдайæны фæстæ афойнадыл байдайын зард. Дарддæр сæ ахуыр кæнын музыкæйы равг иртасын, разæнгард сæ кæнын зонгæ зарджытæ зарынмæ.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард.

– Хъомыл сæм кæнын кæрæдзимæ зæрдæмхиц æнкъарæнтæ.

**Репертуар:** Ирон адæмон мелоди «Симд».
Цыбырты Д. «Тæрхъус».
А. Филиппенко. «Марш юных космонавтов».
И. Шахова. « Детский сад идёт».
П. И. Чайковский. «Старинная французская песенка».
М. Глинка. «Полька».

**Архайæн фæрæзтæ:** дывæрсыг мимикон маскæтæ, геометрион фигурæтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Уæззау æмæ рог къухтæ». | Сабитæ уæгъдибарæй алы рæтты лæууынц. Музыкæмæ байхъусынц æмæ йын сбæрæг кæнынц йæ характер. Мелодийы æнæкъай тактмæ сабыргай къухтæ уæхсчыты онг сисынц, къайджын тактмæ та, нуæрттæ æрлæмæгъ кæнгæйæ, сæ къухтæ æрæппарынц. |

| | |
|---|---|
| Хъусын.<br>Ирон адæмон мелоди «Симд». | Зæлы «Симд».<br>М. р. Зонут ацы музыкæ? Куыд хуыйны? Цавæр у? Цавæр музыкалон инструменты азæлд фехъуыстат? *(Фæндыры.)* Цавæр жанрмæ хауы ацы уацмыс? *(Кафт.)* Цавæр кæфтытæ ма зонут ноджыдæр? *(Дзуæппытæ.)* |
| Зарын.<br>Цыбырты Д. «Тæрхъус». | Сабиты ахуыр кæнын хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй раст æмæ сыгъдæг зарын. |
| А. Филиппенко. «Марш юных космонавтов». | М. р. зарæджы мидис бæтты ахуыры темæимæ. Зарæджы мелоди ахуыр кæнгæйæ, сабитæ афойнадыл, райдайæны фæстæ, сыгъдæг интонацийæ зарынц. М. р. радыгай равæры геометрион фигурæтæ – символтæ: райдайæн, куплет, базард. |
| И. Шахова. «Детский сад идёт». | Зарæг фæлхат кæнгæйæ ныффидар кæнын хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй раст зарыны арæхстдзинæдтæ. Сабитæ зарынц къордгæйттæй, кæрæдзийы зардæн аргъ кæнынц. М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны зарæджы характер æмæ равг. |
| Слонаты Ю. «Æркъæрццытæ». | Сабиты ахуыр кæнын музыкæйы хæйтты аивд æнкъарын æмæ уымæ гæсгæ змæлдтытæ ивын. |
| Зарæг-хъазт.<br>Е. Полякова. «Песенка про двух утят». | Сабитæ дыууæ къордыл дих кæнынц, хъусынц зарæгмæ, чи кæцы бабызы цъиуы æвдисдзæн, уый сбæрæг кæнынц. Зæлы музыкæ, дыууæ ныхмæвæрд, контрастон фæлгонцы æвдисгæйæ, сабитæ инсценировкæ кæнынц зарæг. |

Хъомылгæнæг арфæ кæны сабитæн
сæ активон архайды фæдыл.

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы сабиты, 12 апрелы цавæр бæрæгбон бæрæг кæнæм, уымæй.

*50 ахуыр*

**Темæ: «Космос».**

**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын музыкæмæ хъусын æмæ йæ æнкъарын, хъусгæ æнкъарæнтæ дифференциации кæнын, архайын сабиты нуæрттæ фидардæр кæныныл, бакусын сабиты раст улæфты æгъдауыл, артикуляцийыл.

Мажор æмæ миноры контрастон азæлд æнкъарын æмæ йæ эмоционалон æгъдауæй æвдисын.

– Рæзын кæнын сабитæм эмоционалон фæлмæнзæрдæ.

– Хъомыл сæм кæнын бархъомыс æмæ бадтфæразондзинад.

**Репертуар:** П. И. Чайковский. «Старинная французская песенка».
М. Глинка. «Полька».
Цыбырты Д. «Тæрхъус».
А. Филиппенко. «Марш юных космонавтов».
И. Шахова. «Детский сад идёт».

**Архайæн фæрæзтæ:** мимикон маскæтæ, геометрион фигурæтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Рог æмæ уæззау къухтæ». | Дарддæр ахуыр кæнынц дыккаг хай: æнæкъай тактмæ сабитæ уæнгрогæй сæ тымбылкъухтæ размæ æппарæгау кæнынц, къайджын тактмæ та сæ сабыргай æруадзынц бынмæ. |

| | |
|---|---|
| Музыкалон-дидактикон-хъазт «Базон зæрдæйы уаг». | П. И. Чайковский. «Старинная фран-цузская песенка»; М. Глинка. «Полька».<br>**М. р.** Зæгъæн ис, æмæ музыкæ дзурын зоны. Музыкæйæ зæрдæйы уаг равдисæн ис? Куыд? *(Интонацийæ, зæлтæй.)* Музыкæйы руаджы цы равдисæн ис? *(Адæймаджы æнкъарæнтæ, йæ зæрдæйы уаг).* Музыкæ зоны уыци-уыцитæй дæр ис дзурын, уæ бон сæ бауыдзæн базонын? *(Зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкалон фрагменттæм, æмæ радзурой, цавæр æнкъарæнтæ сæм сæвзæрын кæны музыкæ, æмæ алы музыкалон фрагментæн дæр йæ маскæ-портрет равдисой.)* |
| Зарын.<br>Цыбырты Д. «Тæрхъус». | Сабитæ зарæг зарынц 2–3 хъæлæсы уагæй, архайынц хъомылгæнæджы амынд хъæлæсы уагæй зарыныл. |
| А. Филиппенко. «Марш юных космонавтов». | Ныффидар кæнын сыгъдæг интонацийæ зарыны фæлтæрддзинад. Сабиты ахуыр кæнын заргæйæ раст улæфын. |
| Кафт «Аив дæ къай». | **М. р.** зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкæмæ, сбæрæг ын кæной йе змæлдтыты равг æмæ характер. Уый фæстæ сабитæ ахуыр кæнынц кафты фыццаг хай. |

**Темæ: «Мæргътæ».**

**Нысантæ:**

– Дарддæр сабиты ахуыр кæнын музыкæ æмбарын æмæ уарзын, иртасын музыкæйы аивгæнæн мадзæлттæ, уæрæхдæр кæнын сабиты дзырдуат музыкалон терминтæй; базонгæ сæ кæнын æмбарынад «паузæ»-имæ. Ахуыр сæ кæнын музыкалон паузæ æмæ музыкæйы æрлæуд æнкъарын. Алы музыкалон скъуыддзагæн дæр змæлдтыты руаджы равдисын йæ характер.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард.

– Алфамбылай дунемæ аудгæ цæстæй куыд кæсой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** К. Сен-Санс. «Доны хъаз».
Уырыссаг адæмон мелоди «Кукушка».
Е. Полякова. «Песенка про двух утят».
А. Абелян. «Про меня и муравья».

**Архайæн фæрæзтæ:** геометрион фигурæтæ, фланелеграф, уадынгæрзты нывтæ (виолончель, скрипкæ, контрабас).

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Тезгъо». | М. р. зæгъы сабитæн, мелоди дæр, куыд ныхас, афтæ кæй дих кæны фразæтыл. Сабитæ хъусынц Э. Бетольфы пьесæмæ, сбæрæг ын кæнынц йæ характер; уый фæстæ уыцы иу уагыл кæрæдзийы фæстæ цæуынц, музыкалон фразæйы кæрон се ’рлæудæй фæбæрæг кæнынц. |
| Хъусын.<br>К. Сен-Санс. «Доны хъаз». | **М. р.** Абон мах дарддæр зонгæ кæндзыстæм францаг композитор Сен-Сансы сфæлдыстадимæ. |

| | |
|---|---|
| | Байхъусдзыстæм ын йæ зындгонд уацмыс «Цæрæгойты карнавал »-æй скъуыддзагмæ. *(Зæлы Сен-Сансы «Доны хъаз».)* Зонгæ уын у ацы музыкæ, куыд хуыйны, цæй тыххæй у? *(Сабиты дзуæппытæ.)* Цавæр музыкалон интструментыл цæуы цагъд, уый базыдтат? Равдисут æй нывты ’хсæн. Музыкæ нын цы зæгъынмæ хъавы, уый уæ ныхæстæй радзурут. *(Сабиты дзуæппытæ.)* |
| Зарын. Уырыссаг адæмон мелоди «Кукушка». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, йæ мидис ын ахуыры темæимæ бабæтты. Уый фæстæ сабиты бафæрсы: «Музыкæ æнæнцайгæ зæлыдис æви-иу фенцадис?» Сабиты дзуæппыты бындурыл скæны хатдзæг, музыкæ-иу кæй фенцад, æмæ ахæм музыкалон æрлæуд кæй хуыйны «паузæ». Сабитæ ма иу хатт зарынц зарæг. |
| Хъуылаты Е. «Цъиу, цъиу-цъиу». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. сабиты хъус æрдары, цæмæй мелоди сыгъдæг зарой æмæ иронау дзырдтæ раст дзурой. |
| А. Абелян. «Про меня и муравья». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ æмæ сæ цымыдис кæны зарæджы мидисмæ. Сабитæ ма иу хатт хъусынц зарæгмæ æмæ йын йæ амад сбæрæг кæнынц (райдайæн, азард, базард.) М. р. фланелеграфыл геометрион фигурæтæй æвдисы (равæры) зарæджы амад. |

| | |
|---|---|
| Кафт.<br>Т. Богин. «Смени пару». | Кафт ахуыр кæныны размæ сабитæ хъусынц музыкæмæ, сбæрæг ын кæнынц йæ характер æмæ темп. Уый фæстæ ахуыр кæнынц кафты фыццаг хай, архайынц музыкæйы характермæ гæсгæ лæвæрд темпы змæлын. |
| Зарæг-хъазт.<br>Е. Полякова. «Песня про двух утят». | Сабитæ ныффидар кæнынц хъазт, ома, контрастон мелодимæ хъусгæйæ, мимикæ æмæ къухты змæлдæй æвдисынц «хъæлдзæг» æмæ «æнкъард» бабызы лæппынты. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты фæрсы, паузæ цы у, уымæй. Зæгъы, цæмæй йæ се змæлдтыты равдисой.

*52 ахуыр*

**Темæ: «Мæргътæ».**

**Нысантæ:**

– Къухты змæлды фæрцы сабиты мысæнуаты ныффидар кæнын музыкалон паузæйы æнкъарынад. Ахуыр сæ кæнын музыкалон уацмысы хæйттæ регистртæ æмæ динамикон фæлгъуызтæм гæсгæ иртасын (F, P). Архайын, цæмæй сабитæ æнæ искæй æххуысæй иртасой музыкалон фæлгонц.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард.

– Æгъдауджын æмæ уæздан куыд уой, кæрæдзиимæ сын зæрдæхæлар ахастытæ куыд уа, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** К. Сен-Санс. «Доны хъаз».
Уырыссаг адæмон мелоди «Кукушка».
Е. Полякова. «Песенка про двух утят».
А. Абелян. «Про меня и муравья».
Т. Богина. «Смени пару».

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Тезгъо». | Сабитæ зылды лæууынц, сывæллон-амонæг зылдмæ гæсгæ цæуы, фыццаг музыкалон фразæйы кæронмæ сывæллæттæй иуы къухыл æрхæцы æмæ дыууæйæ зылдмæ гæсгæ цæуынц (зæлы дыккаг музыкалон фразæ), уый фæстæ цæуынц æртæйæ (зæлы æртыккаг музыкалон фразæ) æмæ а. д. |
| Хъусын. К. Сен-Санс «Доны хъаз». | **М. р.** Абон нæ ахуыры сахат райдайдзыстæм музыкалон уыци-уыцийæ. Ныртæккæ байхъусдзыстут зонгæ музыкалон пьесæмæ æмæ йæ хъуамæ базонат. *(Зæлы К. Сен-Сансы «Доны хъаз».)* Цы нын æвдисы ацы музыкæ? *(Дзуæппытæ.)* **М. р.** Доны хъаз аивдæр æмæ рæсугъддæр кæд вæййы, зæххыл – къахæй цæугæйæ, æви доны – ленк кæнгæйæ? *(Дзуæппытæ.)* **М. р.** Доны хъаз æнахуыр рæсугъд æмæ аив вæййы ленк кæнгæйæ, раст цыма ихыл быры, йæ сæр хæрдмæ сæрыстырæй сивазгæйæ. Цавæр ритм ис музыкæйæн? Куыд зæлы? Къуылымпытæгæнгæ æви уыцы иу уагыл, уæзданæй? Цавæр равг ын ис, мажорон æви минорон? *(Дзуæппытæ.)* |
| Зарын. Уырыссаг адæмон мелоди «Кукушка». | Заргæйæ сабитæ мелодийы ритмикон ныв æмдзæгъдæй æвдисынц, паузæтæ къухты змæлдæй |

| | |
|---|---|
| | фæбæрæг кæнынц. |
| А. Абелян. «Про меня и муравья». | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ мелоди сыгъдæг зарой æмæ заргæйæ раст улæфой. |
| Хъуылаты Е. «Цъиу, цъиу-цъиу». | Ныффидар кæнын сыгъдæг интонацийæ зард. М. р. хъус дары, цæмæй сабитæ дзырдтæ раст дзурой æмæ музыкалон фразæты логикон цавд раст æвæрой. |
| Кафт.<br>Т. Богина. «Смени пару». | Сабиты ахуыр кæнын музыкæйы темпмæ гæсгæ архайын. |
| Зарæг-хъазт.<br>Е. Колесников. «Цъиу æмæ сывæллæттæ». | Хъазт ахуыр кæныны размæ м. р. дзуры хъазты мидис æмæ зæгъы сабитæн, цæмæй тексты ныхæстæм гæсгæ æрхъуыды кæной змæлдтытæ. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæн арфæ кæны сæ активон архайды фæдыл.

*53 ахуыр*

**Темæ: «Сасчытæ».**

**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын æмбарынад «музыкалон фразæ»-имæ. Дарддæр сæ ахуыр кæнын вокалон æмæ хоры зарыны арæхстдзинæдтыл (ансамблæй зарын) музыкалон уацмысы характермæ гæсгæ раст змæлын, хъазты персонажты характер æвдисгæйæ.

– Рæзын кæнын анализ скæныны арæхстдзинæдтæ.

– Музыкæмæ разæнгард куыд кæной, сабиты уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** П. Чайковский. «Старинная французская песенка».
Л. Гавришева. «Пчела».
А. Абелян. «Про меня и муравья».

Хъуылаты Е. «Цъиу, цъиу-цъиу».
Е. Колесников. «Цъиу ӕмӕ сывӕллӕттӕ».
Т. Богина. «Смени пару».

**Ахуыры нывӕст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змӕлдтытӕ. «Кӕсаглас». | Сабитӕ М. Глинкайы музыкӕмӕ гӕсгӕ кӕрӕдзийы фӕдыл санчъехтӕ кӕнгӕ цӕуынц. Алы музыкалон фразӕйы фӕстӕ дӕр сабитӕ-«кӕсагластӕ» хъуамӕ сӕ иугай къӕхтыл ӕрлӕууой, иннӕ къах хӕрдмӕ сисгӕйӕ. |
| Хъусын. П. Чайковский. «Старинная французская песенка». | **М. р.** Алы мелоди дӕр нӕ ныхасы хуызӕн дих кӕны фразӕтыл. Заргӕйӕ алы фразӕ дӕр азарынц иу сулӕфтӕн, фразӕйы кӕрон та ног сулӕфынц. Музыкалон уацмыс дӕр, алыхуызон инстументтыл цӕгъдгӕйӕ, дих кӕны фразӕтыл. *(Сабитӕ хъусынц Чайковскийы «Старинная французская песенка»-мӕ ӕмӕ сӕ къухты змӕлдӕй фразӕты райдайӕн фӕбӕрӕг кӕнынц.)* |
| Зарын. Л. Гавришева. «Пчела». | Сабиты ахуыр кӕнын мелоди раст зарын. М. р. йӕ хъус дары, цӕмӕй сабитӕ тыхзард ма кӕной, фӕлӕ ӕнцонӕй, рог, ӕрдзон хъӕлӕсӕй зарой. |
| А. Абелян. «Про меня и муравья». | Ныффидар кӕнын сыгъдӕг интонацийӕ зард, логикон цавд ӕвӕргӕйӕ, дзырдтӕ раст дзурын. |

| | |
|---|---|
| Хъуылаты Е. «Цъиу, цъиу-цъиу». | Зарӕг ахуыр кӕнгӕйӕ, сабитӕ архайынц раст зарын, иумӕ райдайын ӕмӕ фӕуын зард. |
| Кафт.<br>Т. Богина. «Смени пару». | Сахуыр кӕнын кафты хицӕн элементтӕ: фӕрсӕрдӕм дугъ (боковой галоп), ритммӕ гӕсгӕ ӕмдзӕгъд, тыгъдады ориентаци кӕнын. |
| Зарӕг-хъазт.<br>Е. Колесников. «Цъиу ӕмӕ сывӕллӕттӕ». | Хъазты фӕрцы ныффидар кӕнын тыгъдады ориентаци кӕныны, иу змӕлдӕй иннӕмӕ раст ахизыны арӕхстдзинӕдтӕ. |

Хатдзӕг кӕнгӕйӕ, м. р. сабиты зӕрдыл ӕрлӕууын кӕны тыгъдады ориентаци кӕныны арӕхстдзинӕдтӕ *(ома, м. р. амындмӕ гӕсгӕ, сӕ бынат аивынц.)*

*54 ахуыр*

**Темӕ: «Сасчытӕ».**
**Нысантӕ:**

– Сабиты дарддӕр зонгӕ кӕнын музыкалон фразӕ, уацмысы характер ӕмӕ мидис бӕрӕггӕнӕг ӕмбарынӕдтимӕ. Ахуыр сӕ кӕнын, цӕмӕй кафгӕйӕ кӕрӕдзийы ма фӕзмой, фӕлӕ сӕ алчи йӕхирдыгонау архайа. Ныффидар кӕнын хуымӕтӕг, ӕрдзон хъӕлӕсӕй зарыны арӕхстдзинад.

– Рӕзын кӕнын сабиты хъусдард.

– Зӕрдӕхӕларӕй ӕмархайд куыд кӕной, уыцы хуызы сӕ хъомыл кӕнын.

**Репертуар:** П. Чайковский. «Старинная французская песенка».
А. Абелян. «Про меня и муравья».
Хъуылаты Е. «Цъиу, цъиу-цъиу».
Е. Колесников. «Цъиу ӕмӕ сывӕллӕттӕ».

**Архайӕн фӕрӕзтӕ:** цъиутӕн арӕзт худтӕ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| Музыкалон ритмикон змæлдтытæ. «Кæсаглас». | Сабитæ раздæр байхъусынц музыкæмæ, уый фæстæ алы музыкалон фразæйы кæрон дæр се 'мдзæгъдæй фæбæрæг кæнынц. Дарддæр сабитæ æххæст кæнынц фæлтæрæнтæ æмæ алы музыкалон фразæйы кæрон дæр се змæлдæй фæнысан кæнынц. |
| Хъусын.<br>П. И. Чайковский. «Старинная музыкальная песенка». | **М. р.** Алы музыкалон уацмыс дæр арæзт у цыбыр хæйттæй, хæйттæ арæзт сты музыкалон фразæтæй, фразæтæ та – зæлты æмиуадæй. *(Зæлы музыкæ.)* Цавæр зæрдæйы уаг уæм сæвзæры, ацы музыкæмæ хъусгæйæ? Цавæр интонацитæ дзы æвдыст цæуы?<br>*(Сабиты дзуæппытæ.)*<br>**М. р.** Куыд нæ ныхасы, афтæ мелодийы дæр фразæтæн ис алыхуызон характер. Сæ иутæ сты – цудгæ (неустойчивые), ахæм фразæтæ сты фарстон фразæтæ, музыкæ ахæм фразæтыл нæ фæвæййы; иннæтæ та сты – æнæцудгæ (устойчивые) фразæтæ, уыдон сты дзуапдæттæг, ахæм фразæтыл музыкæ кæронмæ ахæццæ вæййы. |
| Зарын.<br>Л. Гавришева. «Пчела». | Заргæйæ сабитæ фæбæрæг кæнынц алы музыкалон фразæйы райдайæн дæр; алы фразæ дæр иу сулæфтæн азарынц.Зарынц алыхуызон зæлуагыл (тональность). |

| | |
|---|---|
| А. Абелян. «Про меня и муравья». | Сабиты ахуыр кæнын зард иумæ райдайын æмæ иумæ фæуын. Домын сæ, цæмæй тыхзард ма кæной, фæлæ иу уагыл зæлтæ сыгъдæг зарой. |
| Хъуылаты Е. «Цъиу, цъиу-цъиу». | Сабитæ, музыкæимæ иумæ, æнæ музыкалон розамонæджы æххуысæй, сæхæдæг фæлхат кæнынц зарæг. М. р. сын сæ хъус дары, цæмæй зарæджы характер аивæй æвдисой. |
| Кафт.<br>Т. Богина. «Смени пару». | Сабиты ахуыр кæнын музыкалон уацмысы хæйттæ æмæ музыкалон фразæты ивд змæлдтытæй равдисын. |
| Зарæг-хъазт.<br>Е. Колесников. «Цъиу æмæ сывæллæттæ». | Сабиты ахуыр кæнын тексты ныхæстæм гæсгæ архайын. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы сабиты, ахуыры рæстæг цавæр архайды хуыз цæуы тынгдæр сæ зæрдæмæ æмæ цæмæн?

*55 ахуыр*

**Темæ: «Уæлахизы Бон».**
**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын ритм æнкъарын æмæ йæ змæлгæйæ æвдисын. Рæзын сæм кæнын сфæлдыстадон арæхстдзинæдтæ, зонгæ змæлдтытæй пайда кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусгæ зæрдылдард, мадзалджын æмæ сæрæн куыд уой, ууыл архайын.

– Бадтфæразон, бархъомысджын куыд уой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Д. Тухманов. «День Победы».
А. Абелян. «Про меня и муравья».
А. Бязь. «В День Победы».

**Архайæн фæрæзтæ:** йæ алы фарсыл дæр ритмикон ныв кæмæн ис, ахæм кубик.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ.<br>«Равдис ритм». | М. р. сабитæм æвдисы ритмикон нывты схемæтæ æмæ сын зæгъы, цæмæй сæ цавæрфæнды змæлдтытæй дæр равдисой *(æмдзæгъдæй, гуыппытæй, сæппсæппæй, къæхты тъуппытæй).* |
| Хъусын.<br>Д. Тухманов. «День Победы». | **М. р.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, 9 Майы нæ бæстæ цавæр бæрæгбон фæбæрæг кæны?<br>*(Сабиты дзуæппытæ).*<br>**М. р.** Хæсты тыххæй тынг бирæ æмдзæвгæтæ æмæ радзырдтæ æрцыдис фыст. Композитортæ дæр уыцы темæйы фæрсты нæ ахызтысты. Абон мах байхъусдзыстæм Д. Тухмановы зарæг «День Победы»-мæ. Ацы зарæг фыст æрцыди, хæст куы фæцис, уымæй бирæ азты фæстæ. Алы аз дæр æй 9 Майы фехъусæн вæййы радиойæ, телеуынæнадæй, парадты.<br>Сабитæ хъусынц зарæг «День Победы»-мæ. |
| Зарын.<br>Л. Гавришева. «Пчела». | Ныффидар кæнын æрдзон хъæлæсæй зард, дзырдтæ раст æмæ аив дзурын. |
| А. Бязь. «В День Победы». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, йæ мидис ын ахуыры темæимæ бабæтты, сабитæм гуырын кæнын эмоционалон |

| | |
|---|---|
| | ænkъaræntæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. |
| А. Абелян. «Про меня и муравья». | Зарæг фæлхатгæнгæйæ сабитæм ныффидар кæнын раст æмæ аив зарды арæхстдзинæдтæ. Сабитæ къордгæйттæй зарынц: иутæ – азард (запев). М. р. йæ хъус дары сабиты зардмæ. |
| Кафт. Слонаты Ю. «Æркъæрццытæ». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной зонгæ кафт. Сабитæ уал раздæр музыкæмæ байхъусынц, сæ зæрдыл æрлæууын кæнынц змæлдыты фæткæвæрд. Кафынц сæхи фæндонмæ гæсгæ. |
| Сфæлдыстадон рæзт. Л. Гавришева. «Пчела». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг инсценировкæйы хуызы, ома змæлдтыты руаджы, равдисой. Сабитæй алчи дæр архайы йæхи фæндонмæ гæсгæ равдисын тексты ныхæстæ. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты фæрсы, 9-æм Майы нæ бæстæ цавæр бæрæгбон фæбæрæг кæны, уымæй.

*56 ахуыр*

**Темæ: «Уæлахизы Бон».**
**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын ритм æнкъарын æмæ æвдисын, аив змæлын. Рæзын сæм кæнын зарджытæ инсценировкæ кæныны арæхстдзинæдтæ. Уæрæхдæр кæнын сабиты вокалон фæлтæрддзинæдтæ. Амонын сын музыкалон уацмысы хæйттæ регистртæм гæсгæ иртасын.
– Рæзын кæнын сабиты музыкалон хъусдард.
– Хæдбарæй активон архайд куыд кæной, уыцы хуызы сæ

хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Д. Тухманов. «День Победы».
Л. Гавришева. «Пчела».
Б. Савельев. «Разноцветная игра».
Е. Колесников. «Цъиу æмæ сывæллæттæ».

**Архайæн фæрæзтæ:** кубик, геометрион фигурæтæ, фланелеграф.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Равдис ритм». | Сабитæ кæрæдзийы фæдыл зылды лæууынц. М. р. æвдисы, кубичы фæрстыл цы ритмикон нывтæ амынд цæуы, уыдон æмæ зæгъы сабитæн, цæмæй радыгай, разæй лæууæг сабийы уæхск æрхойгæйæ, ритм равдисой. Фæстаг сывæллон цы ритм фехъуса, уый равæрдзæн фланелеграфыл. |
| Хъусын. Д. Тухманов. «День Победы». | Сабитæ хъусынц Д. Тухмановы зарæг «День Победы»-мæ.<br>**М. р.** Цавæр æнкъарæнтæ уæм сæвзæрдис, ацы зарæгмæ байхъусгæйæ? *(Сабиты дзуæппытæ.)*<br>**М. р.** Йæ азæлд цавæр у? *(Сæрыстыр, кадджын, уæлахизон.)*<br>С. Зарæгмæ хъусгæйæ мах æнкъарæм нæ Райгуырæн бæстæйы æнæбасæттгæ хъару æмæ сæрыстырдзинад! М. р. Цавæр жанры æвдыст цæуы? *(Марш.)* Ныр та мæ фæнды, цæмæй, ацы зарæгмæ хъусгæйæ, сæрыстыр санчъехтæй залыл æрзилат. |

| | |
|---|---|
| Зарын.<br>Л. Гавришева. «Пчела». | Сабитæ зарынц, музыкалон фразæтæ иу сулæфтæн азаргæйæ фæбæрæг кæнынц. |
| А. Бязь. «В День Победы». | Сабитæ хъусынц зарæгмæ, сбæрæг ын кæнынц йæ амад (райдайæн, азард, базард), уый фæстæ йæ, геометрион фигурæтæй пайда кæнгæйæ, æвдисынц фланелеграфыл.<br>Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ «райдайæны» фæстæ (после вступления) афойнадыл байдайой зарын сыгъдæг æмæ раст интонацийæ. |
| Хъуылаты Е. «Цъиу, цъиу-цъиу». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг, иу музыкалон фразæмæ байхъусгæйæ, базоной æмæ йæ азарой *(къордгæйттæй, иугæйттæй).* |
| Кафт.<br>Б. Савельев. «Разноцветная игра». | Сабитæ хъусынц зарæг «Разноцветная игра»-мæ, сбæрæг ын кæнынц йæ равг.<br>М. р. сабиты хъус æрдары зарæджы текстмæ æмæ сын зæгъы, цæмæй тексты ныхæстæм гæсгæ змæлдтытæ равдисой. |
| Хъазт.<br>Е. Колесников. «Цъиу æмæ сывæллæттæ». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной хъазты мидис æмæ хæдбарæй сæ кафæг æмбæлттимæ, акафой. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитимæ хъазт «Хорз – æвзæр»-æй ахъазы (хъазты мидис лæвæрд ис раздæры ахуыры сахаты).

**Темæ: «Театр, кино».**
**Нысантæ:**

– Хъæздыгдæр кæнын сабиты музыкалон арæхстдзинæдтæ. Сабиты зонгæ кæнын аргъæутты фæлгонцтимæ. Ахуыр сæ кæнын алыхуызон интонацион здæхтытæй пайда кæнын; къорды мидæг архайгæйæ æмызмæлд кæнын.
– Рæзын кæнын сабиты музыкалон мысæнуат (память).
– Музыкæмæ разæнгард куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** П. И. Чайковский. Балет «Спящая красавица» (вальс).
Цыбырты Д. «Тæрхъус».
А. Бязь. «В День Победы».
Е. Паршина. «Летняя пора».
Б. Савельев. «Разноцветная игра».
А. Наседкин. «Бездомная кукушка».

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Гæппытæ». | Сабитæ залы цыппар къуымы къордгæйттæй лæууынц. Зæлы Т. Ломовайы музыкæ, I-аг хайы, кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ, уæнгрог гæппытæй цæуынц рахизæрдæм, II-аг хайы та – галиуæрдæм. |
| Хъусын. П. И. Чайковский. Балет «Спящая красавица»-йæ вальс. | **М. р.** Аргъæуттæ уарзут? Аргъæутты мидисмæ гæсгæ мах тынг арæх фенæм спектакльтæ, телеравдыстытæ, кинонывтæ. Тынг бирæ композитортæ аргъæутты сюжетмæ гæсгæ æрхъуыды кодтой мелодитæ. Амæй размæ ахуырты мах хъуыстам музыкалон аргъау «Щелкунчик»-мæ. |

| | |
|---|---|
| | Музыкæйы руаджы аргъау хъæздыгдæр кæны; аргъæутты персонажты фæлгонцтæ та ирддæр æмæ аивдæр, æнцондæрæй сæ бахъуыды кæнæм. Композитор П. И. Чайковский аргъау «Спящая красавица»-мæ ныффыста музыкæ. Абон мах байхъусдзыстæм балет «Спящая красавица»-йæ байхъусдзыстæм иу скъуыддзагмæ – вальсмæ. *(М. р. уал раздæр сабиты зæрдыл аргъауы мидис цыбырæй æрлæууын кæны.)* |
| Зарын. Цыбырты Д. «Тæрхъус». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй музыкæмæ гæсгæ базоной зарæг. Уый фæстæ зарæг 2–3 зæлуагыл (тональность) азарынц. |
| Е. Таршина. «Летняя пора». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. Зарæгмæ дыккаг хатт куы байхъусынц, уæд ын сабитимæ сбæрæг кæны йæ амад *(азард, базард, райдайæн).* |
| А. Бязь. «В День Победы». | Ныффидар кæнын: сыгъдæг интонацийæ зарын зарæджы райдайæны æмæ музыкалон фразæты æхсæн раст улæфын. |
| Кафт. Б. Савельев. «Разноцветная игра». | Кафгæйæ сабиты ахуыр кæнын музыкæимæ æмархайд кæнын. |
| Хъазт. А. Наседкин. «Бездомная кукушка». | М. р. сабиты зонгæ кæны ног хъазты мидисимæ, уый фæстæ сабитæ, музыкæмæ хъусгæйæ, регистртæ æмæ динамикон фæлгъуызты |

æмæ динамикон фæлгъуызты аивд фæбæрæг кæнынц.

Ахуыры сахатæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы сабиты, кæцы композиторы музыкæ фæцыдис тынгдæр сæ зæрдæмæ, куыд хуыйны уыцы уацмыс æмæ цавæр жанрмæ хауы.

*58 ахуыр*

**Темæ: «Театр, кино».**

**Нысантæ:**

– Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ, аргъæутты фæлгонцтæ музыкæйы куыд æвдыст цæуынц, уый тыххæй; хъусгæйæ мелодийы арæзт сбæрæг кæнын; ансамблæй сæ зард аивдæр куыд зæла, музыкæйы характермæ гæсгæ змæлын куыд зоной, ууыл архайын.

– Рæзын кæнын сабиты сфæлдыстадон фæлгæнæн.

– Иумæйаг хъазты активонæй куыд архайой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** К. Чайковский. «Спящая красавица»-йæ вальс.
Е. Таршина. «Летняя пора».
Д. Тухманов. «В день победы».
Б. Савельев. «Разноцветная игра».
А. Наседкин. «Бездомная кукушка».
Е. Тиличеева. «Лесенка».

**Архайæн фæрæзтæ:** фланелеграф; геометрион фигурæтæ; карточкæтæ сабиты нывтимæ (заргæйæ, хъусгæйæ æмæ кафгæйæ).

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Гæпгæнæнтæ». | Сабитæ хъусынц музыкæмæ, сбæрæг кæнынц музыкæйы алыхарактерон хæйттæ. М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной I-аг хайы æмæ II-аг хайы змæлдтытæ *(уæнгрог гæппытæ, æмраст къахдзæфтæ).* |

| | |
|---|---|
| Хъусын.<br>Чайковский. Балет «Спящая красавица»-йæ вальс. | **М. р.** Алы аргъауы дæр æвдыст æрцæуы, хорз æмæ фыд куыд тох кæнынц, уый, æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы – алкæд хорз фæуæлахиз вæййы. Композитор йæ музыкæйæ уыцы тох æмæ уæлахиз аивæй равдисы. Байхъусæм уæдæ балет «Спящая красавица»-йæ вальсмæ æмæ йын сбæрæг кæнæм йæ равг, цавæр æнкъарæнтæ дзы æвдыст цæуы, уый.<br>*(Сабитæ музыкæмæ байхъусынц æмæ дзуапп дæттынц.)*<br>**М. р.** Æцæгæйдæр, ацы музыкæ у ирд, тæмæнкалгæ, зæрдæрайгæ бæрæгбоны музыкæ. Къаролы хæдзары бæрæг кæнынц принцессæйы æхсæрдæс азы бон. Уымæ гæсгæ æрхуыдтой уазджыты, скодтой кафтизæр æмæ се ’ппæтæн дæр ис хъæлдзæг зæрдæйы уаг. |
| Зарын.<br>Е. Тиличеева. «Лесенка». | Заргæйæ ныффидар кæнын мелодийы къæпхæнамад змæлд раст сбæрæг кæнын æмæ азарын (дæлейæ – уæлæмæ, уæлейæ – дæлæмæ). Сабитæй исчи графикон æгъдауæй фланелеграфыл æвдисы мелодийы змæлд. |
| Е. Таршина. «Летняя пора». | Сабиты ахуыр кæнын афойнадыл раст райдайын зарын. Мелоди сыгъдæг интонацийæ зарын, дзырдты мидæг хъæлæсон мыртæ раст дзурын. |

| | |
|---|---|
| А. Бязь. «В День Победы». | Дарддæр сабиты ахуыр кæнын зард иумæ райдайын æмæ иумæ фæуын. Уыимæ – цæмæй тыхзард ма кæной, фæлæ иу уагыл хъæрæй зарой. |
| Кафт. Б. Савельев. «Разноцветная игра». | Кафт ахуыр кæнгæйæ, м. р. сабиты хъус æрдары кафты аив змæлдмæ, ахуыр сæ кæны æмкафæг æмбалимæ æмархайд кæнын. |
| Хъазт. А. Наседкин. «Бездомная кукушка». | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны хъазты æгъдау æмæ рольтæ байуары. Хъуамæ сабитæ фехъусой музыкæйы регистрты аивд æмæ йæ се змæлды аивдæй фæбæрæг кæной. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. карточкæтæ-символтæм гæсгæ скæны ахуыры сахаты схемæ. Ахуыры сахаты алы хай дæр нысанонд цæуы карточкæ-символæй.

*59 ахуыр*

**Темæ: «Æгас цæуай, сæрд!»**

**Нысантæ:**

– Мелодийы змæлд графикон æгъдауæй æвдисыны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын; ахуыр кæнын сабиты зонгæ зарæг ритмикон нывмæ гæсгæ базонын; музыкæйы характер сбæрæг кæнын æмæ йæ змæлгæйæ равдисын зонын.

– Рæзын сæм кæнын ритм æнкъарыны арæхстдзинад.

– Æмбалдзинад куыд æнкъарой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Е. Тиличеева. «Лесенка».

Е. Таршина. «Летняя пора».

А. Бязь. «В День Победы».

Б. Савельев. «Разноцветная игра».

А. Наседкин. «Бездомная кукушка».

**Архайæн фæрæзтæ:** фланелеграфыл сабиты нымæцмæ гæсгæ карточкæтæ; гæххæтты уадздзæгтæ (сæ уæрх – алыхуызон).

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Равдис ритм». | Сабитæ дыууæ рæнхъæй кæрæдзийы фæдыл лæууынц. М. р. цавæрфæнды ритм æрхойы рæнхъы кæронæй лæууæг сабийы уæхскыл æмæ йын зæгъы, цæмæй уыцы ритмикон ныв йæ разæй лæууæг сабийы уæхскыл æрхойа æмæ а. д. (сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.) |
| Музыкалон-дидактикон хъазт «Базон ритммæ гæсгæ». | **М. р.** Сывæллæттæ, алы мелоди дæр арæзт æрцæуы мыртæй. Кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц? *(Сæ бæрзæндмæ гæсгæ, дæргъвæтинмæ гæсгæ.)* Ныртæккæ нæ зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм зонгæ зарæг «Пчела» æмæ зарæджы фыццаг фразæйы ритмикон ныв равæрдзыстæм. *(Сабитæ карточкæтæ æмæ гæххæтты уадздзæгты руаджы архайынц.)*<br>**М. р.** Ныр та йæ æмдзæгъдæй равдисæм.<br>*(М. р. фланелеграфыл равæры зонгæ зарæг «Кукушка»-йы ритмикон ныв. Сабитæ, уæнгтæ «ти» æмæ «та» дзургæйæ, архайынц зарæг базонын.)* |

| | |
|---|---|
| Зарын. Е. Тиличеева. «Лесенка». | Сабитæ зарынц æмæ, заргæйæ, къухты змæлдæй æвдисынц зæлты бæрзæнд. Сабитæй исчи фланелеграфыл графикон æгъдауæй фæбæрæг кæны зæлтæ. |
| Е. Таршина. «Летняя пора». | Дарддæр сабиты ахуыр кæнын афойнадыл райдайын зард, сыгъдæг интонацийæ зарын мелоди æмæ дзырдты мидæг хъæлæсон мыртæ раст дзурын. |
| А. Бязь. «В День Победы». | Сабитæ æнæ м. р. æххуысæй сæхæдæг музыкæмæ гæсгæ зарынц. М. р. сабиты хъус æрдары, цæмæй, зарæджы характер æвдисгæйæ, аив зарой. |
| Кафт. Б. Савельев. «Разноцветная игра». | Сабиты ахуыр кæнын музыкæмæ гæсгæ змæлдтытæ ивын, иумæ райдайын æмæ фæуын архайд. |
| Хъазт. А. Наседкин. «Бездомная кукушка». | Хъазт амонгæйæ сабиты ахуыр кæнын, музыкæйы характер куыд аивы, уымæ гæсгæ уæгъдибарæй змæлдтытæ аивын. |

М. р., хатдзæг кæнгæйæ, зæгъы сабитæн, цæмæй карточкæтæ-символтæм гæсгæ сбæрæг кæной абоны ахуыры архайды хуызтæ.

*60 ахуыр*

**Темæ: «Æгас цæуай, сæрд!»**
**Нысантæ:**

– Сабитæм рæзын кæнын алыхарактерон музыкæ æнкъарынад, ахуыр сæ кæнын фæлгонцы уавæр æмæ архайд сбæрæг кæнын (куыд змæлы, цы ми кæны), рог æмæ аив змæлд куыд кæной, афтæ.

– Рæзын сæм кæнын ритм æнкъарыны арæхстдзинæдтæ.
– Къордыы мидæг æмвæнд æмæ æмзонд куыд уой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** П. И. Чайковский. Балет «Спящая красавица»-йæ вальс.
Е. Тиличеева. «Лесенка».
Е. Таршина. «Летняя пора».
А. Абелян. «Про меня и муравья».

**Архайæн фæрæзтæ:** сабиты нымæцмæ гæсгæ карточкæтæ, зиллæччытæ – мырты символтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ. «Кæсаглас». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй, кæсаглас куыд цæуы, уый равдисой. Сабитæ, сæ къæхтæ бæрзонд исгæйæ, къахдзæфтæгæнгæ, цæуынц. Алы музыкалон фразæйы фæстæ дæр æрлæууынц, – «кæсаглас» улæфы. |
| Хъусын. Чайковскийы балет «Спящая красавица»-йæ вальс. | **М. р.** Сывæллæттæ, равг, зæрдæйы уаг цы у, уый зонут? Кæд вæййы æвзæр æмæ хорз зæрдæйы уаг? *(Сабиты дзуæппытæ.)* |
| Зарын. Е. Тиличеева. «Лесенка». | **М. р.** сабитæн райуары карточкæтæ æмæ зиллæччытæ æмæ зæгъы, цæмæй зарæг азарой æмæ заргæ зæлты змæлд графикон æгъдауæй равдисой. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. |
| Е. Таршина. «Летняя пора». | Сабиты дарддæр ахуыр кæнын ансамблæй зарын, хъуамæ иумæ, кæрæдзийы зардмæ хъусгæйæ, райдайой æмæ фæуой сæ зард. |

| | |
|---|---|
| А. Абелян. «Про меня и муравья». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зонгæ зарæг йæ музыкалон фразæмæ гæсгæ базоной. Сабитæ къордгæйттæй зарынц, кæрæдзийы зардæн аргъ кæнынц. |
| Хъазт.<br>А. Наседкин. «Бездомная кукушка». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй хъазты æгъдаумæ гæсгæ хъазой, йæ хъус дары, цæмæй се 'ппæт дæр «цъиуты» ролы ахъазой. |
| Кæфтытæ. | Слонаты Ю. «Æркъæрццытæ»;<br>Б. Савельев. «Разноцветная пора»;<br>Т. Богина. «Смени пару».<br>М. р.    т зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкалон скъуыддзæгтæм æмæ уыцы музыкæмæ гæсгæ цавæрфæнды кафты элемент дæр равдисой. Хæслæвæрд скæнæн ис къордгæйттæй дæр. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты бафæрсы, цы кæфтытæ равдыстой, уыдонмæ иумæйагæй цы ис, уымæй.

# Пълан-диагностикæ (хистæр къорд)

| Сабийы М. Н. Ф. Н. | Музыкалон рæзты сæйраг бæрæггæнæнтæ | Музыкæйы æмбæрст (музыкæйы адекватон æмбæрсты æмвæзад раиртасын) | | Зарын (зарыны арæхстдзинады æмвæзад сбæрæг кæнын) | | Музыкæ æмæ змæлд (музыкалон-ритм. арæхстдзинæдты æмвæзад раиртасын) | | Сабиты музыкалон сфæлдыстад | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | сырх 0 – бæрзонд æмвæзад; бур 0 – рæстæмбис æмвæзад; цъæх 0 – ныллæг æмвæзад | Музыкæмæ байхъусынмæ цымыдисдзинад, музыкæйы æмбæрсты алыхуызон эмоционалон хъæппæрис (лæмбынæгдзинад, фæлхат кæныны курдиат, æргом эмоционалон æвдисæнтæ). Раст, арф хъуыды музыкæйы характеры тыххæй, музыкалон фæлгонцы арф банкъард, сабийы зæрдæйы уаг музыкæмæ байхъусыны фæстæ, йæ хъуыдытæ фехъуыст музыкæйы тыххæй, эстетикон æгъдауæй йын куыд аргъ кæны. Музыкалон уацмысы (йæ хæйттæ, йæ райдайæн, йæ кæрон, йæ фразæтæ) формæ æмбары æви нæ. Музыкалон жанр иртасы æви нæ. | Индивидуалон ныхас сабиимæ. Дид. хъæзтытæ: «Музыкалон дукани», «Музыкалон лото», «Базон æмæ зæгъ», «Сыгъзæрин кулдуар», «Музыкалон чырын», «Темброн æмбæхстытæ» | Æнцондæр ын кæм у, уыцы диапазоны æрдзон хъæлæсæй, зæлты интонаци сыгъдæгæй æвдисгæйæ, зарын. Мелоди раст азарын, æнæ уадынгарзæй (музыкалон инструмент) зарын. Зарджытæ æмæ мелодитæ зæрдыл раст æви рæдыдтытимæ лæууынц, уый иртасын. | Дид. хъæзтытæ: «Гæды æмæ йæ лæппын», «Херы», «Айзæлд», «Кæдæм цæуы мелоди», «Фæнды мæ кæронмæ байхъусын». Индивидуалон ныхас сабиимæ: «Сыгъзæрин кулдуар», «Зарæджы сæргонд базон». Гармонион уыци-уыци. | Эмоционалон æгъдауæй равдисын ахаст архайды хуызмæ. Цæстахагадгæ æмæ ритмикон змæлд бæлвырд уавæрты: цæлхдымбылцыд (хоровод), кафт, хъазт. Музыкæйы æвзаг змæлдæй æвдисын. Кармæ гæсгæ фаг кафты змæлдтытæ зонын. Æнæ искæй æххуысæй иртасын музыкалон уацмысы хæйттæ æмæ фразæты ивд. | Индивидуалон ныхас. Дид. Хъæзтытæ: «Хъæрæй-сабырæй», «Армытъæпæнтæ», «Равдис раст», «Чи быцæу кæны?» | Лæвæрд жанры (лæвæрд текстмæ гæсгæ) хъæугæ интонаци ссарын. Уæгъдибар кафты импровизаци кæнынмæ арæхсын. Музыкæйы эмоционалон-фæлгонцадмæ гæсгæ змæлын, хъазты фæлгонц равдисынæн æнæ искæй æххуысæй оригиналон архæйдтыты фæрæз равза-рын. Хи тæлмæнтæ мимикæ æмæ пантомимæйы руаджы æвдисгæйæ импровизаци кæнынмæ арæхсын. | Полькæ кæнæ æндæр исты кафтæн змæлдтытæ равзарын. Фæлгонцы характер равдисынæн уадынгарз (музыкалон инструмент) равзарын. |

*Учебно-методическое издание*

**Гугкаева Людмила Казбековна**

**РАЗВИТИЕ МУЗЫКАЛЬНЫХ СПОСОБНОСТЕЙ**

СТАРШАЯ ГРУППА ДОУ
(5-6 ЛЕТ)

МЕТОДИЧЕСКОЕ ПОСОБИЕ
(КОНСПЕКТЫ ЗАНЯТИЙ)

Перевод *Т. К. Хохоевой*
Редактор *Е. М. Кочиева*
Компьютерная верстка *Б. А. Келехсаевой*

Сдано в набор 28.04.2012. Подписано в печать 20.05.2012.
Усл.п.л. 10,7. Бум. 65 гр.
Гарнитура шрифта “Times”.
Печать цифровая. Формат 60×84 $^{1}/_{16}$.
Тираж 30 экз.

Отпечатано с готовых диапозитивов в издательстве СОГПИ,
362003, г. Владикавказ, ул. К. Маркса, 36